**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI’ HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**A’JİNİYAZ ATINDAG’I NO’KİS MA’MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI**

***Qol jazba huqi’qi’nda***

**Utegenova Jamila**

# Milliy ruwxi’ylig’i’mi’zdi’ jetilistiriwdi’n’ tiykarg’i’ da’wirleri

5A111601 – Ruwxi’yli’q tiykarlari’

**Magistr**
**akademik da’rejesin ali’w ushi’n jazi’lg’an dissertaciya**

**limiy basshi’:** **akademik J. Bazarbaev**

**Kafedra basli’g’i’:** **A.Embergenov**

**No’kis – 2015**

**Milliy ruwxi’ylig’i’mi’zdi’ jetilistiriwdi’n’ tiykarg’i’ da’wirleri**

**Reje:**

Kirisiw

**I-bap. Ruwxi’yli’q tariyxi’y ha’diyse**

1. Adamzat ha’m ruwxi’yli’q

2. Milliy ruwxi’yli’g’imi’zdi’n’ da’slepki basqi’shlari’

a) Mifologiyali’q tu’sinikler da’slepki ruwxi’yat belgileri

b) Avesto kitabi’ da’slepki qala ruwxi’yati’ni’n’ qi’mbatli’ da’regi

v) Mazdakizm, moni’zm ideyalari’ndag’i’ ruwxi’yli’q

**II-bap. Tu’rki da’reklerdegi ruwxi’yli’q**

1. Eski tu’rkler ruwxi’yli’g’i’

2. Qayqawi’sti’n’ Qabusnama kitabi’nin’ shi’g’i’s ma’nawiyati’ndag’i worni’

3. Axmet Yugnakiy ha’m Yusup Xas Hajib shi’g’armalari’ndag’i’ ruwxi’yli’q

**III-bap. Islam ruwxi’yati ha’m woni’n’ a’hmiyeti**

1. Qurani’ Ka’rim ha’m insan ruwxi’yati’

2. Imam Buxariydin’ ha’disi shariflerge qosqan u’lesi - a’dep-ikramli’qti’n’ entsioklopediyasi’ si’pati’nda

3. Islamda tarihat ha’m ruwxi’yli’q

**IV-bap. Tu’rkistandag’i’ joqari’ ma’nawiyatli’qqa umti’li’w basqi’shlari’**

1. Xoja Axmed Yassawiy hikmetleri

2. Amir Temur ko’rsetken ruwxi’yli’q

3. Alisher Nawayi’da ba’rkamal a’wlad ideyasi’n ta’riyplew

4. Woyani’w ha’m jadidshilik da’wirindegi ma’nawiyat

Juwmaq

Paydalang’an a’debiyatlar

## Kirisiw

Belgili bir millet, ja’miyet ha’m ma’mleket ha’r bir rawajlani’w basqi’shlari’nda wo’z da’wirine muwapiq, sotsialli’q, siyasiy rawajlani’w faktorlari’na iye boli’w si’yaqli’ wo’zine say ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q ha’m a’deplilik ta’replerdin’ ha’mde printsiplerge iye boli’wi’, tariyxi’w za’ru’rlik yekenligin ko’rsetedi. Haqi’yqati’nda adamdi’ ha’m woni’n’ ja’miyetlik wo’mirin ma’nawiyatsi’z ko’z aldi’mi’zg’a keltirip bolmaydi’.

Sebebi, ja’miyettegi wo’zgeris ruwxi’yli’qqa ta’sir yetpey qoymaytug’i’nli’gi’ usi’ jumi’sta ko’rinedi.

Sonday-aq ma’nawiy wo’mirdin’ sotsialli’q rawajlani’wg’a baylani’sli’ ha’diyselerdin’ wo’tmishten keleshekke rawajlani’w bag’darlamalari’ndag’i’ tariyxi’wli’q ha’m zamanago’ylik ha’m jan’alani’wdin’ u’ziliksizligine baylani’sli’ ma’nawiyatti’n’ tikleniw ma’nis-mazmuni’n xarakterleydi.

Bul nizamli’li’q boyi’nsha tariyx bag’dari’nda bir rawajlani’w basqi’shtan ekinshi basqi’shqa wo’tkende ja’miyettegi basqa wo’zgerisler siyaqli’ ma’nawiyat tarawi’nda da wo’zgerisler payda boladi’. Bunda barli’q ma’nawiy wo’lshemler pu’tkilley janlani’p, jan’a da’wirdin’ sotsialli’q du’zilisi ha’m zaman talaplari’na say, jan’a ma’nawiy sistema qa’liplesiwi mu’mkin yekenligi haqqi’ndag’i’ ma’seleler bul jumi’sta toli’q sa’wlelengen.

A’lbette, bul ma’selede bizin’ a’yyemgi ha’m go’zzal diyarimiz O’zbekistanni’n’ tek shi’g’i’sta g’ana emes al, ja’ha’n tsivilizatsiyasi’ byesiklerinin’ biri bolg’anli’g’i’ woni’ xali’q arali’q ja’miyetshiliktin’ ta’n alg’anli’g’i’ maqtanishli’ ha’m quwani’shli’ waqiyalardi’n’ biri. Shi’ni’nda da bul bizin’ teberik topi’raqtan ne-ne ulli’ insanlar, ali’m-ulamalar, siyasatshi’ ha’m sa’rkardalar jetisip shi’qpadi’ deysiz. Wolar uli’wma insani’yat tsivilizatsiyasi’ ha’m ma’deniyati’ni’n’ aji’ralmas bo’legine aylani’p ketken du’n’yali’q ha’m diniy ilimlerge qansha u’les qospadi’. A’sirese, islam dini menen baylani’sli’ bilimlerdin’ tariyxta yen’ joqarg’i’ basqi’shqa ko’teriliwinde

ana jurti’mi’zda tuwi’li’p kamalg’a kelgen ulli’ dani’shpanlardi’n’ xi’zmetlerinin’ ten’i joq yekenligi bizge u’lken abi’ray ha’m ma’rtebe bag’ishladi’.

Mine, endi O’zbekstanda milliy ruwxi’yati’mizdi’ tiklew ha’m rawajlandi’ri’w ma’selesinde yertedegi usi’ alimlarimizdin’ miyraslari ten’i tayi joq ulli’ g’a’ziyne. Woni’n’ a’hmiyeti sonda wol bizin’ wo’zligimiz, bizin’ tariyxi’mi’z, bizin’ maqtani’shi’mi’z, wol bizin’ yerteden-aq hesh kimnen kem bolmag’ani’mi’zdi, ba’lki du’n’ya tsivilizatsiyasi’ni’n’ woshaqlari’ni’n’ biri retinde bahasi’ bizin’ artiqmashi’li’g’i’mi’z bolg’an. Du’n’ya ma’deniyati’na ta’kirarlanbas u’les qosqan, woni’ du’n’yag’a tani’tqan ulamalardi’n’ xi’zmetleri ten’siz.

Bizin’ babalari’mi’zdi’n’ kisilik da’wirinen baslap-aq woy-o’risi ha’m aqi’li’ menen jaratqan ma’nawiy miyraslari’ Prezidentimiz I.A.Karimov ko’rsetkenindey «Ata-babalari’mi’zdi’n’ aqi’l-oy ha’m danalig’i menen jaratilg’an filosofiyasi’ ha’m basqa tarawlarga’ tiyisli qi’mbat baha shi’g’armalari’ bizin’ biyik ruwxi’y miyrasi’mi’z boli’p yesaplanadi’».

Demek, insanni’n’ aqi’li’ menen jarati’lg’an keleshek a’wladti’ iygilikli rawajlani’w joli’na jeteleytug’i’n kisilerdin’ du’n’yag’a ko’z-qarasi’ wo’siwine, a’lemdi biliw haqqi’ndag’i’ pikirleri yag’ni’y filosofiyali’q miyraslari bizin’ ma’nawiyati’mi’zg’a ku’sh-quwat beredi.

Mine usi’ ko’z-qarastan shi’g’i’p dissertaciya temasi’n yag’ni’y milliy ruwxi’yati’mi’zdi’n’ jetilisiwindegi tiykarg’i’ basqi’shlari’ temasi’ni’n’ ma’nis-mazmuni’ to’mendegilerden ibarat.

**Temanin’ aktuallig’i’.** Hu’rmetli Prezidentimiz I.A.Karimov wo’zinin’ «Joqari’ ma’nawiyat-jen’ilmes ku’sh» degen miynetinde «Biz milliy Ma’nawiyatti’ ha’r ta’repleme rawajlandi’ri’wdi’n’ ma’selesin wo’z aldi’na tiykarg’i’ wazi’ypa qoyar yekenbiz, bu’gingi ku’ni ma’nawiyati’mi’zdi’ qa’liplestiretug’i’n ha’m wog’an ta’sir etetug’i’n bizin’ faktor ha’m

wo’lshemlerdi teren’ tallap, wolardi’n’ bul boyi’nsha qanday wori’n tuti’wi’n jaqsi’ an’lap ali’wi’mi’z maqsetke muwapi’q boladi’»[1] degen edi.

Demek ha’r bir da’wirde ruwxi’yli’q ja’miyetimizdin’ yen’ a’hmiyetli tarawlari’ni’n’ biri retinde milliy g’a’rezsizligimizdin’ mazmuni tarawlari’ni’n’ ha’m a’hmiyetin bayi’ti’p bari’w bag’dari’nda bizin’ milliy tariyxi’mi’zdin’ alti’n g’a’ziynesinin’ biri bolg’an milliy ruwxi’yli’g’i’mizdin’ payda boli’wi’ ha’m woni’n’ saqlani’wi’, jetilisip, jan’alani’p bari’wi’na arnalg’an milliy ruwxi’yli’g’i’mizdin’ jetilisiwinin’ basqi’shlari’n u’yreniw ju’da’ aktual ma’sele boli’p yesaplanadi’.

Bul istin’ a’hmiyeti sonda G’a’rezsizlik da’wirinin’ wo’z wo’tmishimizdi, wo’z ma’deniyatimizdi qali’s bilip ali’w, soni’n’ tiykari’nda du’n’ya ha’mja’miyeti aldi’ndag’i wo’zligimizdin’, kim bolg’ani’mi’zdi’ ko’rsetiw da’wiri boli’p yesaplanadi’. Bul jumi’sta xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y tiykarlari’ni’n’ teren’ligin wolardi’ saqlaw ha’m jan’a mazmun menen suwg’ari’p joqari’ ma’nawiyat printsiplerine ta’rbiyalaw ma’selesi qoyi’li’p woni’n’ ta’rbiyalani’w qa’wmetinin’ tiyimli ta’sirin ko’rsetedi.

Bul jumi’sti’n’ aktualli’g’n I.A.Karimovti’n’ mi’naday duwali’ so’zinen tag’i bir ret da’lillenedi. Wol wo’zinin’ «Joqari’ ma’nawiyat-jen’ilmes ku’sh» atli’ miynetinde «Ruwxi’yli’q insanni’n’ qan-qani’na, su’yek-su’yegine ji’llar dawami’nda anna su’ti, shan’araq ta’rbiyasi, ata-babalar na’siyati, Watan tuyg’i’si’, bul turmi’stin’ bazi’da ashshi’, bazi’da quwani’shli’ sabaqlari’ menen qatlam-qatlam boli’p sin’ip baradi’. A’sirese, ta’biyatinda adamlarg’a jaqi’nli’q, ba’rqulla jaqsi’li’qti woylap jasaw, hadal miynet yetiw, du’n’yanin’ ten’siz inam ha’m go’zzalliqlari’nan azi’q ha’m ruwxi’yli’qqa azi’q beredi woni’ ja’nede ku’sheytiredi»[1].

Usi’ maqsetli wazi’ypalar bul jumi’sta ha’rta’repleme sa’wlelendirilgen ha’m prezidentimiz I.A.Karimovti «Xali’qtin’ ma’deniy qa’diriyatlari’ ushi’n qu’diretli ma’nawiy miyrasi’ mi’n’ ji’llar dawami’nda shi’g’i’s xali’qlari’ ushi’n

---

[1] I.A.Karimov «Joqari ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh». T., «Ma`nawiyat» 2008j 12-bet.
[1] I.A.Karimov «Joqari ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh». T., «Ma`nawiyat» 2008j 3-bet.

qu'diretli ma'nawiyat da'regi boli'p xi'zmet etken qatti' ideologiyali'q qi'si'mg'a qaramay, O'zbekistan xalqi'ni'n' a'wladtan-a'wladqa wo'tip kelgen wo'z tariyxi'w ha'm ma'deniy qa'diriyatlari'n ha'mde wo'zine ta'n da'stu'rlerin saqlap keliwi bolg'an»[1] degen pikiri tiykari'nan diyari'mi'zdag'i' haqi'qi'y tariyx, ma'nawiyat da'reklerdi ha'm woyshi'llardin' bay miyrasi'n ilimiy izertlew hu'kimetimiz ta'repinen a'melge asi'rili'p ati'rg'an ma'mleketlik siyasatti'n' a'melge asi'wi'na azg'ana bolsa da u'les qosi'w jumi'sti' aktualli'g'i'n quraydi'.

**Izertlewdin' maqseti.** Dissertaciya jumi'si'mi'zda milliy manawiyati'mi'zdi'n' basqi'shlari'n izertley woti'ra bizin' wo'tkendegi bay ruwxi'y miyrasi'mizg'a ilimiy ta'rbiyag'a na'zer taslaw.

Milliy miyraslari'mi'zdi'n' payda boli'w ha'm wo'zgertiw basqi'shlari'nda ha'r tu'rli da'wirlerde ja'miyetlik sanani'n' wo'zgeriwi menen ma'nawiy ko'z-qaraslardi'n' rawajlani'wi'ni'n' tiykari'.

Milliy miyraslardin' ha'r qanday sotsialli'q-siyasiy qatag'anliqlarg'a ushi'rawi'na qaramastan bizin' da'wirimizge jetkeriw ma'rtligin ko'rsetiw.

Bul miyraslardi'n' welimizde ba'rkamal insandi' ta'rbiyalawdag'i a'hmiyetin ja'riyalaw.

**Izertlewdin' wazi'ypasi.** Milliy ruwxi'yli'g'i' mizdin' da'slepki bu'rtikleri bolg'an mifologiyyali'q tu'siniklerdi izertlew

Soni'n' menen birge «Avesto» kitabi' ha'm Mazdakizm, Moni'zmdegi ruwxi'yli'q tamirlardi izertlew

Milliy ruwxi'yli'g'i'mi'zdi'n' tiykarg'i' basqi'shi' bolg'an tu'rk da'reklerindegi ruwxi'yatti' soni'n' ishinde tu'rk makfurasi ha'm wol da'wirdegi du'n'yag'a belgili ruwxi'yat marjanlari'n u'yreniw

Milliy ruwxi'yati'mi'zdi'n' tiykarg'i' da'regi bolg'an islam ruwxi'yati' wondag'i' Qurani' ka'rim, Ha'disler ha'm shariatlardi'n' ruwxi'y a'hmiyetin izertlew.

---

[1] I.A.Karimov «Joqari ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh». T., «Ma`nawiyat» 2008j 3-bet.

Tu’rkistan zaminindegi Joqari’ ruwxi’yli’qqa umti’li’w ha’m wornati’w basqi’shlari’ wondag’i’ Xoja Axmed Yassawiy, Amir Temur, Alisher Nawayi’ siyaqli’ ulli’ tulg’alardin’ miyraslarin izertlew ha’m wolardi bahalaw.

Woyaniw da’wirindegi jadidlerdin’ joqari’ ma’nawiyatli’qqa qaratilg’an xi’zmetlerin u’yreniw.

**Mashqalani’n’ u’yreniw da’rejesi.** Bul ma’sele boyi’nsha ilimiy tiykarlardi’n’ da’lillewler O’zbekistan ilimpazlari’ni’n’ miynetlerinde, sonday-aq tiykarg’i’ da’rekleri bolg’an «Avesto», «Tu’rk makfurasi», «Qutadg’u bilik», «Qabusnama», «Qurani’ ka’rim», «Ahlaq du’rdanalari’» shariat ha’m tag’i basqada bir neshe da’reklerdi izertlep jumi’sta paydalang’an.

**Izertlew ob’ekti.** Mifologiyali’q tu’siniklerden ha’m da’slepki inanimlardan baslap diniy yag’niy Zarostrizm, Mazdakizm, Moni’zm, islam ideyalari ja’ne du’n’yaliq a’debiyatlar boli’p yesaplanadi’.

**Izertlew predmeti:** Milliy ma’nawiyati’mi’zdi’n’ tariyxi’w basqi’shlari’.

**Jumi’sti’b’ metodologiyaliq ha’m teoriyali’q tiykarlari.** O’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti I.A.Karimovti’n’ Joqari’ Ma’nawiyatti’ qa’liplestiriw ha’m milliy qa’diriyatlardi tiklew boyi’nsha ilimiy ko’rsetpeleri, teoriyali’q da’lilleri. Ruwxi’yli’qti’n’ xalqi’mi’zdi’n’ rawajlani’wi’ndag’i’ izbe-izligin ko’rsetetug’in tariyxi izertlewlerde.

**Jumi’sti’b’ ilimiy jan’alig’i.** Milliy ruwxi’yli’g’i’mi’zdi’n’ qa’liplesiw ha’m jetilisiw ma’selesindegi ko’p sanli’ a’debiyat ha’m praktikali’q materiallar ishinen jetilisiw basqi’shlari’n izbe-iz sistemali tu’rde izertlep, woni’n’ qa’liplestiriw jollari’n da’lillew.

**Jumi’sti’b’ teoriyali’q ha’m praktikali’q a’hmiyeti** sonda bul dissertaciya woqi’w wori’nlarii’nda «Ruwxi’yli’q tiykarlari ha’m dintani’w» pa’nin woqiti’wdi’ ha’m massa arasi’nda u’git-na’siyatlaw islerinde qolayli’ ha’m sapali’ material xi’zmetin atqari’wi’ mu’mkin.

**Jumi’sti’n’ du’zilisi.** Jumis kirisiw, to’rt bap, juwmaqlaw ha’m paydalang’an a’debiyatlardan turadi’.

# I-bap. Ruwxi’yli’q tariyxi’w ha’diyse

## I.1. Adamzat ha’m ruwxi’yli’q

Ja’miyet rawaji’na barg’an sayi’n ruwxi’yli’qqa itibardi’ ku’sheytiriw iqti’yaji’ tuwi’ladi’. Sebebi, birde-bir ma’mleket yaki ja’miyet ruwxi’y ag’arti’wshi’li’q imkaniyatlardi’ rawajlandi’rmay, ha’mde bekkemlemey turi’p, wo’z keleshegin woylay almaydi’. Belgili bolg’ani’nday ma’mleketimizde a’sirler dawami’nda ata-babalari’mi’z jaratqan milliy, diniy, ma’deniy qa’diriyatlari’mi’zdi’ ja’nede rawajlandi’ri’w ushi’n jan’a sharayat ha’m imkaniyatlar payda boldi’. Bul qa’diriyatlar sonday qa’diryatlar boli’p, wwonnan keleshekte de mi’n’-mi’n’lap a’wladlar azi’q aladi’. Sebebi, bul qa’diriyatlar turmi’s la’rzeleri ha’m shi’g’i’ri’qlari’nan wo’tip insanlar turmi’si’nan bekkem wori’n alg’an. Wolar a’lemde ten’i joq qa’diriyatlar. Wolar ja’miyet turmi’si’n a’dep-ikramli’q ta’repten belgilewge qa’dir qa’diriyatlar. O’zbek ha’m qaraqalpaq xalqi’ bolsa bul qa’diriyatlardin’ da’regi si’pati’nda tu’rli ja’miyetler rawajlani’wi dawami’nda qa’liplesti. Wo’zligin tani’di’, basqa xali’qlarg’a u’lgi bolatug’i’n da’rejede joqari’ladi’. Ja’miyet rawajlani’wi’ insanlardi’n’ aqi’li’, a’debi, hadal miyneti ma’mleket baylig’i tiykari’nda alg’a qarap baradi’. Demek, a’dep-ikramli’q normalarin rawajlandi’rmay ma’mleket rawajlani’win joqari’lati’w qi’yi’n ma’sele. Ma’mleketimiz xalqi’mi’zdi’n’ joqari’ ruwxi’yli’q, a’dalatparwarli’q, marifatparwarli’q siyaqli’ pa’ziyletleri shi’g’i’stin’ ruwxi’y qa’diriyatlari’ menen ayi’ri’qsha rawajlandi’.

Ruwxi’y qa’diriyatlar qurami’nda a’dep-ikramli’q wo’lshemleri ta’rbiyani’n’ negizin quraydi’. Ta’rbiyaliq protsessiz ja’miyet rawajlana almaydi’. Ta’rbiya bolsa, a’dep-ikramli’q pa’ziyletlerdi sin’diriwden baslanadi’.

Ka’millik wo’z-wo’zinen payda bolmay, ba’lki insan jasag’an ja’miyetke, wortal’qqa baylani’sli’, ja’miyet wortaliq bolsa, insanlar, qatnasinan ibarat.

Joqari’ ma’nawiyat ta’rbiyasina itibarsi’z qarag’an ja’miyet ekonomikaliq, siyasiy, ma’deniy, texnikaliq jen’islerge yerise almaydi’, kerisinshe kriziske ushiraydi’. Ja’miyettegi barli’q jen’is ha’m kemshilikler insanni’n’ ruwxi’y kamalatina bari’p taqaladi’. Ruwxi’y kamalatqa yerisilmegen ja’miyette

qanshelli materialli'q bayli'qlar ko'p bolsmasi'n ba'ribir wol ja'miyet joqari' ko'terile almaydi' keleshegi jarqi'n bola almaydi' sol sebepli de ja'miyet keleshegin ta'miynlew ushi'n a'deplilik ta'rbiyasi'n teren'lestiriw talap yetiledi. Xalqi' ruwxi'y jaqtan jarli' bolg'an ma'mleket ta'biyiy bayli'qlari', materialliq bayli'qlari' yesapsiz bolsa da hesh qashan abi'ray-itibarg'a ilayi'q ulli' ma'mleket bola almaydi'. Sol sebepten ha'rbir ja'miyet a'weli wo'zide shaxslard'i'n' joqari' ma'nawiyatli' boli'wi' ushi'n qayg'iriw, wolarg'a sol sezimge iye boli'w ushi'n sha'rt sharayat jaratiw ta'biyiy halg'a aylani'w kerek.

Ma'nawiyatti' qa'dirlew ha'r bir insanni'n' joqari' wazi'ypasi sanaladi'. Sebebi, wwonda insang'a ha'm insani'yat ta'g'dirine keri ta'sir yetetug'in belgisiz jag'daylardin' wo'zi joq. Demek, bul miyrastan keshpeslik bizin' wazi'ypami'z. Woni' bayi'tiw turmi'sta qollani'w pari'z ha'm qari'z. Ata-babalari'mi'z jaratqan biybaha ma'nawiy protsessllerge a'mel yetilse insanlar wortasi'ndag'i mehir-muhabbat insani'yli'q sezimleri artadi', el jurt ma'mleket, ja'miyette turaq li'li'q boladi', ku'nshillik joq boli'p ha'wes artadi'. Bul protsesslerdi yesapqa alg'an halda ma'nawiy qa'siyetlerdi teren'lestiriwge ha'reket yetken barli'q ali'mlardi'n' tuwi'li'wi'n belgilew, wolarg'a hu'rmet ko'rsetiw, atlari'n ma'n'gilestiriw jaqsi da'stu'rge aylandi. Bul bolsa ma'nawiy ta'rbiyani wo'z worni'na qoyi'wdin' bir qurali'. Prezidentimiz I.A.Karimov aytqani'nday «U'lkenlerdi hu'rmet etiw shan'araq ha'm perzentler haqqi'ndag'i' g'amxorli'q yetiw, ashi'q kewillilik, milletinen qa'tti'y na'zer adamlarga qayi'r menen qatnasta boladi'. Wo'zgeler ku'lpetine ha'mda'rt boli'w ha'm wo'z-ara ja'rdem tuyg'i'si' adamlar wortasi'ndag'i' qatnaslardi'n' normasi' yesaplanadi'». Wo'z watanina mehir-muhabbat, miynet su'ygishlik, bilimine, ustazlarg'a, ag'artiwshi'larg'a hu'rmet ko'rsetiw xalqi'mi'zg'a ta'n pa'ziylet.

Ma'nawiy miyras xalqi'mi'zdi'n' ko'p a'sirler dawami'nda toplag'an biybaha g'a'ziynesi. Wol ju'da' ko'p qirli. Wwonda milliy ha'm uli'wma insani'y qa'diriyatlar wo'z ko'rinisin tapqan. Sol sebepten biz wolardan wo'z worni' nda tuwri' paydalani'w za'ru'r.

Ja’miyet rawajlani’w i sonni ko’rsetedi wolardi’n’ barlig’inda da adamlar wortasi’ndag’i’ a’deplilik qatnaslar siyasiy, yekonomikaliq, huqi’qi’y wo’lshemler ta’sirinde rawajlang’an. Biraq, bul joqari’ ma’nawiy protsesslerden uzaqlassa da rawajlani’w mu’mkin degeni yemes. Bizin’ xalqi’mi’z rawajlani’wi’nda insani’y qatnaslardi’ bekkemlewde tiykari’nan ma’nawiy tarawlar belgili wori’n iyeleydi. Wol yaki bul tarawda jag’i’msi’z islerdi a’melge asi’ri’wlarda a’deplilikk ta’repler menen ta’rbiyalag’an. Sol sebepli ja’miyet turmi’sindag’i qatnaslar ma’lim a’dep-ikramli’q u’rp-a’det ha’m qa’diriyatlardi’ wo’zine sin’dirgen ha’r bir insan ja’miyetti de umitpaydi. Ja’miyet ushi’n qayg’i’radi’. A’depli shaxs wo’zinnin’ mu’na’sip ha’reketleri menen basqa shaxslardi wo’z izinen bari’wg’a jeteleydi.

Ruwxi’y nizam ha’m qag’iydalar ken’ qi’rli’. Wolar insan turmi’s ta’rizinin’ barli’q ta’replerin qamirap alg’an. Insan a’tirapi’ndag’i’ wortali’g’i’n payda etiwde, insanni’n’ joqari’ ma’nawiyati’ni’n’ qaliplesiwinde sotsialli’q wortalig’in payda yetiw ha’m wo’zgertiriwde ruwxi’yli’g’i’n asi’rawda turmi’sta wo’z worni’n tabiwda, mashqalalardi’ sheshiwde, insan turmi’sin u’yreniw ha’m basqalarda a’dep payda boladi’.

Qaysi’ ja’miyette a’depli isler jolg’a qoyi’lsa, wol ja’miyettin’ abroyi joqari’, ahwali’ jaqsi’. Eger ja’miyette ha’tteki bir adam a’depsiz bolsa, yag’niy wo’tirikshi, ma’kkar, jalatay, satqi’n, ata biyzar, yene biyzar bolsa, wol adamni’n’ bul qa’siyetleri ja’miytke tarqap, ja’miyetke u’lken ziyanin tiygizedi.

A’depsiz tuwri’ joldan adasqan adamda jaqsi’li’qqa umti’li’w ha’wesi so’nip, jamanli’qti’n’ batpag’i’na bati’w mu’mkinshiligi an’satlasadi’.

Al, qatardag’i’ a’piwayi’ kisinin’ jaqsi’ adam boli’wi’nin’ joli’ a’dep-ikramli’li’qti’n’ filosofiyasin wo’z boyi’na sin’iriw.

Sebebi, ha’r bir adamni’n’ ha’r qanday isi, yag’niy ha’reketi a’dep-ikramli’qti’n’ wo’lshemi menen ani’qlani’p, a’deplilik ha’m a’depsizlik a’hmiyetine iye boladi’ ha’m usi’ qiliq-qilwalar wo’z na’wbetinde ja’miyetlik turmi’sqa wo’zinin’ ta’sirin tiygizedi. Sonli’qtanda Kabusnamada «Patsha ushi’nen’ jaman is xali’qtin’ a’depsizligidur» delingen.

A’depli kisiler arasi’nda miyirbanlilari ko’p boladi’, el-jurt abadanliqta, tinishliqta, dosliqta ha’m birlikte jasaydi. Belgili ingliz alimi Disson Lobbok: «A’depliliktin’ ja’rdeminde ha’tteki, ku’sh penen ali’w mu’mkin bolmag’an jen’iskede yerisiw mu’mkin bolmag’an jen’iske de yerisiw mu’mkin» - degen edi.

Adam suliw, aqi’lli’, ku’shli, sin-simbatli’ boli’wi’ mu’mkin, biraq wwonda a’deplilik bolmasa, wol pa’s adam. Wol wo’zinin’ hayran qalarliq jen’isleri menen qanday da’rejege erisse de, ba’ri bir wol da’rejede wog’an sonday pa’slik boli’p yesaplanadi’.

Bug’an misal: Napoleonni’n’ tan’ qalarliq ku’shi bola turi’p, adam si’pati’nda ulli’liqqa iye bolmag’ani’ tuwrali’ jazi’wshi’ Stefan Tsveyt (1881-1942 j) mi’naday bir qiziqli mag’liwmat keltiredi.

Bir ku’ni Napoleon barli’q saray adamlari’ni’n’ aldi’nda Tolerang’a qa’ha’ri kelip; «Urisan’, ant buzarsan’, aqsha dese tuwg’an a’ken’di de satip jiberetug’in jalataysan’» dep uri’si’pti’. Al imperator sarayi’ndag’i’ aqi’lli’ ha’m hiyleker kisilerdin’ biri bolg’an Frantsiyanin’ birinshi diplomati Toleran bolsa bul waqi’tta selt yetpesten wo’zine ayti’li’p ati’rg’an so’zlerdi esitpegensinip ustamli’li’q penen tura beripti. Napoleon ursi’p-ursi’p ting’annan son, Toleran sol tu’rinde la’m-lim dep awzi’n ashpastan si’rtqa qaray aqsan’lap ju’re beripti de, yesikten shig’a bergende g’ana tu’singen adamg’a Napoleonnin’ aytqan barli’q so’zlerinende awi’r so’zdi ayti’pti’: «Usi’nday ulli’ adamni’n’ sonshama jaman ta’rbiyalang’ani wo’kinishli» dep shekpenin kiyip saraydan shi’g’i’p ketipti.

Sonli’qtanda wo’zinin’ wo’mir joli’nda «Tolim shaypalmasin» degen adam tek bir kerek na’rseni ha’m sol haqi’yqatli’qti’ wo’zinin’ kewline bekkem wornati’p ali’wi’ tiyis. Wol haqi’yqatli’q minez qulq, wonnan shig’atug’in a’deplilik.

Demek, ruwxi’yli’qti’n’ sotsialli’q roli joqari’. Sebebi woni’n’ hasi’l qag’i’ydalari’n ko’zge ilmegen ja’miyet wo’zin so’zsiz kriziske duwshar yetedi. Sebebi Ruwxi’yli’q qag’i’ydalari’ adamni’n’ intizamli’li’g’i’n qa’liplestirip,

adami'yli'g'i'n jetilistirip, baxi'tli'li'g'i'na yeristirip ja'miyetke mehribanli'q nurin shashi'w xi'zmetin atqaradi'.

O'zbekistan wo'z g'arezsizligin alg'annan keyin Hu'rmetli Prezidentimiz I.A.Karimovti'n' tikkeley basshi'li'g'i'nda ma'nawiyatimizdi jaqsi'law, joqari'lig'i'mi'zdi' soni'n' ishinde barli'q di'qqatti' a'deplilik ta'rbiyasi'na qaray bag'darlawi', adamdi yen' joqari' bahalalaq dep bahalawda a'depliliktin' worni' girewli.

Soni'n' menen qatar a'deplilik ha'r kimnin' yel arasi'nda hu'rmetke iye boli'p, di'qqatqa miyassar boli'w ma'pinin' basli' sebebi. Soni'n' menen qatar akademik A.A.Bogomolets aytqani'nday «Uzaq wo'mir su'riwdin' basli' faktorlarinin' biri a'deplilik ha'm adamlar menen duri's qatnas jasay biliw». Bul du'n'yada ha'mme baxi't izleydi. Woni' tabi'wdi'n' bir tuwri' joli' ha'm bir duri's usi'li bar. Wol adamni'n' wo'zinin' u'stinen wo'zin qadag'alawi'. Wo'zinin' qi'li'q-qi'lwalari'n a'dep-ikramli'qti'n' normalari' menen sali'sti'ri'p, tekserip, bahalap woti'ri'wi'. Bul ma'selede joqari' ruwxi'yli'qti'n' ta'siri u'lken yekenligi so'zsiz.

## I. 2. Milliy ruwxi’yli’g’i’mi’zdi’n’ da’slepki basqi’shlari’

### a) Mifologiyali’q tu’sinikler da’slepki ruwxi’yat belgileri

Filosofiyani’n’ hasli yamasa baslamasi’ geyde mifologiyali’q bo’rtiklerdin’ ishinde jasi’ri’nadi’. Sonli’qtan woni’ «Filosofiyani’n’ aldi’», «birinshi metoifizika» dep atag’an. Aristoteldin’ ayti’wi’nsha miflerdi su’yetug’in ha’m shi’g’aratug’i’n Adam belgili bir da’rejede filosof. Sebebi danali’q sebeplerdi analizlewden turadi’, al mifler ta’biyat qubi’li’slari’ni’n’ sebebin tu’sindiredi. III-VI a’sirlerde neopolotnikler mifler filosofiyasi’ qanday shi’nli’qti’  aytsa miflerde sonday. Zevs qudayi’ yen’ birinshi baslama Afina – danali’q h.t.b.

Batis Evropadag’i patshalar (buri’ng’i’ ) yertedegi grek filosoflari Mifke bolg’an ko’z qaraslari wo’zlestirip woni’ tariyxi’w iskerlerdi qudaylasti’ri’w dep yesaplaydi’. (Mi’sali’ Zevs quday yemes, qudaylasti’ri’lg’an patsha). Ta’biyat qubi’li’slari’n qudaylasti’ri’w (Zevstin’ Gera menen tartisi ji’lli’li’q ha’m suwi’qli’qti’n’ gu’resi) yamasa tu’siniklerdi abstraktilew (Zevs Kronostin’ balasi’ yemes taza aqi’ldi’n’ balasi’) Bir ilimpazlar  Mifte yertekke aylang’an tariyxti’, ko’rse yekinshisi tariyxqa aylang’an yertekti ko’rdi.

Mif sebeplilikti tu’sindiriw funktsiyasina iye. Sebebi adam wol qalay payda boldi’ degen sorawdi’ qoyi’wg’a ti’ri’sadi’. Mif sonnan payda boladi’. Wol qalay degen sorawdi’ ha’mmemizde qoyamizg’oy. Mif ne sebep, qalay boldi’ degen sorawlardag’i’ juwap beriwshi a’n’gime.

Demek mif adamni’n’ sanasinda qubi’li’slar arasi’ndag’i’ sebepli baylani’sti’ birinshi ko’rsetken.

Mifti do’retiwshi ha’r qi’yli’ ta’biyat ha’m ja’miyettegi zatlardi ha’m qubi’li’slardi’ qi’yaslari’n ha’m wolardi’n’ wo’zgeriwlerinen juwap izleydi.

Usi’manlarda quday yen’ da’slep Muhammeddin’ nuri’n aq-gawhar jumi’trqadan  do’retilgen aq tawis tu’rinde taratqan Tawi’s 2000 shaqasi’ bar daraqqa wotirg’izildi, bolajaq adamlardin’ jani tawisqa qaradi ha’m qustin’ denesinin’ qanday bo’legin ko’re qalsa, jerdegi wakilligin yag’niy Kim basin

ko’rse  wol basqariwshi, Kim ayag’in ko’rse xi’zmetker ma’rtebesin aldi delingen.

U’sh dun’ya haqqinda adamlardin’ pikirleri yesaptin’ u’shlik sistemasi yag’niy u’shke deyingi sanaw menen baylani’sli’. Geypara qa’wimlerde XIX a’sirde bir, eki, u’sh degen san g’ana bolg’an. (Geyparalarinda 10 g’a deyin). U’sh sani ko’plikti bildirgen ha’m ilahiy bolg’an. Woni’n’ qaldig’i qarg’is, zagovorlarg’a, duwalaw ku’shin beriw ushi’nu’sh ret qaytalag’an. Vavilwonda aspan qudayi’ – Abu, jer qudayi’ – Mardak, jer asti qudayi Ea. Daosizmda u’sh iyelewshi aspan qudayi, jer qudayi, suwqudayi. Indiyada Braxma-jariq, Vishnu-hawa, Shiva-ot. Keyin Brama- uzliksiz ha’reket, Vishnu-do’retiwshi, Shiva-buziwshi qudaylar bolg’an.

Ras-Shamra degen fimikiy tekstinde muhaddes neke aytilip wonda aspan kung’iw al jer qalin’li’q retinde sa’wlelengen. Bibliyada ha’m Quranda da’slepki jer menen  aspanni’n’ qosilg’ani haqqinda isenimnin’ qaldiqlari ushrasadi’. Quranda ka’pirler aspan ha’m jerdin’ qosi’li’p turg’anin, keyin bizler wolardi’ bo’li’payirg’animizdi ne ushi’n bilmedi. (XXI,qa’) delingen.

Indiyanin’ Upaniyadinda dun’ya adamg’a uqsag’an. Da’slep bul dun’ya Adam obrazindag’i Atmanda bolg’an. Wol wo’zin yekige bo’ldi yag’niy yerkekke ha’m hayalg’a. Wol ha’mme na’rseni tuwdiradi. Yertedegi Qi’tay miflerinde Chjun-u ulli’ Chjun ha’m Qara Li aspandag’i’ jerden bo’ldi delinedi. Islam dinindegi adam atanin’ payda boli’wi’ woni’n’ qabi’rg’asi’nan  hawa yenenin’ payda boli’wi’da usi’ si’yaqli’ mifler.

Adamzatti’n’ progressi magiya menen yemes al woni’ jen’ip ali’w menen baylani’sli’ boldi. Birinshi grek filosoflari materialistler kelbetsiz magiyaliq ku’shke isenimdi biykarlaydi. Zarurlik tu’sinikti woylap tapti.

Leykin hesh na’rse sebepsiz payda bolmaydi’ deydi. Geypara yertedegi woyshillardi ilimiy bilimler jetispegennen sueveriyalerge (irimlarg’a) tiykar berdi.

Ellada da magiya ha’m ilimnin’ arasi’nda turg’an filosoflarda boldi’.

Empedoks wo’zinde filosofti, vrachti, koldundi astronomdi astrologti, ilimpazdi ha’m sueverdi ko’rsetti. Wol rimnin’ yeki ju’zli Yakus qudayin yeske tu’siredi. Yakkusti bir beti u’zliksiz alg’a ilimnin’ payda boli’wi’na qaratilsa yekinshi beti yertedegi grek miflerine qaratildi. Empedokl shayir, orator, siyasiy isker, demokratiyani jaqlawshi’ edi. Wol ji’ltirg’ana kiyimde, basti del’fiylik venokta, mis sandalda ju’rip barli’q awi’ri’wdi’ jazi’w uqi’bi’na, dauldin’ (uragannin’) qi’yamet ashiwin qaytaraman, jemis zu’ra’a’tin jetkeremen. Aydada wo’lgenlerdin’ jani’n shaqi’raman dep jariyaladi’. Wol dinnin’ quday yekenligin da’lillew ushi’n Etna bul kamanin’ kraterine sekirip tu’sti, vulkan woni’ juti’p jiberdi tis bashmaqi’ni’n’ birewin keyin zi’n’g’i’tti’.

Pifagordin’ san haqqinda tahliymatti ta’biyattin’ sanli’q nizamlig’i haqqinda ma’seleni qoyiwg’a talpiniw boldi. Lekin wol sanlar magiyasi menen aralasti. Geyde sanlardi wo’zinshe jasiratug’in ma’nis, tiri maqliq retinde ko’rinedi.

Pifagor barli’q zatlardin’ tiykari’ ha’m baslamasi dep jariyaladi’ «Ha’mmesi sanda», «San dun’yani basqaradi£. Bul tu’sinik sawdanin’ rawajlani’w inin’ ta’sirinen yesaptin’ ha’m ta’rezide wo’lshewdin’ a’hmiyetin shaqsa kerek wol barli’q sanlardi birden wong’a deyin won qudaylar arasina, aspandag’i won aymaq ha’m won planeteg’a berdi. San erkekke (chetnie won sanlarg’a) hayalg’a (taq yemes ne chetnie) boli’p wolarg’a magiyaliq a’hmiyet berdi. Muhaddes birew wol barli’q qudeshlardin’ anasi, uliwma birinshi baslang’ish barli’q ta’biyattin qubilislarinin’ tiykari’.

Yekew bul ta’biyatti’n’ qarama-qarsi’li’q ha’m biykarlawdin’ printsipi. Ushew birinshi baslang’an u’shlik birligi. Adam denesinle san menen belgilengen, birew- miy, ekew-ju’rek, u’shew-gindik h.t.b.

A’iyemgi adamlarda materialliq penen materialliq yemestin’ arasi’nda ayirmashiliq bolmadi’. Denenin’ ha’m jandi qarsi qoyiwda bolmadi’. Ko’p waqitlarg’a deyin zatlardi janli jansi’z depte bo’lmedi. Joqari’da adamlardin’ denesinde denesi bar kishirek, woni’n’ kishkene kopiyasi dep oyladi. Ko’pshilik qa’wimler jandi qustin’, tishqannin’, ha’rre, gu’belke qurt, ji’lan tu’rinde

tu’sindi. Yertedegi tu’rklerdegi Alan Goanin’ nurdan ju’kli boli’p shimshiq si’pati’ndag’i jigitten ha’mledar boli’wi’da usi’g’an uqsas.

Adamlar wonda bir neshshe jan bar dep isenedi. Mi’sali’ yakutlar ko’len’kedegi, dem ali’wdag’i, aqildag’i janlar. Sonliqtan geypara xaliqlardi ko’semnin’ ko’len’kesin basiwg’a yamasa wog’an wo’tkir zatti taslawg’a bolmaydi’. Ob da’r’yasinin’ boyindag’i ugrilar erkeklerde bes jan, hayallarda to’rt Jan bar dep yesaplaydi’. Bizlerde qi’zdi’n’ jani qi’ri’q degende sonnan qalg’an bolar. Bul ma’selede anemizm haqqinda aytiliwi ketek. A’iyemgi adamlarda diniy inani’mlardin’ boli’wi’na qaramastan stixiyali materialistler boldi. Wo’ytkeni wolar rux bolmastin’ aldi’nda degen tu’sinik bolmadi’. Dun’ya materialliq edi. Xa’tteki wo’lgenlerdin’ jani’ denelik tiykarda wolardi awqatlandiriw ha’m suwg’ariw kerek dep woyladi. Mi’sali’ bizde iye shig’ariw, ha’m t.b. wonda adamlar bolmisti sanadan materiyani’ woylawdan bo’li’p almadi barli’q ta’biyat bolmis retinde qabi’l etildi. Lekin wol stixiyasiz sana boldi.

Wottin’ tabiniwi sanani’n’ rawajlani’w i ushi’njuda u’lken rol’ atqardi, jariq jasin woni’n’ so’nip barati’rg’an shoqqa shaqani’ salg’annan keyin payda boli’wi’ woni’ mayda ku’yinge aylaniwi, woni’n’ tu’tini, bunin’ ha’mmesi rawajlani’w di ha’lsizlik yetip ati’rg’an aqildi jetilistirdi. Wotti wo’shirmewge g’amqorliq, woni’n’ bir jerden yekinshi jerge ko’shiriw ha’m wotti paydalaniw adamni’n’ haywannin’ pu’tkilley ayirmashilig’i ha’m woni’n’ «Menin’ tastiyiqlawg’a alip keldi. Bul jerde «Otqa barg’an qatinnin’ otiz awiz so’zi bar» degen naqildi ha’m wotti’ saqlaw, ma’selesi, ma’n’gi wot siyaqli’ tu’siniklerge toqtap wo’tiw za’ru’r.

Bilimnin’ baslang’ish formasi miynet qurallarin islew ha’m woni’ paydalaniw. Adamg’a tasti ilaqtirmastan burin go’zlew kerek yekenligin ta’jriybe bildirdi.

Ma’deniyat tariyxshilari belgili da’rejede a’yiemgi adamlar wotti payda qilip fizik rolin, tamaq tayarlaw ushi’nximik rolin, jarani tan’i’w ushi’nxirurgi,

taularin taslarin biliw arqali geograf, barmaq penen sanaw arqali matematikte boldi. Mi’sali’ mergenler haywannin’ iyisi boyi’nsha an’shiliq isler yedi.

Animizm, to’temizm, magiya adamni’n’ kelip shig’iwi, ko’p sanli’ dun’ya haqqinda ko’z qaraslarin burmaladi’. Avstraliyaliq miflerde adamlardin’ haywanlar menen ten’lestirip burin Adam xaywan bolg’an dep tu’sindirdi. Mu’mkin ha’r qiyli qa’wimlerdin’ miflerinde yari’m haywan, yari’m adam, yarim baliq degen tu’siniklerden adam haywanlar du’n’yasinan shiqti degendi bildiredi. Adamdi maymi’llar menen baylanistirip ol da  adam tek quli’qtan so’ylemeydi, so’ylese so’zsiz oni’ jumi’s islewge ma’jbu’rleydi dep tu’sinedi.

«Adam xaywannan sonni menen ajiraladi’. Geyde aspang’a qarap qoyadi». Juldizli aspan ji’l awisiwi, ma’wsim jumis kunnin’ ha’reketi menen jumis issledi. Aziya ellerinde sharwalar i’ssi’ klimattin’ tu’nde ko’ship ju’rgende ay wolarg’a jol ko’rsetti. Sonli’qtan yarim ay musi’lmanlardi’n’ mahaddes emblemalari boldi’. Adamlar waqitti ayg’a qarap wo’lshewdi u’yrendi. Worislarda mesyats-ay delinse, bizde jan’a ay, ayliq degen so’zlerde soni’n’ menen baylani’sli’.

Yerteden-aq adamlar aspandag’i juldizlardin’ ha’reketin baqlag’an ha’m woni’ tabatug’in bolg’an. Temur qazaq (polyarnaya zvezda) bilgen wol basqa juldizlar arasi’nda qozg’almaydi’ ha’mme waqi’t arqani ko’rsetedi ha’m suwiq samal esetug’in jaqta turadi’.

Wo’lgennen keyingi wo’mir aspanda boladi’ degen tu’sinik keyin wo’lgen ko’semlerdi jawdin’ to’besine jerlew menen baylani’sli’ bolg’an. Vavilon qudaylari tawlarda jasag’an. Yertedegi grek panteonlari Olimpiya taularinda, bibliyadag’i yaxve qudayi Sinap tawinda jasag’an.

Adamlar wo’lgenderdin’ jani’ kunge ketedi ha’m sonda juldizg’a aylanadi’. Kunnin’ kul’ti patsha qudaylastiriw menen baylani’sli’. Meksika basshi’lari’ FrantsuzKiroli Lyudovig XIV wo’zlerin kun dep yesaplap wo’zin bayraqta sa’wlelendiriwdi tapsi’rg’an. Chingis xannin’ atinda geyparalar «Shindag’i kun» dep joriydi. A’yiemgi obshinaliq idirap ja’miyet payda boli’w menen u’stemlik

yetiwshi diniy isenimlerine qarsi ha’reketler koldunlardin’ shamanlardin’ woylap tapqanlarina ha’m amulet talismanlarg’a kritika payda bola basladi’.

O’zbek xalqi’nda ha’m qaraqalpaq xalqi’nda mi’naday yertek mifke aylang’an. Ji’lan Sulayman payg’ambarg’a qandayda bir xi’zmet qi’lg’an. Payg’ambar ji’lannin’ ha’r qanday iltimasin tilegin wori’nlawg’a wa’de etken. (Mu’mkin eski miflerde payg’ambar emes qudaylardi’n’ birewi de boli’wi’. Al Sulayman bizlerge jaqi’ni’raq bolg’an, Sulaymannin’ shaqi’ bar» degen mifte ushirasadi). Sonda ji’lan haywanlardin’ yetin ha’mmesinen mazali ko’rip soni’ tan’lag’an. Payg’ambar kelisken. Sonda ji’lan kamor (su’yir shibin) g’a yen’ mazali’ haywandi’ ani’qlap beriwdi sorag’an. Kamar bir bir tamshi’dan qan a’kelip ji’lannin’ tiline ha’r qiyli haywannin’ qanin tamizip turg’an. Kamar tag’i bir maqluqtin’ qanin alip kiyati’rg’anda woni’ qarlig’ash ko’rip, wonnan yen’ mazali qandi’ ani’qladi’n’ba dep sorag’anda kamar juwap retinde en’ mazali qan adamni’n’ qani, woni’ ha’zir alip baratirganin aytadi. Qarlig’ash kamardi bul joldan qayt wolay yetpe desede woni’ tin’laymay ji’lang’a qaray tez uship ketipti. Qarlig’ash quwipti. Wol kamardi ji’lannin’ tiline adamni’n’ qanin tamizip ati’rg’anda izinen jetip kamardi ji’lan tilindegi qan tamshisi menen shoqip alipti. Sonnan ji’lannin’ awzina ilinip qaladi’. Sonnan ji’lannin’ tili yekige bo’lingen ha’m qarlig’ashtin’ quyriginin’ pa’ride ayrilip yekige bo’lingen. Sonnan beri ji’lan qarlig’ashti quwdalaydi, al qarlig’ash adamdi panalaydi ha’tteki woni’n’ u’yinin’ pa’tigine uya saladi’ delinedi. Adam ha’mme waqi’t qarlig’ashti’ jaqlaydi’. (Qazaqtin’ To’le biy degen biyin «Qarlig’ash a’wliye» dep atag’an afsana bar).

Buni’n’ ideyaliq ha’m a’dep-ikramli’q, ruwhiy mazmuni’ joqari’. Bunda birinshiden adamni’n’ birinshi ekologiyaliq baqlawi’ ko’rinedi. Shininda da qarlig’ashtan basqa hesh bir qus bo’lingen quri’q pa’rine iye yemes (shimshiq, qumi’ri’, kepter, bulbil, popugay, kaneey, afanka h.t.b.) haywanlar arasi’nda da ayri til ju’da’ siyrek (geypara reptilelrdi aytpag’anda).

2. Wonda adam joqari’ en’ bahali’ maqluq ol qandayda bir ja’nlikke bag’inip, woni’n’ awqati boli’wi’ mu’mkin emes, kerisinshe wog’an xi’zmet etiwi kerek

3. Bunda shi’nli’qti’n’ salistirmali yekenligi ko’rsetilgen. Eger shi’nli’q adamg’a zi’yanli’, wog’an qarsi’ qaratilg’an bolsa wonnan ha’tteki qudaydi’n’ qa’lewi bolsada  bas tarti’w kerek

4. Wonda jaqsi’li’qqa jaqsi’li’q penen juwap beriwdin’ za’ru’rligin, birewdin’ xi’zmetin umitpawdi da ko’rinedi

5. Wol fol’klordin’ ajayi’p u’lgisi. Wonda a’iyemgi adamlardi’n’ ko’rkemlik  talg’ami’, estetikaliq ko’z qaraslari’ ko’rsetilgen.

## b) Avesto kitabi' da'slepki qala ruwxi'yati'ni'n' qi'mbatli' da'regi

«Avesto wo'mirge jol ko'rsetkish» dep atalg'an miyras, bunnan derlik ush mi'n' ji'l buri'n bizin' u'lkemizde payda bolg'an ulli' ma'deniyat, joqari' Ruwxi'yli'q tiykari'nda dun'yada birinshi ret jaqsi'li'q ha'm jamanli'qti', miyrimlilik penen jawizliqtin', bilimlik penen nadanliqtin' adamzat rawajinda a'hmiyetin ko'rsetip bergen sharafatli' kitap.

Bizin' ata-babalari'mi'zdi'n' danalig'inan, aqil-uqibinan, a'sirlik ta'jriybesinen do'rep, won eki mi'n' baspaq terisine (woni' qalay wo'nlegen) altin siya menen jazi'lg'an bul wotiz yeki kitap wolardi'n'' a'dep-ikramli'li'g'i'ni'n' joqari' da'rejesi, ruwxi'y ku'shinin' bekkemligine ko'rstkishi. Wolar ulli' ma'mlekettin' ideyaliq bayrag'i wazi'ypasin atqarg'an. A'lbette bul tariyxi'w miyras, alti'n g'a'ziyne, ju'da' uzaq jollardan, qi'yi'n sinawlardan, awi'r qisiwmetlerden wo'tip bizin' ku'nlerimizge jetip, wo'zligimizge qaytqan. I.A.Karimovti'n' ko'rsntkenindey bizin' yelimizge «kim qilish penen kirip kelse, sol birinshi ret Usi' ten'i tayin kitapti joq yetiwge uring'an. Solay etip xaliqti woni'n' tariyxinan ha'm yadinan ayirg'isi, woni'n' erk-iqrarin basip taslag'isi kelgen.

Na'tiyjede zorliq, zaman qiyametleri, xali'qlardi'n' natinishlig'i uzliksiz jawgershilikleri, xali'q bilgen ha'm do'retken «Avesto» kitabi'nin' tilin «wo'li» tillerdin' qatari'na aylandirg'an. Keshegi ken'es da'wirinde de bizler zardushtiylik dininin' ha'm woni'n' muqaddes kitabi'nin' bizge qatnasi joq a'piwayi bir wotqa tabiniw yekenligin tu'siniw menen sheklengen yedik. Wol waqitta «Avesto» siyaqli' muqaddes kitabi'nin' du'n'yaju'zlik a'hmiyeti haqqinda, bizin' xaliqlarimizdin' bul kitaptin' payda boli'wi'ndag'i qatnasi ha'm wonnan ta'lim-ta'rbiya alg'anli'g'i' haqqi'nda woylawg'ada bolmas yedi.

Ga'rezsizlik na'tiyjesinde bul muqaddes kitaptin' wo'zimizge qaytip woni'n' Xorezmde 2700 ji'lli'g'i'ni'n' pu'tkil du'n'ya ju'zinin' ja'miyetshiliginin' belgilewi, bugingi ku'ni woni'n' insani'yattin ruwxi'y - ma'deniy turmi'sinin' aji'ralmas bo'legi ha'm ta'rbiyani'n' quralina

aylang'anlig'i woni' do'retiwshilerdin' a'wladlari bolg'an bizlerdi de so'zsiz shadlandi'radi'.

I.A. Karimovti'n' «Bul dun'yada insanlar jasaydi yeken, wonda wolar wo'zlerinin' a'yyemgi ata-babalari'ni'n' ta'g'diri menen, wolardi'n'' turmi's qa'lbi ha'm dasturi menen, wolardi'n' sezimleri ha'm bastan keshirgenleri menen barxama qiziqsinatug'in boladi', wolar haqqi'nda barinsha ko'p biliwge umtiladi» degen danali'q so'zin basshi'li'qqa ali'p «Avesto» kitabi'ni'n' «ten'i tayi joq ayriqsha bahag'a iye mag'liwmatlar do'regi» yekenligin yeste tutip wondag'i' bizin' xalqi'mizg'a tiyisli ma'selelerge nazer awdarip, woni'n' sawlatina basqa Orayliq Aziya xali'qlari' menen bir qatarda bizlerdin'de sherik yekenligimiz haqqinda woy-pikirdin' a'hmiyeti ulli'.

«Avesto» so'zi gimn, nizam-qag'iydalar toplami manisin an'latadi. Avestoni'n' kitap xalina keltiriw ma'selesinde ali'mlar arasi'nda ha'r qiyli pikirler bar. Solardi'n'' biri Zardusht wo'z taliymatin jariyalag'an waqitta wo'z woy-pikirin jazi'p qaldiriw haqqinda woylamag'an deydi. Sebebi buring'i din xi'zmetkerleri barli'q yesitken gaplerdi za'ru'r waqitlarda yadtan aytiw uqibina iye bolg'an. Sebebi ruwxaniyler jaziwdi tapqan Axriman wol woni' adamlar arasi'nda na'kasliq ruwxi'n sebiw ushi'n paydalang'an dep tu'singen. Zardushtra da da'slep sonday pikirdegi din arbabi bolg'an degen pikirlerdi beredi.

Bunnan basqa «Avesto» jazba shig'arma retinde bizin' eramizdan bir a'sir buri'n payda bolg'an degen tastiyiqlawlarda ushirasadi.

Lekin geypara da'reklerge qarag'anda woni'n' da'slepki kitap turine keltiriliwi Zardushtin' tiri waqtinda, woni'n' aralasiwi menen iske asa baslag'an dep ko'rsyetiledi. Zardusht ta'repinen woni'n' jasli'q da'wirinde -aq «Tuwiliw kitabi'» nin' pitkenligi, wol ta'repinen «Abisto» («Avesto») dep atalg'an kitapti «Bishtasptin aldina qoyg'anli'g'i'» ha'mde «Padsha doro inb-Doro xaziynesinde Avestwoni'n' won eki mi'n' karamal terisine jazi'lg'an» qol jazba nusqasi saqlang'anli'g'i' haqqi'nda Beruniy keltirgen mag'liwmatlar, bulardin' bir ji'lda

jazilmag'anlig'in ko'rsetedi. Solay yetip «Avesto»nin' Axmoni'ylerge deyin kitap tu'rine keltirilgenligin da'lilleydi.

Abu Rayxan Beruniy (973-1048) din' mi'naday so'zleri itibarli «Padsha Doro ibn Dorwoni'n' xazinasinda «Abisto» («Avesto»)ni'n' won eki mi'n' terisine alti'n menen jazilg'an nusqasi» bar yedi. Iskender eteshxanalardi wayran qilip, wolarda xi'zmet etiwshilerdi wo'ltirgen waqi'tta woni' jandi'ri'p jiberdi. Soni'n' ushi'n sol waqitlardan beri «Avesto»nin' besten ushi (yag'niy on segiz kitabi') wotqa jag'i'li'p ketti «Avesto» woti'z yeki kitap edi. Ma'jusi'yler qoli'nda shama menen won yeki kitap qaldi'.

Demek Iran axmoni'ylerine deyin «Avesto» 32 kitap tu'rinde bolg'an. Makedoni'yali Iskander bizin' eramizdan burin 334-329 ji'llari Irandi jen'ip alg'annan keyin «Avesto»nin' birneshshe nusqasin Makedoni'yadag'i ustazi Aristotelge siyliq retinde jo'netken. Jandirilg'annan qalg'an «Avesto»nin' meditsina, astranomiya, falsafa ha'm a'debiyatqa tiyisli bo'limleri Iskender Zulxarnayn grek tiline tarjima qildirg'an.

Avestoni'n' Iskender Zulxarnaynnin' ta'repi menen Gretsiyag'a alip ketilgeni, za'ru'r jerlerin awdarmalap, qalg'anin jag'i'p jibergeni, won yeki mi'n' karamal terisindegi altin tekst haqqinda (Tebariyda 12000 pergamenti) keyingi da'wirlerde jaratilg'an zardushtiylik a'debiyatinda («Bundaxishin», «Shaxrixon Eron», «Tansar xatlari» (VI-a'sir), «Murux az-xazab», «Forsnoma» ha'm basqalar) mag'liwmatlar bar. Bul shig'armalarda da yunoni'ylar atashxanalardi wayran etken, ibadatxanalardi bayli'qlari'n talan-taraj yetken, din wakillerin wo'ltirip, tutqing'a alip ketkenligi haqqinda jaziladi.

Aradan yeki- ush a'sir wo'tkennen keyin Parfiyada Arqasiyler hu'kimdari Volotes (51-73ji'llar) ta'repinen muxaddes «Avesto»nin' qalg'an jazba ha'm awiz yeki bo'lekleri qayta tiklegen. Zardushlikti mamleket dini dep qabil qiling'an.

Keyin ala Iranda Sosoni'yler sulalasinan bolg'an hu'kimdarlardin' zardushlikke qizig'iwi ko'beygen. Iran shaxi Ardashir (242-272j) da'wirde «Avesto» muxaddes kitap retinde qayta tiklenedi. Sol da'wirdegi sol suloladan

bolg’an Xusrav Anushirvon (531-579j) «Avesto»ni tu’siniw qi’yi’n bolg’an a’yyemgi Xorezm tilinde jazilg’anlig’i sebepli sol da’wirdin’ a’debiy tili yesaplang’an paxlavaiy tiline tarjima qi’li’ng’an. Pers ruwxaniyleri sol kitapti tayarlaw gezinde wo’zleri ushi’ntu’siniwge bolmag’an aniq yemes tu’siniklerdi, atamalardi’, xa’dislerdi wo’z shariati ha’m pikirlerinen kelip shig’ip Iran shariatina maslasti’rg’an. Solay yetip sosoni’yler ruwxaniyleri ta’repinen «Avesto»nin’ belgili da’rejede soxtilistiriliwi jol qoyilg’an.

Iranlilardin’ «Denkard»- (din xa’melleri) (IX a’sir) degen kamusi’ a’sirinde «Avesto»nin’ 21kitaptan ibarat bolg’anlig’i ha’m woni’n’ mazmuni haqqi’nda mag’liwmatlar berilgen. Sosoni’ylar zamaninda sol kitaplardin’ to’rtten bir bo’legi saqlanip qalg’an. Sosoni’y hu’kimdarlar ta’repinen qayta tiklengen kitap «Zend Avesto» dep atalg’an. «Zend» so’zi bayanlaw tu’sindiriw degendi an’latadi’. Wol zardushlik dini tag’liymatinin’ toliq bolmag’an bo’legi boli’wi’na qaramastan u’lken ko’lemde boli’wi’na baylani’sli’ dinshiler ku’ndelik islerinde paydalaniw ushi’n «Xorda Avesto»ni yag’niy «Kishi Avesto»ni do’retip wog’an tan’lawli’ dualar, gimnler kirgizilgen.

Solay etip Zardusht ta’repinen jarati’lg’an «Avesto» kitabi’ keyin Baktriya, Sogdiana, Iran ruwxaniyleri ta’repinen toliqtirilg’an ha’m ja’mlengen. Soni’n’ menen qatar zardushlik dini pu’tkil Turan ulkesin, Iran, Xorasan, Azerbayjan, Irak ha’m kishi Aziyag’a tarqalip islamg’a deyin ma’mleketlik din da’rejesin iyelegen. Soni’n’ ushinda bul walayatlarda wotparastliq ibadatxanalari juda ko’p bolg’an.

VII-VIII a’sir dawami’nda Orta Aziya arablar tag’liymatinan bag’indiriwi ha’m islam dininin’ ken’ tarqali’wi menen Zardushlik ha’m muxaddes «Avesto» kitabi’ qatti qug’in astina alinadi. Beruniydin’ ko’rsetiwinshe arablar Zardusht ta’repdarlarin qirg’an ha’m ilimiy ha’m muxaddes kitaplarin wotqa jaqqan.

Iran ha’m Orta Aziyaliq zardushlik dinine tabiniwshi’li’rdin’ bir topari arablardan qaship shi’g’i’s ha’m tu’slik walayatlarg’a ko’ship ketiwge majbur bolg’an. Wolardi’n’’ a’wladlari tu’slik Hindistanda Bombey ha’m Tuj walayatlari’nda ha’zirde parslar ati menen atalip 200 mi’n’g’a jaqin adamnan

ibarat bolg'an qabilalar tu'rinde jasaydi. Wolar ha'zirde wotparastliq dinine tabinadi. Zardushtlerdin' ja'ne bir topari' Irannin' tu'slik walayatlarinda jasamaqta. Wolardi gebrler dep ataydi. A'ne Usi' qa'wimler dun'yadag'i yen' a'yyemgi zardushtlik dinin ha'm muxaddes «Avesto»ni wo'zleride saqlap qalmaqta. Biraq «Avesto»nin' toliq teksti bizgeshe jetip kelmegen. Woni'n' bizge jetken to'rt bo'legi «Yasht», «Videvdat», «Visperad» ha'm «Yasna»lar.

«Yashta» qayirliliq qudasi Axura-Mazdag'a atalg'an 21 gimn ha'm qosiqlar toplang'an. Bul «Avesto»nin' payg'ambar Zardusht ta'repinen keltirilgen yen' a'yyemgi bo'legi.

«Avesto»nin' saqlanip qalg'an to'rt kitabi'nin' birinshisinin' ati «Vadovdot» (da'wlerge qarsi' nizam) dep ataladi'. Wol 22 bap boli'p, tiykari'nan Zardusht penen Axuramazdanin' soraw juwaplari'nan ha'm sa'wbetlerinen ibarat. Yekinshi kitap «Esin» yamasa «Yasna» dep ataladi'. Woni'n' mazmuni tiykari'nan Zardushtin' xatlari' (namalari) yaki «Gat»larin sho'lkemlestiriledi. Ol 72 «Awa» dewden yag'niy maqullawdan ibarat. Birinshi maqullawda tabiyat ha'm hadalliq xu'kimdari, ha'mme narseni biletug'in ha'm ha'mme na'rsege uqipli Axuramazdanin' nasiyatlarinin' xaqlig'ina, iman-isenim bildiriwshi ha'm sog'an usag'an duwalar jiyindisinan turg'an.

Ushinshi kitap «Visporat» dep atalg'an. Wol 24 baptan ibarat boli'p, a'lemdi biliwge tiyisli pand-nasiyatlardan ibarat. Woni' siyiniw namazlarinin' jiyindisi da delinedi. Soni'n' menen birge wol «Esin»g'a qosimsha da dep yesaplanadi'.

To'rtinshi kitap «Bundaxash» dep atalip, wol qa'dimgi Iran (paxlaviy) tilinde jazilg'an. Wonda qudanin' zalim ku'shlerge qarsi gu'restegi martebesi wog'an ta'n jigirma yeki yertedegi qosi'qlar ji'yi'ndi'si' wori'n alg'an.

«Avesto» haqqinda yen' a'hmiyetli derek IX a'sirge tiyisli «Denkard» (din a'melleri) shig'armasi. Wonda «Avesto»ni'n' jigirma bir kitabi' toli'q ta'repinen berilgen. Bul taripler sawapli' isler ha'm urp-a'det.

Insani'yat tariyxi'ni'n' buri'li's da'wirinde ja'miyetlik a'hmiyettegi juwapkershilikti tu'singen adamlar wo'z tariyxin, wo'zinin' ma'deniy, ruwxi'y

wo'tmishin u'yreniwge talpi'nadi', wonnan quwat aladi'. Oni' tu'siniw arqali', wo'zligimiz tiyikarinda wo'zine mu'na'sip is qiladi. Bul jag'day ha'r bir Xali'qtin' wo'zinin' tariyxtan worni' n izlewge, milletin' keshegi ku'ni, «jerdin' jarig'inan shiqpag'anlig'in da'lillewge mu'mkinshilik beredi. Bunin' Mi'sali'n g'a'rezsizlik sharapatinda welimizde siyasiy, ekonomikaliq huqi'qi'y, ruwhiy jan'alaniwlardin' woy-pikirimizge ta'sir yetip, sanamizdi, qarim-qatnaslarimizdi wo'zgertip wo'zimizdin' hasil na'silimizdin' kim yekenligine shin kewilden di'qqat audariwg'a qaratqanlig'imizdan ko'riwge boladi'. Usi'g'an baylani'sli' Islam Karimovti'n' «Ilgeride bir neshshe ma'rte aytqanimday, ha'r bir xaliq, woni'n' ishinde o'zbek xalqi'ni'n' tariyxi da ta'kirarlanbaydi. Biz ja'ha'n maydaninda ku'ni keshe payda bolg'an xali'q emespiz. Bizin' milletimiz, xalqi'miz yertedegi Xorezm topirag'inda «Avesto» payda bolg'an zamanlardan beri wo'z turmi'si, wo'z ma'deniyati, wo'z tariyxi menen jasap keledi» degen so'zi a'lbette qaraqalpaqlarg'a da tiyisli boli'p, woni'n' ziyalilarinin' wo'z xalqi'ni'n' kimligin, wo'tmishin, yertedegi ma'deniyatin, ruwxi'y miyraslari'n tariyxi'w qa'diriyatlarin u'yreniwge ha'm woni' ta'rbiya xi'zmetine qoyi'wg'a bag'darlaydi.

Usi' ko'z-qarastan «Avesto» siyaqli muqaddes miyrastan qaraqalpaq xalqi'ni'n' da wo'zligin izleniwi ta'biyiy boli'p yesaplanadi'.

Zardushtiliktegi bizin' babalari'mi'zdi'n' izleri «mi'n'san eki» ma'selelerde ko'rinip, woni'n' bizin' wo'zligimizge tiyisli yekenliginen da'rek beredi. Al, wo'zlikti biliw, ten'izdin' ga'wxar monshaqlari'n ji'ynaw menen barabar ha'mme waqi't udayi'na izleniwdi, u'yreniwdi talap yetedi.

O'zbek xalqi' woni'n' sostav bo'legi bolg'an qaraqalpaq xalqi', yertedegi Xorezm, wo'zinin' joqari' ma'deniyati' ha'm bay tariyxi' menen, insansu'ygish ideyasi' menen sug'ari'lg'an du'n'yali'q ha'm diniy, falsafiy qaraslari' menen jahan tariyxi'nda munasib wori'ndi iyelegen.

Prezidentimiz I. Karimov wo'zinin' Xiywani'n' 2500 ji'lli'q saltanati'nda so'ylegen so'zinde Xorezmnin' jahan tariyxi'ndag'i' worni' na toqtali'p, «o'zbek ma'mleketshiliginin' tiykarg'i' ti'rnag'i' bunnan 2700 ji'l buri'n usi'

Xorezm woypati'nda qoyi'lg'an. Zardushliktin' muhaddes kitabi' «Avesto» ha'm Usi' Xorezmde jarati'lg'an» degen so'zleri ju'da' tiykarli' ha'm haqi'yqat so'zler edi.

Avestoda haqi'yqat, ti'ni'shli'q ha'm yerkin wo'mir menen baylani'sli' sotsialli'q muratti ti'ni'sh miynet iskerligi menen, do'retiwshilik penen baylani'sti'ri'p «Kimde kim biyday yeske wol Ashaxti (haqi'yqatli'qti') egedi ha'm Mazda dinin ja'nede ku'sheytiredi, qu'diretli qi'ladi'. Qay bir uyde biyday anvari' bolsa wonda qi'zdi'ri'lg'an temir da'wlerdin' boyi'n shi'rmap taslaydi'» (Vandidot 3 fargard 31-32 band). Demek miynet ha'm qayi'rli' isler nur ha'm shadli'q a'lemin ko'beytedi ha'm ti'ni'shli'qqa, da'wletke jol baslaydi'.

Avestoda bayan yetiliwinshe ati'z jerdi tap qi'zdi su'ygendey su'yiw kerek, wog'an jaqsi' tuximlar sebiw, woni' mol xasi'l beriwin anag'a aylandi'ri'w kerek. Axura Mazdani'n' ko'rsetpesine muwapi'q «Jerge jaqsi' ha'm kushli tuxi'm seppek» dun'yadag'i' en' za'ruriy ni'zam boli'p yesaplanadi'. Wol «Jas kelin erine perzent inam etkenindey ati'zda woni' shep ha'm won' qoli' menen, qali'wsiz islegen ha'm su'ygen adamg'a mol-mol hasil beredi. Islenbegen ha'm yegilmegen jer yersiz ha'm perzentsiz jaxi'l qi'z siyaqli' baxi'tsizdur. Qi'z jaqsi' yerdi arzi'w qi'lg'ani'nday jerde jaqsi' diyxang'a intizar». Bul so'zler zardushlik dun'yag'a ko'z-qarasi'n qanshali'q optimalistlik ruxta yekenliginen, dun'yag'a aktiv qatnas, insanni'n' do'retiwshilik qu'diretine iseniw tuyg'i'si'nin' ku'shli bolg'anlig'ina derek beredi.

Zardusht ta'liymati'nda «Ha'r ku'ni yeki ma'rtebe suw ag'i'p wo'tetug'i'n, suwg'ari'latug'i'n bir bo'lek ati'zi', padasi', haywanli' xa'wlisi, xa'wli jayi'nda wot jani'p turatug'i'n, ko'p perzentli qati'ni', wo'z miyneti menen uyasi'n bag'i'p ju'rgen, ati'zdi' jaqsi' isleytug'in, malg'a jaqsi' qaraytug'i'n adam gu'nasi'zdur» delingen. Demek, zardushliktegi sotsialli'q ideal, tikkeley ti'ni'sh wo'mir, azi'q-awqatlardi'n' molshi'li'g'i', suyikli qati'ni', ko'p bala, deni sawliq ha'm uzaq wo'mirge baylani'sli' boli'p yesaplanadi'.

Wonda jalg'an so'ylew, birewdi aldaw gu'na, yag'niy jinayat yesaplanadi'. Buni zardusht wo'z ta'liymati'n uyreniwge kelgen kisilerge pandu nasiyat qilip

tu'si'ndirgen «Zaberdes ha'm qudiretli boli'w ushi'n ha'mme haqiyqat g'a'ziynesinen a'mel qi'lg'an, xaqi'yqat ha'm rastli'qqa ha'mel qi'lsan' za'berdest ha'm qudiretli» bolasan'.

Haq so'zden basqa xesh narse tuwrali' oylama, xaq so'zden basqa xesh narse tuwrali' suhbatlespe, haqqani'y xamaldan basqa xesh narse shug'i'llanba.

Jalg'an gap ayti'p tiri qalg'annan, ras gapti bayanlap wo'lgen arti'q. Wo'z na'psin jen'ip, ji'lawlay almag'an kisi, xesh narse ustinen jen'iske jete almaydi'.

Bulardan rasli'q ha'm haqi'yqatli'q u'sh huqi'qi'y, axlaqi'y tayani'shqa tiykarlanadi'. Qayi'rli' pikir, qayi'rli' so'z, qayi'rli' a'mel zardushtiylikte bul u'shlikke a'mel qi'lg'an kisi jalg'an ha'm haqi'yqatsi'zli'q lashkerinin' basshi'si' Axriymanni'n' aqi'bet na'tiyjede jen'iliske ushraytug'i'nli'g'i'na isenip, qa'lbi ha'dden ziyada pa'kize boladi' dep uqti'radi'. «Men yaqshi pikir, yaqshi so'z, yaqshi iske shan shafkat baqish etemen» men yaqshiliqtan ibarat Axuramazda ni'zami'na shan shafkat bag'i'shlayman. (Yasna 14)

Eger adamlar Axuramazda jaratqan qanli'larg'a katta ha'mel qi'lsa haqi'yqat ha'm qayi'rli'li'q jawi'zli'q u'stinen saltanat qi'li'p bara beredi delingen. Buni'n' ushi'n jawi'zli'qti' daf qi'lg'an shag'lani'p ati'rg'anda ha'r kimnen pa'kleniw, iyman ha'm isenimdi saqlap qali'w ushi'n muxaddes ni'zamlarg'a qatti' a'mel qi'li'w talap yetiledi.

Avestodag'i' ko'rsetiwinshe ta'biyatti' qorg'aw ha'm ortali'q tazali'g'i'n saqlaw tu'rli keselliklerdin' tarqali'wi'ni'n' aldi'n ali'w maqsetinde sanitariya-gigeniya qag'i'ydalari'n to'mendegishe iske asi'radi'.

1. Shig'i'ndi'lardi' bekitiw, iflaslang'an jaylardi', topi'raq tas, qum menen ko'mip taslaw. Sol arqali' mikroplar o'ltirilgen yaki kemeygen.

2. Wot penen i'ssi'li'q ha'm suwi'qli'q joli'menen joyi'w.

3. Ximiyali'q jol qul, sirke, sharap, tu'rli g'iyalar tu'tetiw joli' Avestoni'n' «Vandidot» bo'liminin' besinshi babin'da ta'biyat ha'm a'tirap ortali'g'i'n pataslaytug'i'n tu'rli keselliklerdi tarqatatug'i'n haywan ha'm ja'nliklerdi joq qi'li'wg'a ku'shli tu'rde shaqi'radi'.

Soni’n’ menen birge u’y haywanlari’nda ju’da’ itibarli’ boli’wg’a u’ndeydi. Iytti wo’ltirgen adam 1000 eshqumardi, 1000 suw qon’i’zi’n, 1000 kesel tarti’wshi’ peshsheni’ o’ltirip g’ana gu’nasin juwi’wi’ mu’mkin.

Avestoda ekologiya ma’selelerine yag’ni’y ta’biyatti’, jer suw, dara o’simlik, janwarlardi’ a’zizlew, jerdi isletiwi, suwg’ari’w, bag’i’w-baqsha eginler qulg’a, sharwani’ ayri’qsha ji’lqi’shi’li’qti’ jolg’a qoyi’wg’a suwdi’ muxaddes tuti’wg’a ayri’qsha itibar berilgen.

Hawi’z, qudi’q ari’q suwlari’n iflas qi’li’wg’a qarsi’ maqsus gu’res ali’p bari’lg’an, wo’zen ari’q boylari’na mal bag’i’wg’a, iytlerdi baylawg’a ruxsat etilmegen, qudi’q ha’m ha’wi’z suwlari’n iflas qi’lg’anlarg’a u’lken jariyma salg’an.

Ekologiya zan’lari’nda to’rt na’rse jer, wot, suw, ha’m hawa sonday a’zizlengen hawani’ buzi’w iflaslati’w, haywanlardi’n’ wo’ligi, bul jaqta tursi’n adamlarda o’lgende jerge ko’miw, suwg’a i’g’i’zi’w, wotqa jag’i’w u’lken gu’na bolg’an iflaslaytug’i’nlardi’ jinayat dep yesaplap bunday ji’nayatqa jaza 400 du’rre uri’w eyger qi’lg’an jinayati’ awi’rraq bolsa wo’lim jazasi’na jibergen, yamasa u’lken shtraf, bolmasa jamoya islerinde paydalani’wg’a qul qi’lg’an.

Joqari’ sud zarashtura aqsaqallar ken’esinin’ wakilleri ha’m ja’maati abroyli’ aqsaqallari’ menen maslaxatlesip adalatli’ zan’lar arqali’ iske asqan.

Avestoda qari’ndaslari’ni’n’ wo’z ara sem’ya quri’w zan’i’ menen qatti’ qadag’an etilegn. Ol qa’wim ha’m uri’w qani’n taza uslaw ushi’n kerek bolg’an. A’sirese ko’p perzentlik hu’rmetlengen. Zardusht Axura Mazdada ko’p perzentli shan’araqqa ne beresen’ dep sorag’anda ol «Bunday adamlardi’ wo’z qa’wenderligime alaman, wo’mirim parawan, ri’sqi’si’n mol qi’laman» dep juwap beredi. Soni’n’ ushi’n zardushlikte u’lken sem’yalar, xamladar hayallar jamoa ta’repinen qorg’alg’an. Ko’p balali’ sem’yalarg’a ma’mleket xaziynesinen nafaqa tayarlaw ha’m bir tuwg’anda 2-3 perzent tuwg’an hayallarg’a jen’illik ha’m ja’rdem berilgen ha’m tu’ye menen si’yli’qlang’an. Soni’n’ menen qatar xamlani’ aldi’rg’an yamasa tu’siriw guna dep yesaplang’an

ayi’pdar adam wo’lim jazasi’na buyi’rg’an. Sonday-aq hayaldi’ perzentlerin sergizdan qilatug’i’n sem’ya basli’g’i’na zinog’a berilgen erkek ha’m hayallarg’a tiyisli durre menen uri’w yaki wo’lim jazasi’ qollang’an.

Uli’wma Avestodag’i’ bunday sotsialli’q - siyasiy ha’m huqi’qi’y pikirler xalqi’mizdi’n’ huqi’qi’y ma’deniyatin ha’m ruxiyati’n bayti’wda ju’da’ u’lken a’hmiyetke iye bolg’an.

Avestoda estettika pa’ninen worayliq kategoriyasi’ bolg’an go’zzali’q Axura Mazda taratqan uyqasi’mli’q (garmoni’ya) ha’m ta’rtiplilik si’pati’nda talqi’lanadi’. Uyqasi’mli’qtin’ buzi’li’wi’ nakasli’kti’n’ alamati’ dep eskertiledi. Mol-mol xasi’l bergen ati’z g’ana, u’lken ha’m sag’lam padalar, jerdi suwg’aratug’i’n da’r’ya, a’lemdi jaqtarti’p adamlarg’a woyi’n-zawi’q bag’i’shlag’an quyash g’ana go’zzaldur. Soni’n’ ushi’nda ha’mme a’lemge nur ha’m jaqsi’li’q, baxi’t ha’m ra’xa’t uri’g’i’n sebiwshi Axura Mazda go’zzaldur dep keltiriledi. Al wondag’i’ adam go’zzalli’g’i’ bolsa, insanni’n’ sotsialli’q murati’ni’n’ ha’m islegen a’mellerinin’ go’zzali’g’i’ menen wo’lshenedi. Mi’sali’, Yasnadag’i’ bir rawayatqa baylani’sli’ Gansu degen jigittin’ atlardi’, adamlardi’ juti’p ati’rg’an zaxariy atli’g’ip turg’an Yam-yashil degen qorqi’ni’shli’ ji’landi wo’ltiriwi menen denelik ha’m ruwxi’y go’zzal dep bahalanadi’.

Zardushliktegi ji’lanlardi’n’ jamanli’q timsali’ yekenligi keyin xali’qti’n’ u’rp-a’detlerine sin’ip ketiwi menen birge, wolardi’n’ simvollari’nda da ko’ringen. Mi’sali’ 1996-ji’li Kerder qalasi’nan tabi’lg’an badiyadag’i Qumay qusti’n’ ayaq asti’nda ji’lanni’n’ basi’li’wi’ woni’n’ paleketlerinen basi’p turi’w simvoli’n ko’rsetse, woni’n’ do’geregindegi bali’qlardi’n’ boli’wi’ wolardi’ qorg’awshi’li’q qasiyetin ko’rsetedi. Sebebi Avestoda Axura-Mazda da’wlerden, Axrimanni’n’ jamanli’g’i’nan adamlardi’ qorg’ap ha’m saqlap turatug’i’n «Qara» degen bali’qti’ jaratti’ dep ko’rsetedi.

Zardushlikte dun’yag’a ko’z-qarasta jarqi’n ju’zlilik, quwani’sh jaqsi’li’q, haqi’yqatti’ uli’g’law ha’m ko’rsetiw wo’mirdin’ ma’nisi dep quwani’shli’, zawi’qli’ binayatkerlik tuyg’i’lar ardaqlang’an. Soni’n’ menen qatar wondag’i’

tabiyatti'n' sap ha'm a'wmetli ko'rinisi, adamni'n' ti'ni'sh miynet jani', wo'mirge muxabbat, diyxanshi'li'q ha'm sharwashi'li'qqa wo'zgeshe mexr, barli'q qayi'rli' pikir ha'm qayi'rli' islerdi qa'dirlew woni'n' estetikali'q tuyg'i'lari'ni'n' tiykari'n sho'lkemlestiredi. Bul Avestoni'n' afsanaviy obrazlar arqali' miynetke, go'zzali'qqa ha'm insani'y adamgershilikke shaqi'rg'an ko'rsetpeleri boli'p ko'rinedi.

Zardushlik dinin' ilgeri su'rgen wondag'i' qa'dirli ha'm a'hmiyetli axlaqi'y-sotsialli'q, estetikali'q ideal keyin worta a'sirlerdegi filosofiyada ha'r qanday adalatsi'zli'q, zulmat ha'm huqi'qsi'zli'qqa qarsi' gu'resip, haqqani'y insanparvar ha'm pa'rawan turmi's jaratqan jaqsi' ha'm a'dil patshalar haqqi'ndag'i' obrazlardi' wo'zinin' ruwxi'y rawaji'n tapti'.

Bul muratlar qanday rawayatlar, qansha diniy tu'sinikler arqali' elge tari'lmasi'n wolarda adamlardi'n' tikkeley turmi's tarizi ha'm xa'mmege tiyisli wortaq qa'siyetler mo'hirlenip qali'ng'an. Soni'n' ushi'n wol taliymatlar xali'q fantaziyasi' menen bayi'g'an na'tiyjede afsana ha'm rawayatlar xali'qtin' filosofiyali'q ko'rkem wo'ner, go'zzali'q ha'm a'dep-ikramli'q ideyalari'n sa'wlelendiriw formasi'na aylang'an.

Bul ulli' ruxi'y qa'driyat u'lgisin woqi'g'an sayin diniy inani'mlarda insanni'n' dun'yani' biliw mu'mkinshiligine ko'len'ke bolmay, iman ha'm etiqat dun'yani' biliwdin' wo'zine ta'n formasi' al bilim bolsa insanni'n' rawayatlarg'a iseniwi ha'm ele ken'eyip ha'm teren'lep ketpegen a'meliy iskerliktin' na'tiyjesi si'pati'nda ko'rinedi. Insan rawayatlar menen ko'rsetilgen tu'siniklerden wonday qiyali'y kushlerdin' barli'g'i'na isengen. Qiyali'yli'qti'n' wo'mirliligine aylani'p woni'n' pikir qatnaslari'na qanat baylag'an.

Zardushliktin' rawayatlari'na, toli'q dun'yag'a ko'z-qaraslari'na qaray turmi'sta insanparwarli'qti', ti'ni'shli'q ha'm binayatkerlikti birinshi wori'ng'a qoyi'wi'nan woni' insani'yat tirishiliginde ulli' ruwxi'y sawg'a dep baxalawg'a boladi'.

### v) Mazdakizm, monizm ideyalari'ndag'i' ruwxi'yli'q

Manixeylik yaki Maniylik ha'reketi eretiklik ha'reketlerden boli'p, eramizdi'n' III-a'sirinde, yag'ni'y zardushtiylikten shama menen mi'n' ji'l wo'tkennen keyin Iranda ju'zege kelgen. Biraq bul ag'i'mni'n' tiykari'n sali'wshi'si' Maniy (216-276 j.j.) Zardusht siyaqli' yarim a'psanawiy payg'ambar yemes, al tariyxi'y shaxs boli'p tabi'ladi'.

Maniy da'wiri qul iyelewshilik du'zimnen feodalli'q du'zimge wo'tiw da'wiri boli'p tabi'ladi'. Jan'a da'wirge wo'tiw jan'a dinlerdin', Maniy kelbetinde jan'a payg'ambardi'n' payda boli'wi'na ali'p keldi. Qalg'an basqa dinlerdin' barlig'i'ni'n' worni'n basi'wi' lazim bolg'an Maniy na'siyatlag'an dinnin' wo'zine ta'nligi de zardushtiylik, xristianliq ha'm buddizmnin' ha'r qi'yli' ideyalari'n ji'ynap ja'mlewden ibarat. Mine usi' ha'rekettin' qa'liplesiw da'wiri Iranda sasaniyler hu'kimranli'g'i'ni'n' wornaw protsessine tuwra keldi. Sol zamanni'n' ha'kimleri maniylikti quwdalamadi'. Biraq keyinirek maniylik wolardi'n'' totalitar ma'mleketlerge qarsi' qarati'lg'anli'g'i'na isenim payda etkennen keyin, sasaniyler bul ag'i'm ta'repdarlari'n quwdalap basladi'. 276-ji'lda Maniy uzaq ma'mleketlerden qayti'p kelgennen keyin, Varaxran I Sasaniydin' buyri'g'i' menen zindang'a taslandi' ha'm jawi'zlarsha wo'ltirildi.

Maniy bay a'debiy miyras qaldi'rg'an bolsa da woni'n' tek biraz shig'armalari' g'ana, wonda da u'zik-juli'q ha'm qi'sqa-qi'sqa, tiykari'nan aramey (siriya), orta parsi' ha'm sog'd tillerinde jazi'lg'an shi'g'armalari' g'ana bizge shekem jetip kelgen. Keyin ala Maniydin' shi'g'armalari' ha'r qiyli' tillerge awdari'lg'an, siriya, parsi', parfiya, sogd, kopt, qi'tay, uyg'i'r tillerinde saqlani'p kelgen.

Maniy shi'g'armalari' ilimiy entsiklopediya ruwxi'nda boli'p, wolardi' woqi'wda kommentariyler (tu'sindiriwler) talap yyetiledi. Maniydin' du'n'yag'a ko'z-qarasi' ken' ma'seleler shen'berin: mifologiya, filosofiya, tariyx, geografiya, alximiya, astronomiya, matematika, botanika, meditsina ha'm basqa tarawlardi' wo'z ishine qami'rap alg'an.

Maniydin' a'dep-ikramli'li'q doktrinalari' tiykari'nan woni'n' shig'armalarinda «Sir ul asror» («Siru asror kitobi»), «Kitob-ul-xuda vost tadbir» («Basshiliq ha'm basqariw kitabi'»), «Shaburkan» («Shapurakan») ha'm basqalarda bayan yetiledi. Beruniy Maniydin' son'g'i kitabi'na Joqari' baha berip, woni' parsi' kitaplari arasi'nda yen' isenimlisi dep ta'riypleydi. Sebebi Maniy wo'z ni'zami'nda jalg'an so'z ayti'wdi' qadag'an yetken ha'm sol sebepli wol tariyxti' qanday da bir jalg'anlasti'ri'wg'a, burmalawg'a mu'ta'j bolmag'an.

Du'n'ya - nur ha'm qaran'g'i'li'qti'n' ma'n'gilik gu'resi maydani'. Insanni'n' wazi'ypasi bolsa–jawi'zli'qti' u'zil-kesil joq yetiw ushi'n jaqsi'li'qqa ko'meklesiw dep ta'n ali'wi' maniyliktin' tiykarg'i' ideyalari'nan biri boli'p tabi'ladi'. Maniy wo'z zamani'ndag'i' bilimlerdin' barli'g'i'n qamti'p ali'wg'a umti'lg'an ha'm wolardi' wo'z filosofiyali'q ko'z-qaraslari' turg'i'si'nan tu'sindirip, insanlar massasi'n a'meliy etika ha'm insansu'yiwshilik qurali' menen turmi'sqa jaqi'nlasti'ri'wg'a ha'reket yetken.

Filosofti'n' ta'liymati'na ko're ja'miyet adamlardi'n' yeki taypasi'nan ibarat boli'wi' lazim. Birinshi taypa klassik aristokratiya (jarli'li'qta shaxslard'i'n' hasi'lzadalar) boli'p wolar kem mug'dardag'i materialli'q bayli'qlar menen qanaatlani'p, asketlershe turmi's keshiredi. Wolar turmi's qurmaydi', ma'niylik ja'ma'a'tleri ag'zalari'n duwa qi'li'p wolardi'n' gu'nalari'ni'n' keshiriliwin qudaydan tileydi. Yekinshi taypa miynetkeshler massasi' ha'm sawdagerler boli'p, wolar Joqari' a'dep-iikramli'q turmi's keshiriwi, hesh kimdi (insandi' da haywandi da) wo'ltirmewi, go'shli tamaq jemewi, wonnan wo'zlerin ti'yi'wi' ha'm soni'n' menen Nur ha'm Jaqsi'li'q ku'shlerinin' jen'iwine ko'meklesiwi lazi'm. Maniy yeki du'n'ya bar deydi. Biri – adamlar real ta'rizde jasaytug'i'n du'n'ya boli'p, wonda a'dalatsi'zli'qlar, zuli'mli'q hu'kim su'redi, insan kamalatqa yerise almaydi'. Yekinshi du'n'ya «Nur du'n'yasi» dep atalg'an du'n'ya, «ma'n'gilik karamatshi'» boli'p, woni'n' ilahiy qabi'g'i' almastan jasalg'an, wol hesh qasha jemirilmeydi ha'm jawiz niyetli birde bir dushpan wonsha ju're almaydi'. «Barli'q go'zzal na'rselerdi wol

jaratqan» soni’n’ ishinde adamlardi’ da wol jaratqan, adamlar bolsa «za’rreshelik de zuli’mnan hali’dur, bunda ha’r bir adam wo’z qa’lewinshe ha’reket etedi, ha’m wo’z erki-qa’lewi menen jasaydi’»

Maniydin’ mine usi’ ideyalari’ feodal aristokratlardi’ qorqi’ni’shqa salg’an, wolar bul ideyalardi’ menshik ha’m bayli’qqa qa’wip Sali’p, ka’mbag’allar arasi’nda ken’ tarqalg’an mal-mu’lkti ten’ bo’listiriw urani’na shaqi’ri’w dep bilgen.

Maniydin’ pikirinshe, Nur ha’m qaran’g’i’li’q, jaqsi’li’q ha’m jamanli’q du’n’yasi’ ortasi’nda ayawsi’z gu’res boladi’. Jaqsi’li’q mine usi’ gu’reste jen’iwi ushi’n insan wo’zinin’ barli’q pikirleri, isleri menen jaqsi’li’q ku’shlerine ja’rdem ko’rsetiwi lazi’m. Bunin’ ushi’n insan bir qansha a’dep-ikramliliq aqi’ydasi’n wori’nlawi lazi’m.

Maniy ta’liymati’na ko’re, insan sap musaffali’qqa, «gu’nalardan hali’li’qqa» tek ta’rki du’n’ya boli’p turmi’s keshiriw arqali’ g’ana yerisiwi mu’mkin. Maniyliktin’ a’dep-ikramli’li’g’i’ dindarlardan ilaji’ bari’nsha kem awqat jewdi, oraza tuti’wdi’, arti’qmashli’qqa jol qoymawdi’, wortasha turmi’s keshiriwdi talap yetedi. Maniy wo’z mu’ridlerin du’n’yali’q islerde «surbet» bolmasli’qqa ha’m bul du’n’yada ko’p na’rselerge umti’lmasli’qqa shaqi’radi’. «Wo’ytkeni o’limnen keyin hesh kimsede ruzig’ar a’sbaplari’ menen ha’wli de, u’y de qalmaydi’». Maniy wo’zinin’ du’n’yada ko’p ha’kimlerdi ko’rgenin, wolardi’n’ du’n’yada a’depsizlik yetip, menmenlikke berilip ju’retug’i’nli’g’i’n, biraq aqi’r-aqi’betinde wo’kinishge ha’m tubanli’qqa beriletug’i’nli’g’i’n ayti’p wo’tedi.

Solay yetip, Maniy ta’liymati’nda diniy aqidalar menen bir qatarda Mifologiyali’q elementlerdi de (Mi’sali’: Nur du’n’yasi haqqi’ndag’i utopiya, bunda a’dalat, azatli’q, kamalat saltanat su’redi) ko’riw mu’mkin, wolar xali’q massasi’ni’n’ woy-pikirleri ha’m arziw-u’mitlerin sa’wlelendiredi. Uliwma alg’anda Maniy ta’liymati’ belgili da’rejede diniy asketizm xarakterine iye bolg’an ta’liymat.

V-a’sirdin’ aqi’ri’ ha’m VI-a’sirdin’ basi’nda Iranda «Mazdakiylik» dep atalg’an basqa bir diniy-filosofiyali’q ta’liymat ju’zege kelip, ol da Orayliq Aziyada ken’ tarqaldi.

Mazdakiyliktin’ ha’m woni’n’ menen baylani’sli’ bolg’an xali’q ha’reketlerinin’ ju’zege keliwin feodal ekspluatatsiyasi’ni’n’ ku’sheyiwi, diyxanlar menen feodallar arasi’nda klassli’q gu’restin’ keskinlesiwi keltirip shig’ardi.

Mazdakiylik Maniy ta’liymati menen ko’p uqsasli’qlarg’a iye. A’debiyatlarda mazdakizm maniylik ta’liymati’n toli’qti’ri’p, woni’n’ asketlik-u’mitsizlik ideyalari’n du’n’yag’a u’mit penen qaraw ideyalari’na almasti’rg’anli’g’i’, bul u’mit ideyalari’ wog’an ko’birek ta’sirshen’lik bergenligin atap wo’tedi. Bul ta’liymattin’ tami’rlari’ zardushtiylikke de bari’p tireledi.

Maniylik siyaqli’ mazdakiyliktin’ de du’n’yani’ tu’siniw tiykari’nda bir-birine qarama-qarsi’ yeki negiz’ jaqsi’li’q ha’m nur, qaran’g’i’li’q ha’m jamanli’q gu’resi jatadi’. Bunda jaqsi’li’q ha’m nur tiykarlari’ adamlardi’n’ sanali’ ha’m yerkin do’retiwshiligi wo’nimi bolsa, qaran’g’i’li’q ha’m jamanli’q wo’z ta’biyati’na qaray tek ko’re bile ha’m wo’z basi’mshali’q penen is ko’riwi mu’mkin, bular adamlardi’n’ nadanli’q is-ha’reketlerinin’ wo’nimidur.

Adamlardin’ wazi’ypasi’, jaqsi’li’q ku’shlerine ja’rdem beriwden ha’m buni’n’ menen wolardi’n’’ saltanat su’riwin an’satlasti’ri’w ha’m tezlestiriwden ibarat boli’p tabi’ladi’. Mazdakiyliktin’ etikaliq ta’liymati’ni’n’ xarakterli qa’siyeti sonnan ibarat, wol a’dep-ikramliliq negizlerin ha’m adamni’n’ minez-quliq sebeplerin insanni’n’ wo’zinen, woni’n’ ta’biyati’nan keltirip shig’armaydi’, ba’lki buni’ ja’miyette jawi’z ku’shlerdin’ hu’kimranli’q qi’li’wi’ menen baylani’sli’ dep ko’rsetedi.

Mazdaktin’ pikirinshe, sotsialli’q ten’sizlik ju’zege kelgennen keyin qaran’g’i’li’q penen jawizliqtin’ jen’isi baslanadi’. Sotsialli’q ten’sizlik adamlar wortasi’nda g’a’rezgo’ylik, ziqnali’q, urli’q, wo’tirikshilik, ma’kkarli’q, miyrimsizlik uri’slar, ha’r qi’yli’ pa’leketler ha’m baxi’tsizliqlar siyaqli’

illetlerdi keltirip shig'aradi. Hayallarg'a ha'm mal-mu'likke ten'sizlik penen iyelik yetiw tiykari'nan mine usi' illetlerdin' tami'ri'n quraydi'. Sol sebepli wol jawi'zli'q ku'shlerin ha'm wol keltirip shig'aratug'i'n barli'q illetlerdi saplasti'ri'w ushi'n ten'sizlikti payda yetiwshi tiykardi'n' wo'zin joq yetiw, hayallar ha'm mal-mu'likti ha'mmenin' bayli'g'i'na aylandi'ri'w za'ru'r dep yesaplaydi'.

Mazdakti'n' ayti'wi'nsha, quday adamlar wo'zleri ten' bo'lisip alsin dep wo'z na'metlerin (inamlarin) adamlarg'a berdi. Biraq, menmenlik ma'pleri ta'siri asti'nda bul bo'listiriw kem-kemnen nahaq tu's ala berdi. Sol sebepli, dep ko'rsetedi Mazdak, da'wletli adamlardi'n' mal-mu'lkinin' bir bo'legin tarti'p alip, woni' ka'mbag'allar wortasi'nda bo'listirip beriw a'dil is boladi', wo'ytkeni ka'mbag'allar da mal-mu'lik iyeleri kibi a'ne usi'nday huqi'qqa iye.

Bul ta'liymatti'n' xali'q massasi' ta'repinen qollap-quwatlani'wi' ha'm woni'n' tek Iranda g'ana emes, ba'lki Orayliq Aziya ha'm A'zerbayjanda da ken' tarqali'wi'ni'n' sebebi de usi'nda. Mazdakiylerdin' sotsialli'q ha'm ekonomikaliq ten'sizlikti joq yetiw ha'm a'dalatli' ta'rtipler wornatiw za'ru'rligi tuwrali' talabi' diyxanlar ja'ma'a'tleri ha'm wog'ada awir awhalda bolg'an qala miynetkeshlerinin' ha'r qi'yli' toparlari' ma'plerine sa'ykes yedi. Na'tiyjede ha'mme jerde diyxanlar qozg'alan'lari' ko'terile basladi', bay adamlardi'n' mal-mu'lki tarti'p ali'ni'p, ja'ma'a'shi diyxanlarg'a bo'lip berildi.

Feodal aristokratlar mazdakiyler ha'reketin ku'ta' u'lken qa'wip dep bilip, woni'n' ta'repdarlari'n ayawsi'z jazaladi'. Bul ha'reket ayawsi'z basti'ri'ldi'. Biraq mazdakizm ta'liymati' ha'm woni'n' aldin'g'i' ideyalari' ko'p a'sirler dawami'nda Iranin' wo'zinde de, sonday-aq Orayliq Aziya ha'm A'zerbayjanda da xali'q ko'terilislerinin' ideyali'q bayrag'i' boli'p xi'zmet yetip keldi (Ma'selen, Abumuslim, Muqanna ha'm Babek ko'terilisleri mazdakizm ta'liymati'ni'n' ku'shli ta'siri asti'nda baslang'an yedi).

Mazdak ta'liymati'ni'n' ideyali'q tiykarlari'n go're sol da'wirde u'stemlik etken feodal ideologiyasi'na qarama-qarsi' bolg'an, feodalli'q ja'miyet negizlerine ziyan tiygizgen, haq-huqi'qsiz xali'q massasi'ni'n' ma'selelerin

sa’wlelendirgen. Bul ta’liymat Orayliq Aziyada bir qatar basqa ideologiyali’q kontseptsiyalardi’n’ ju’zege keliwine, musi’lman Shi’g’i’si’ ma’mleketlerinde de xristianlar jasag’an Batis ma’mleketlerinde de xali’qlar azatli’q ha’reketlerinde u’lken a’hmiyetke iye bolg’an ruwxi’y joqari’lawi’nda, a’sirese wolardi’n’’ a’dalat hu’r pikirlik ag’i’mi’na ta’sir ko’rsetken yedi.

## II-bap. Tu’rki da’reklerdegi Ruwxi’yli’q

### 1. Eski tu’rkler ruwxi’yli’g’i’

Tu’rklerdin’ arg’i’ atasi’ xunlar boli’p, wol Mug’ulstanda jasag’an. Wolay dewimizdin’ sebebi a’yyemgi xunlar, ko’k-tu’rkler ha’m basqa ma’mleketler Orxan (Urxun) boylari’nda jaylasqan yedi. Lekin tariyxi’y leksikografikaliq ha’m da’stanli’q da’lillerge tiykarlang’an izertlewler tu’rktin’ ana jurti’ Altay-Ural tawlari’ni’n’ arasi’nda yekenligin ko’rsetedi. Qitay da’reklerine qarag’anda, xunlar na’silinen kelgen ko’k-tu’rkler Altaydin’ qublasi’nda jasag’an ha’m bul jer Ta’n’irge maqul bolg’an da’stu’rler worayi atanip ha’r ji’ldin’ besinshi ayi’ni’n’ segizinshi ku’ni Ta’n’rinin’ ha’m ulli’ adamlardi’n’ ruwxlari’na qurbanli’q shali’p, diniy bayramlar qi’lg’an. Buni’ maqullag’an Mirza Ulig’bek Altay tawlari’ni’n’ belgili bir Argunaxan dep atalatug’i’n worni’nda qiyatlar ha’r ji’li’ kelip bayramlar sho’lkemlestiretug’i’nli’g’i’n bolg’anli’g’i’n ko’rsetedi[1]. Uliwma Altay a’sirler dawami’nda xun, ko’k-tu’rk, uyg’i’r, keyinirek mug’ullar ha’kimiyati’nda imperatorg’a ju’da’ qolayli’ a’hmiyetli wori’n dep yesaplang’an.

Tariyxti’n’ ko’rsetiwinshe Tu’rkistan wo’z tariyxi’nda du’n’yani’n’ to’rtten bir bo’legine hu’kimranli’q yetken. Wolar Qitay, Hindstan, Afganistan, Xorasan, Iran, Azerbayjan, Kavkaz, Gretsiya, Rim, Siriya, Misir, Arqa Afrika, Shi’g’i’s ha’m Orta Evropa. Balqan yelleri bastan-ayaq tu’rklerge bag’i’ndi’ri’lg’an ha’m hu’kimlik maydani’na aylandi’ri’lg’an. Tu’rkler wol u’lkelerde bir qansha ma’mleketler du’zgen.

Islam ha’m xristian dinlerinde: «Tu’rkler Allanin’ a’skeri» delingen. Imam Ag’zam Abu Xanifa ha’zireti, haj waqti’nda «A’y Alla, Men senin’ ushi’n Muxammed shariyati’na boysi’ndi’m. Eger tutqan joli’m tuwri’ bolsa, xi’zmetim haq bolsa, mag’an ja’rdem qi’l» dep tabi’ni’pti’. Sonda g’ayi’ptan kelgen dawi’s wog’an: «Sen tuwri’ so’yledin’. A’lbette, qi’li’sh ha’mme waqi’t tu’rklerdin’ qoli’nda yeken, mazhabi’n’a zawal joq» dep juwap bergen.

---

[1] J.Bazarbaev Ruuxiyatimiz marjanlari N., N. Bilim 2008 j. 77-78 b

Ha’zireti Muxammed payg’ambari’mi’z tu’rkler haqqi’nda bi’lay degen: «Tu’rkler Sizge tiymegenshe, siz ha’m wolarg’a tiymen’» Bul ha’dis Abu Daud Sujistoni’ydin’ «Suxon» ha’dislerinde qollani’li’p ha’m ko’plep tariyxi’w shig’armalarda ko’rsetilgen[1]».

Arablar Maverennaxrg’a kelgende tu’rik ma’mleketi uli’wma ko’p sanli’ qa’wimlerge bo’linip ketken edi. Tek Tu’rkistan ha’m Afg’ani’standag’i’ tu’rklerdin’ bekleri ha’m hu’kimdarlari’ Watani’n qorg’awg’a umti’lg’an. Biraq wolar birige almag’an. Qutayba Buxarani ha’m Samarqanddi’ jawlap alg’an. 705-725 ji’llari’ Shashta (Tashkent) wo’zinin’ ja’ma’a’lari’n payda etken.

Bunnan keyin Orta Aziyag’a talas ushi’n 751-ji’li’ iyul’ ayi’nda ha’zirgi Talas maydani’nda arablar menen qi’taylar wortasinda uris bolg’an. Wonda islamshi’lar ha’m tu’rkler jen’iske eristi. Buni’n’ sebebi tu’rklerdin’ islamiyat ta’repin ali’wi’, tu’rk a’skerlerinin’ xalifali’qlar arasi’nda ko’beyiwi yedi.

Uliwma tu’rklerdin’ islamg’a ja’ma’a’ boli’p kiriwi, birden bolmay, X a’sirge deyin sozi’ladi. Og’izlar ha’m qarluqlar, ko’k-tu’rklerden keyin eki a’sir dawami’nda arablarg’a qarsi’ gu’resip, wo’zinin’ azatli’g’i’n qorg’ag’an. Lekin arablardi’n’ wolar menen kelisim jasawi menen 960-ji’li’ yeki ju’z mi’n’ shati’rdan ibarat ko’shpeliler jalpi’lamay islamdi qabil yetken.

Wonnan keyin musi’lman tu’rkleri ka’pirdey sanalg’an tu’rklerge qarsi’ gu’resken. Bul haqqi’nda Maxmud Qashg’ariy zamani’nan qalg’an mi’nanday ga’pler bar: «Rasulullah Mirajg’a shi’qqanda payg’ambarlar arasi’nda bir kisini tani’mapti’. Ja’bireyil perishteden woni’n’ kimligin sorapti’. Wol woni’n’, yag’ni’y Muxammedtin’ payg’ambar bolg’ani’nan keyin 333-ji’ldan son’ Tu’rkistandi’ dinimizge baslawshi’ Sobun Bograxanni’n’ ruwxi’ yekenligin bildiredi. Payg’ambar jerge kelip wog’an duwa qi’ladi’». Haqi’yqati’nda tariyxta Bograxan hu’kimdar bolg’anda islam dini Tu’rkistanda ken’nen yen’ jayg’an. Wol toqsan alti’ jasi’na shekem, yag’ni’y wo’lgenshe qi’li’sh penen A’miwda’r’ya boylari’na deyin, Qubladan Hindstang’a sheyin, arqadan

---

[1] Usmon Turan Tu`rk xaliqlari mafkurasi, Chulpon nashriyati, 1995 jil 102 bet

Qaraquri’mg’asha bolg’an territoriyalardag’i’ tu’rk- ka’pirlerdi islam dinine bag’i’ndi’rg’an.

Maxmud Qashg’ariy tu’rklerdin’ islamiyatqa qatti’ baylang’anli’g’i’na ju’da’ isengen islamiyat da’reklerinde «Menin’ tu’rk ismli Shi’g’i’sta jaylasqan bir a’skerim bar. Eger bir qa’wimge g’a’zeplensem, tu’rklerdi solardi’n’’ u’stine jiberemen» degenin keltiredi.

Tu’rkistan u’lkesi haqqi’nda Faxratdin Mubarak Shax (XII a’sir) «Shi’nnan (Qitaydan) Rum u’lkesine deyin, Arqani’n’ muzli’ jag’alari’na deyin sozi’lg’an barli’q u’lkeler Tu’rkistandur. Jer ju’zinde Tu’rkistannan biyik ma’mleket joq» dep keltirse, XIII a’sirdegi belgili geograf Yaqut «Jer ju’zinin’ to’rtten bir bo’legi bul Tu’rkistan u’lkesi». Sol Mu’ba’rek shax: arabshadan keyin tu’rksheden go’zzali’raq ha’m saldamli’raq til joq. Qa’dim zamanlardan beri a’mir ha’m komandanlardi’n’ ko’pshiligi tu’rkdur. Da’wlet, hamal, alti’n ha’m gumis, ha’m pu’tkil xali’q wolardi’n’ xi’zmetindedur. Xali’qlar tu’rklerdin’ da’wleti sayasi’nda izzet-ikram qi’li’ng’ani’ ushi’n bu’gin buri’ng’i’dan da ko’birek tu’rkshege qi’zi’qsi’nbaqtadur» dep keltirgen.

Tu’rkler wo’zinin’ sha’rayati’na baylani’sli’ hindstanli’qlarg’a ilayi’q uri’sti’ gu’na’ dep tu’sinbegen, ba’lki a’det, ha’tteki, sawap dep yesaplag’an. Da’stanlarda ko’rsetilgenindey, Og’uz xan ma’mleketti balalari’na tapsirg’anda «A’y ullari’m! Men qartayi’p qaldi’m. Ko’p uri’s qi’ldi’m. Ko’k-Ta’n’irge bolg’an buri’shi’mdi’ atqardi’m» degen yeken.

Tu’rklerdin’ bunday qu’diretliligine tiykar bolg’an sebep woni’n’ dini ha’m ma’nawiyati’ yedi.

Tu’rkistan X a’sirde toli’q islamiyatqa kirdi. Soni’ ayti’w kerek, Tu’rkler islamg’a basqa milletler siyaqli’ zorliq penen emes, tiykari’nan wo’zlerinin’ qa’lewi menen wo’tti. Bunin’ sebebi yeski tu’rk dini ta’n’irshiliktin’, tiykarg’i’ aqi’ydalari’ islamg’a ju’da’ jaqi’n yekenligi. Siriyali’ Mixayldin’ pikiri boyi’nsha «Tu’rk milletinin’ a’zelden bir Ta’n’irge isengenligi islamdi’ qabi’l yetiwge sebep boldi» dep ko’rsetedi.

Gerodotti'n' ayti'wi'nsha, ta'n'irshilik tariyxi' bizin' yeramizdan burin XI a'sirge bari'p taqaladi'. Xunlar da'wirinde «Ta'n'ri» tu'sinigi aspandi' uli'g'lawdi' bildirgen. X a'sirdin' birinshi yari'mi'nda og'uzlarg'a ziyaratqa kelgen xalifali'q elshi Ibn Fadlean: «Tu'rklerdin' birinin' basi'na bir mashqala tu'sse ol basi'n Joqari' ko'terip «Ta'n'ir bir» dep duwa etedi» deydi. Belgili Mongu xan wo'zinin' ken'esinde «Biz tek bir g'ana Ta'n'rinin' barlig'ina, woni'n' sayasi'nda jasap ati'rg'anlig'imizg'a ha'm woni'n' ha'miri menen o'letug'i'nli'g'i'mi'zg'a isenemiz» degen.

Orxan jaziwlari'na qarag'anda haqan ha'm bekler wo'liwi menen wolardi'n' ruxlari' qusqa qusap, ko'kke, Ta'n'rinin' jani'na ushadi, dep qabi'l yetilgen. Bizde Sulayman Baqirg'aniydi'n' kishi balasi' Sultan U'bbi a'kesine o'kpelep kepterge aylani'p ketti, degen a'psanalarg'a bul tu'siniklerdin' ta'siri tiygen boli'wi' da itimal.

Ta'n'irshilikte payg'ambarlar, muxaddes kitaplar, perishte kibi tu'sinikler bolmag'an. Tek Orxan jazi'wlari'ndag'i' Umay ta'ripi wo'zine itibardi' tartadi'. Wonda haqanlardin' analari' Umayg'a uqsati'ladi. Maxmud Qashg'ariy Umaydi, ana qarni'ndag'i' balalardi'n' qorg'awshi'si' retinde su'wretleydi. Al bizin' fol'klori'mi'zda Umay ana analardi'n' piri retinde keltiriledi.

Ta'n'ri dininde belgili bir ibadatxanalar bolmag'an. Biraq adamlar bayram, ma'resimlerde ha'm basqa payi'tlarda shin ju'rekten ko'kke qarap duwa qi'lg'an. Mi'sali', Chingisxan Xorezm imperatori'na qarsi' uri'sqa kirer aldi'nda bir to'be u'stine shi'g'i'p, basi'n ashi'p, qamari'n moyni'na baylag'an halda betin topi'raqqa basip u'sh keshe, u'sh ku'ndiz jen'isti beriwin sorap, Ta'n'irge duwa qi'lg'an.

Xalqi'mi'zdi'n' wo'tmishine qarasaq, bizin' ata-babalari'mi'zdi' moyni'na ala jip Sali'p qudayg'a tabi'ni'w ku'ni keshege deyin, a'sirese ekinshi Watandarli'q uri's da'wirinde ko'birek ko'ringeni belgili. Sonday-aq bizin' belgili shayi'ri'mi'z Berdaqta:

«Ala jip Sali'p moyni'na,

Ko'z jasi' toli'p qoyni'na,

Tu’sip sayi’lli’q joli’na,

Bir neshsheler wo’tken yeken» dep bildiredi.

Ta’n’irshilikte shamanlardi’n’ («porxanlardin’») roli ku’shli bolg’an.

Iran tariyxshi‘si’ Juvayniy «Shamanlardi’n’ so’zi ha’m duwasi menen shaxzadalar qatti’ yesaplasadi’, wolardi’n’’ pikirlerin yesitpesten bir iske kirispeydi. Shamanlar kesellerdi de dawalaydi’» dep ko’rsetedi. Tu’rkler shamanlardin’ Ta’n’iri menen mu’na’sibette bolatug’i’nli’g’i’na isengen. Wol haqqi’nda Rashidaddin Shi’n’g’i’s qasi’ndag’i Tab Ta’n’ri laqabi’ndag’i’, tawda jalan’ayaq, jalan’bas, ha’tte tir jalan’ash ju’retug’i’n shamannin’ ko’kke shi’qqanli’g’i’n, ha’r sapar Shi’n’g’i’sxannin’ qasi’na kelip Ta’n’rinin’ ku’shliligin ha’m woni’n’ du’n’ya hu’kimdari’ bolatug’i’nli’g’i’n ko’rsetip turg’an, dep bayanlaydi’.

Sol Juvayniy komlardi’n’ («shamanlardin’») keleshekten xabar beretug’i’nli’g’i’n, ku’shin ayta kele, wolar ay ha’m quyashlardi’n’ tuti’li’wi’n aldi’n ala xabarlaydi’, dep bildiredi.

Ko’k-tu’rklerde wotqa tabi’ni’w ju’da’ a’hmiyetli wori’ndi iyelegen. Wolar, shet yelliklerden biraq, aymaqqa kelse, xanni’n’ aldi’na kirip ati’rg’anda shamanlar ta’repinen yeki wotti’n’ arasi’nan tazalani’p wo’tetug’in bolg’an. XI-a’sirde grek elshisi Zemarkos ko’k-tu’rkler shegarasi’na solay etip kirip kelgenin ko’rsetedi. P. Garpini Altin Orda hu’kimdari Batiy xan aldi’na kirip ati’rg’anda yeki wotti’n’ arasi’nan wo’tkizetug’i’nli’g’i’n ha’tte, marhumni’n’ zatlari’n da’slep wotta tazalaytug’i’n, wonnan son’ qollani’latug’i’nli’g’i’n aytadi’.

Demek, bizin’ ku’nlerimizge deyin jetip kelgen kelinlerdi wottan atlati’w, awi’ri’wlardi’ ot penen alaslaw, sol Ta’n’irge isenim da’wirinen qalg’an sarqi’tlar bolsa kerek.

Al shamanlar bolsa bizin’ yelimizde awi’ri’wlardi’ yemlewge ha’m ji’n-ji’pi’rlardan tazalawg’a xi’zmet etkenligi ku’ni keshege deyin bolg’ani’n bizin’ 2005-2006-ji’llari’nda Qaraqalpaqstanni’n’ arqa rayonlari’nda bolg’an etnografiyali’q ekspeditsiyalari’mi’zdi’n’ materiallari’nda ushi’rasadi’. A’sirese

wonda Jumaniyaz porxanni’n’ ha’reketleri xalqi’mi’zdi’n’ yesinde yelege deyin saqlanip qalg’an.

Belgili ilimpaz, jazi’wshi’ Qalli Ayi’mbetov wo’zinin’ «Wo’tken ku’nlerden yelesler» degen miynetinde «Porxan keldi» degen a’n’gimesinde «Ayag’i’ jalan’ayaq porxan u’yinde qa’ste adami’ bar bir shan’araqqa kelip awri’wlardi’ ji’ynadi’. Keshke taman zikir saldi’. Porxanni’n’ jarag’an tu’yedey baqi’rg’an dawi’si’ ha’mmeni tik ayaqqa turg’i’zdi’.

Porxan bir waqi’t sekirip u’ydin’ shan’arag’i’na asi’ldi’. Awzi’nan ko’bigi ag’i’p baqi’ri’p ha’r kimge bir da’pinip ju’rdi. Porxan qatar woti’rg’an hayal-bala shag’alardi’n’ arqasi’na shappat penen uri’p jiberdi. Sonda wolar yesinen awi’p tali’p qulap qaldi’. Yekinshi ret bari’p jawri’nlari’na shappat penen urg’anda qulap jati’rg’anlar yesi yenip wori’nlari’nda g’azday qatarlasip woti’rdi’. Azanda qati’nlar na’wbet penen kirip porxang’a qoli’ni’n’ tami’rlari’n uslati’p, awi’rg’an jerin ayti’p ko’rgen tu’slerin jori’tti’. Ji’ynalg’an ko’pshilik porxandi’ maqtap, wo’zlerinin’ i’rza bolg’ani’n aytip atag’anlari’n berdi. Porxanda wolarg’a patiyasi’n berip tez jazi’latug’i’ni’n ayti’p jolg’a tu’sti. Awi’ldi’n’ balalari’ porxanni’n’ izinen ta’wiraq jerge erip bari’p qaldi»[1].

Tu’rkler arasi’nda jamg’i’r ha’m qar jawdi’ri’wg’a baylani’sli’ isenimler ha’m iskerlikler ko’p bolg’an. Qi’tay da’reklerine qarag’anda, tu’rkler g’ayri’ ta’biyiy ku’shlerge hu’kim etip, qa’legen payi’tta samal estirtip ha’m jamg’i’r jawdi’ratug’i’ni’nan xabar beredi. Xunlar dushpanlardi’n’ u’stine qar, dawi’l, jamg’i’r, boran jiberip woni’n’ ja’rdeminde jen’iske erisken. Oni’ «Yada tasi’» dep atag’an.

Bul ha’diyselerdi arab xalifalari’ yesitip hayran qalg’an. A’sirese, A’mir Ismail Ibn Axmad (892-907) tu’rklerge qarsi uri’sta bul ha’dislerge kimde-kim isense ka’pir bolatug’i’nli’g’i’n ayti’p yeskertken. Lekin, yerten’ine ayti’lg’an waqi’tta taw u’stinen bir qara bult ko’terilip, gu’ldirmama guldirlep, qaran’g’i’ tu’sken. Bul qorqi’ni’sh waqiyani’ ko’rip A’mir Ismail attan sekirip tu’sip

[1] K.Ayimbetov, Otken ku`nlerden elesler No`kis Karaqalpaqstan 2008 jil 31-32 betler

Allag'a jalbi'ri'ng'an. Biraq bultlar bular turg'an to'be u'stine kelip sheleklep quyg'an ha'm wolar qashi'wg'a ma'jbu'r bolg'an[1]».

Maxmud Qashg'ariy Tu'rkler «Bir tas penen (Yay-Yada) menen ka'ramat qi'ladi'. Samal ha'm jamg'i'r shaqi'radi'. Bul ken' taralg'an boli'p, men de woni'n' gu'wasi boldi'm» deydi.

Arab Muxammed Ibn Xusayin at Tu'siy: «Tu'rklerde tu'rli ren'de Yay (jay J.B.) tasi' boli'p wol arqali' jamg'i'r, dawi'l ha'm qar jawdi'radi'. Woni' basqari'wshi'lardi' «Yotshi» deydi. Yotshilar arasi'nda sonday adamlar bar wolar qi'shlaqti'n' bir ta'repinde qar jawdi'rsa yekinshi jag'i'nda quyash jarqi'rap turadi'. Tu'rkler bunday taslardi' sawashqa ju'riwde wo'zleri menen ali'p ju'redi ha'm wolar ja'rdeminde jen'iske yerisedi[2]» deydi.

Xorezmshax a'skerlerinin' tiykarg'i'bo'legin qurag'an qan'li'lar arasi'nda Usi' wo'nerge iye bolg'anlar bolg'an. Oqtay qaqan bir saparda bir shamang'a yay (Yada) qiliwdi buyirg'an. Jaz wortasinda qar ha'm jamg'irg'a joli'qqan qi'taylar qorqi'ni'shqa tu'sken[3]

Uli'wma «Jay tas» haqqi'nda tu'sinik bizin' babalari'mi'zda ushi'rasqanli'g'i'na bizin' da'stanlari'mi'zda gu'wali'q beredi. Mi'sali' Koblan da'stani'nda:

Aldi'mda ag'am joq yedi,
Keynimde inim joq yedi,
Kostar qi'li'p wo'zime,
Kulak salsan' so'zime,
Sorap keldin' xaniyem.

«Jay tas degen tasi'n'di» degen qatarlardan ko'rinedi. Al samaldi shaqi'ri'w, jawi'ndi' taqtati'w tuwrali' ha'r tu'rli ko'rinisler, sorani'wlar qaraqalpaqlar arasi'nda «Kami's basi' qalti'rawi'q, Jeken basi jalti'rawi'q, Aydar, Aydar kishit» dep shaqi'ri'wlar, «Jawma-ku'nim jawma», «Men

---

[1] Usman Turon, Tu`rkiy xaliqlar mafkurasi, T., Chulpon nashriyoti 1995 yil 60 bet
[2] Bulda sol kitap 61 bet
[3] Bulda sol kitap 62 bet

atamni’n’tung’i’shi’man, Kazan qi’rg’an qi’rg’i’shi’man» degen ha’m tag’i’ basqa ko’rinisler sol tu’riklerdin’ «Jay tas» tu’siniginin’ qaldi’qlari’ boli’wi’da itimal.

Tu’rklerde wo’z jurti’na sadi’q boli’w, Watan ta’g’diri ha’m og’an muhabbat ju’da’ joqari’ ha’m basqa xali’qlarg’a u’lgi bolg’an. Eski tu’rk dinine baylani’sli’ «Tu’rk ta’n’risi» tu’rk milletinin’ qorg’awshi’si’ boli’wi’ menen birge tu’rk jurtlari’, a’sirese tawlari’ni’n’ bulaq suwlari’, ata-babalardi’n’ mazarlari’ ha’m xatiralari’ muhaddes boli’p, ruwxlani’wdi’n’ xi’zmetin atqarg’an. Wolardi’ xun hu’kimetinin’ hu’kimdari’ Metenin’ «Topi’raq - millettin’ tami’ri’dur, oni’ qalay bereyin» degen so’zi Watan ta’g’dirin tu’rklerdin’ yerteden-aq ardaqlag’anli’g’i’n ko’rsetedi.

Tu’rklerdin’ Qi’tayg’a bag’i’ng’an da’wirinde Qi’tay da’reklerinen tabi’lg’an Ishpara xanni’n’ to’mendegi so’zleri ibratqa i’layi’q. «Uli’mdi’ sarayi’n’izg’a jiberip ati’rman. Wol sizge ha’r ji’li shi’g’i’si hasi’l atlardi’ aparajaq. Men yerte Kesh ha’mirin’izge tayarman. Biraq kiyimlerimizdin’ aldi’n ashi’wg’a buri’ng’i’ kiyimlerimizdi sheshiwge, tilimizdi wo’zgertiwge ha’m sizin’ zan’lari’n’i’zdi’ qabi’l etiwge kelsek, bizin’ u’rp-a’detimiz ju’da’ yerteden bolg’ani’ sebepli og’an bati’li’m barmaydi’. Bizin’ milletimizdin’ qa’lbi birdur» degen yeken. Sonday-aq bizin’ xalqi’mi’zdi’n’ ataqli’ da’stani’ «Alpamista» Baysara baydi’n’ qalmaqlarg’a ko’ship kelgennen keyin Tayshaxang’a bari’p:

«Zakat desen’ bereyin,
Salg’art desen’ bereyin,
Dinimdi buzba xan ag’a,
Jurti’n’da dawran su’reyin» degen talabi’na ju’da’ uqsas.

Tu’rk xanlari’ Qutlug’, woni’n’ inisi Qapaxan ha’m balasi’ Bilge qi’taylarg’a qarsi’ on eki ma’rte uri’s ashi’p wo’zinin’ watani’n, wo’zligin saqlag’an. Buni’n’ sebebi tu’rklerdin’ joqari’ ma’nawiyatli’lig’i’ edi.

VIII-IX a’sirlerde Budda dininin’ ta’siri ku’sheygen gezde Bilge qaqan (716-734) Urxonda Budda dinine ibadat quri’w ma’selesinde wo’zinin’ aqi’lli’ wa’ziri ha’m qa’yi’n atasi’ Tunyukuh penen woylasqanda: «Wol dinler

insanlarg'a jumsaqli'q, kishilik yetetug'i'ni' ushi'n wolar tu'rklerdin' turmi's ta'rizine ha'm jawinger ruwxina jat yekenligin ha'm oni' qabil etiw na'tiyjesinde ha'dden ziyat ko'p sanli' qi'taylarg'a qarsi'li'qta jen'ilip qali'w mu'mkinshiligin bildirgen. Xan bul dani'shpanni'n' ma'sla'ha'tin duri's dep tapqan.

Keyin Bilge haqan bag'i'ni'shli' da'wirde wo'tkere almag'an qi'tay ta'siri haqqi'nda bi'lay degen «Shin milleti shiyrin so'z ha'm jumsaq mal (tawar) arqali' uzaqtag'i' qa'wimlerdin' kewillerin almaqshi' boldi'lar. Lekin aqi'lli' insanlardi' ba'ribir alday almadi'lar» degen.

Tu'rk xalqi' milliy ma'deniyati'n, nizam ha'm da'stu'rlerin muhaddes bilip ju'da' qatan'li'q penen qorg'ag'an.

Tu'rkler a'skeriy bilim, ta'rbiyada jetiklik Usi'llari ha'm bekkem ta'rtip sharapati'nda a'yyemgi Orta a'sirlerde jan'a da'wir baslari'nda du'n'yada u'stemlikti qoldan bermegen.

Al, tu'rklerdin' tariyx maydani'nda ja'ha'n ha'kimiyati' ideyasi' menen shi'g'i'wi' da'slep woni'n' tek ruwxi'y biyikligi g'ana emes, al woni'n' a'skeriy quwati' menen de yedi. Woni'n' materialli'q tarawda ku'sh artti'ri'wi'nda ko'zge tu'sken da'slep tiykar yedi.

Xanlar da'wirinen baslap tu'rkler wo'mirlerin at u'stinde wo'tkergen, at u'stinde awqatlang'an (Bizdegi at u'stine keldim, irkilmeymen degen so'z ba'lki sonnan bolar), qi'mi'z ishken si'pati'nda paydalang'an ham alti' a'skeriy ku'shlerdi urista sheber paydalani'w.

Orta Aziyadag'i' tu'rklerdin' jetisken qudreti. Tu'rkler-xunlar du'n'yada birinshi boli'p er-juwen, zangi-dizgin siyaqli' anjamlar shi'g'arg'an. Soni'n' menen birge atli' a'sker ushi'n mo'lshellengen shalbar, belbew,

Ayaq-kiyimnin' payda boli'wi' da tu'rklerge baylani'sli'. Soni'n' menen birge uzi'n qi'li'sh paydalang'an. At ha'm qural tu'rklerdin' ku'shin, quwati'n artti'ri'p du'n'yani' iyelewge tiykar etken. Bul da'wirde qiyatlar atti' tek arbag'a g'ana qosa alar yeken. Tu'rklerdin' atli' a'skerlerinin' tezlik hu'jimge ko'shkende wolardi'n' qarsi'li'qlari' sharasiz qalatug'i'n bolg'an.

Tu’rkler tosattan qi’li’ng’an hu’jimleri ha’m woni’n’ wo’zine ta’n usi’llari’ arqali’ ha’r qanday quwatli’ dushpanlardi’ da wayran yetken. Soni’n’ ushi’nda orta a’sirler dereklerinde tu’rkler «Dawi’lday birden payda boli’p qus si’yaqli’ birden ko’zden g’ayi’p boladi’» dep tu’sindirilgen. Soni’n’ ushi’n da qaraqalpaqlar at degenshe qanat desen’shi… degenler.

Na’tiyjede bul ta’sirden qi’taylar wo’zlerinin’ Ken kiyimlerinen ha’m kelte qi’li’shlari’nan waz keship, tu’rklerdin’ atqa miniwin u’yrenip, uzi’n qi’li’shlardan paydalang’an, yer-turman ha’mde jawi’ngerlik kiyimler jasawdi’ u’yrengen.

Evropali’lar bolsa atqa miniwdi tek qunlardi’n’ qol asti’nda jasaw sharapati’nda u’yrengen. Uli’wma qunlardi’n’ bati’stag’i’ jen’islerinin’ tiykarg’i’ sebeplerdin’ biri Usi’ atli’ a’skerler edi.

Soni’n’ menen qatar tu’rkler bizin’ eramizdan bir mi’n’ ji’l burin Sari jaydi a’skeriy qural retinde paydalang’an. Sari jaydi’n’ woqlari 300 metrge deyin ushi’p ju’z metr ali’sli’q yeki santimetr taqtaydi’ tesip yetetug’i’n bolg’an.

Chingisxan Tu’rkistandi’ jen’ip toy beriw payi’ti’nda woni’n’ tuwi’sqani’ ha’m a’skerbasi’lardi’n’ biri Esunge bes ju’z metr ali’sli’qtag’i’ ni’shanag’a sadi’q wog’i’n tiygizgen[1]

Tu’rkler basqalarg’a materialliq ma’deniyatti taratip qoymastan ruwxi’y ma’deniyattida en jaydirg’an.

Tu’rkler jen’impas millet bolg’anli’qtan wo’zleri menen berge shati’r-hammam ha’m tayar keselxanalardi’ wo’zleri menen birge ali’p ju’rgen.

Rimliler shati’r-hammamdi’ tu’rklerden u’yrengen ha’m qon’si’lari’na taratqan.

Wol da’wirde yeski grek ha’mde islam du’n’yasi’nda muri’n tazalaw woramali’ bolmag’anda M.Qashqariydi’n’ ayti’wi’nsha tu’rkler «muri’n tazalaw ushi’n kisege jipek mata parshalari’n Sali’p ju’rer edi» dep bildiredi.

Bular tu’rk babalari’mi’zdi’n’ du’n’ya tariyxi’nda iz qaldi’rg’an a’skeriy qu’direti, insani’yli’q kelbeti, ma’nawiy bayli’g’i’ni’n’ joqari’ bolg’anli’g’i’n

[1] Djon Men, Chingisxan, Moskva eksko 2008 jil 62-63 betler

ko'rsetip, bizin' milliy ideyamizg'a azi'q boladi' ha'm jaslardi' jawi'ngerlikke, watanparwarli'qqa ha'm ka'millikke u'yretiwde tiykarg'i' dereklerdin' biri boli'p yesaplanadi'.

## II.2. Qayqawistin' Qabusnama kitabi'nin' shi'g'i's ma'nawiyatindag'i worni'

Qabusnama kitabi' parsi' ta'jik tilinde jazi'lg'an Shi'g'i'stin' ulli' didaktikali'q shig'armalari'nan yesaplanip, XI-a'sirde xatqa tu'sken. Kitapti'n' avtori' Unsurulmaomiy Qa'yqawi's Kaspiy ten'izinin' tu'slik jag'alari'nda shaxslard'in' qabilalardan boli'p, ilimdi teren' iyelegen wo'z zamani'ni'n' belgili patshalari'nan boldi'. Wol ma'mleketti ilim tiykari'nda basqariwdi' qa'legen, adamlar arasi'ndag'i' qari'm-qatnas, a'dep-ikramli'li'qqa u'lken ma'ni beretug'i'n adam edi. Soni'n' ushi'nda wol turmi'stan alg'an wo'z ta'jriybelerin balasi'na da u'yretiwdi maqul ko'rgen. Sol tiykarda wo'z balasi'na wa'siyatnama tiykari'nda bir kitap jazi'p qaldiriwdi maqset yetken. Biraq bul kitapti' tek bir patshani'n' wo'z balasi'na jazg'an wa'siyatnamasi' si'pati'nda qarap bolmaydi'. Sebebi kitap Orta a'sirdegi estetikali'q ta'liymatlardi' toli'q wo'z ishine alg'an.

«Qabusnama» 1082-1083 ji'llar arasi'nda jazi'lg'an. Bul da'wirde Qa'yqawis 63 jasqa shi'qqan boli'p: «Perzentim, men qartaydi'm. Qartayg'an adamni'n' turmi's ta'jriybeleri mol boladi'. Soni'n' ushinda sag'an estelikke bir kitap jazip qaldi'ri'wdi maqset ettim» - dep aytadi'.

Son'in ala bul kitap u'lken dan'qqa iye boli'p du'n'yanin' ko'p g'ana tillerine awdari'ldi'. Qa'llibek Ismayilov awdarmasi'ndag'i' «Qabusnama» 1987-1991 ji'llarda eki ma'rtebe qaraqalpaq tilinde baspadan shi'qti'.

Bul kitap negizinen didaktikali'q tiykarda jazi'lg'an boli'p adam balasi'ni'n' turmi'sta tutatug'in worni' bilim iyelew, dos tan'law, wo'zinin' baxti ha'm qa'dir qimbati joli'ndag'i gu'resleri haqqinda so'z etedi. Soni'n' ushi'n da avtor bul joldin' tiykarg'i' tu'yinleri ta'rbiyag'a baylani'sli', - dep biledi. Qi'ri'q to'rt baptan ibarat bolg'an bul kitapti'n' ha'r bir babi'nda adamzat ta'rbiyasi'ni'n' en' a'hmiyetli ma'seleleri sheshilip baradi'. Sonliqtan da bul baplardi'n' ha'mmesi de wa'siyat tu'rinde jazi'lg'an. Ma'selen: «Ata-anani' hu'rmetlew haqqi'nda», «Wo'nerdin' arti'qmashli'g'i'», «Sheshenliktin'

a’hmiyeti», «G’arri’li’q ha’m jigitlik», «Sharap ishiw yaki ishpeslik qag’i’ydalari’», «Miyman ku’tiw», «Ishqi’ muhabbat haqqi’nda», «Monshag’a tu’siw», «Uyqi’law», «Du’n’ya mal ji’ynaw», «Perzentti ta’rbiyalaw», «Dos tan’law», «Ilim iyelew», «Shayi’rli’q penen shug’i’llani’w», «Xi’zmetkerlik» ha’m tag’i’ basqalar.

Qullasi’ adam balasi ushi’n za’ru’r ha’diyselerdin’ ha’mmesi de jazi’lg’an. Qayqawi’s «Ata-anani’ hu’rmetlew babi’nda da wog’ada a’hmiyetli ma’selelerdi wortag’a saladi’». Woni’n’ aytiwi boyi’nsha ata-anani’ hu’rmetlew ha’rbir perzent ushi’n pariz. Sebebi ata-ana perzentti bul jaqti’ du’n’yag’a ali’p keliwshi «Senin’ mu’mkinshiligin’ bolmag’an jerde ata-ana keshirimli. Biraq wo’z mu’mkinshiligin’ bola tura wolardi’ qartayg’an hali’nda qi’yi’nshiliqlarg’a giriptar yetpe. Sebebi wo’z ata-anan’a qanday mu’na’sibette bolsan’, wo’lgennen keyin senin’ ballarin’da tap wo’zin’e sonday mu’na’sibette boladi’» - deydi. Adam balasi’ bay ha’m jarli’ boli’wi’ mu’mkin. Biraq aqi’l jarli’si’ bolma. Aqi’lsi’zli’q penen payda bolg’an bayli’qti’n’ payani joq. Wol shel Sali’nbag’an suwg’a usaydi’. Bir tasi’ydi’ da izi joq boladi’. Soni’n’ ushi’nda du’n’ya-mal jarli’si’ bolsan’ da, aqi’lli’ boli’wg’a ha’reket yet. Aqil menen du’n’ya-mal ji’ynawg’a boladi’. Biraq du’n’ya-mal menen aqi’l ji’ynawg’a bolmaydi’. Du’n’ya-malda adamdi’ waqti’nsha aqi’lli’ yetip ko’rsetiwi mu’mkin. Biraq bul bir sa’wle siyaqli’ payani’ bolmaydi’. Adi’m jerde sirin’ ashi’li’p qala beredi. Bilgil, aqi’l sonday bir qimbat bahali na’rse: Woni’ uri’ ali’p kete almaydi’: «Wotta janbaydi, suwg’a batpaydi».

Qayqawistin’ aytiwi boyi’nsha ha’r qanday adam Joqari’ ma’rtebelerdi iyelewi mu’mkin. Biraq buni’n’ ushi’n wo’ner u’yreniwi kerek. «Yeger adam Joqari’ lawazi’mli’, balent ma’rtebeli bolsada, wo’neri bolmasa wol jumi’sti’ ali’p bari’wi’ qi’yi’n. Qolinda wo’neri bolmag’an adamdi’ xali’q si’ylamaydi’. Soni’n’ ushi’n da ha’r qanday na’rseni wo’z qoli’n’ menen islep ko’rsetetug’i’n bol. Sonda g’ana xali’q senin’ isshen’ligin’e inanadi’. Aqi’l ha’m wo’ner u’yrenip ba’lent ma’rtebege yeris. Sebebi Sokrat ha’kim: «Wo’nerden ha’m bilimnen jaqsi’raq na’rse joqdur» - dep aytqan.

Soni’n’ ushi’nda Qayqawis adamzat baxti’ni’n’ gilti miynet, - dep yesaplaydi’. Sebebi aqi’l da, bilim de tek miynet arqali’ ju’zege keledi. Miynetten qashqan adamnan baxi’tta qashadi’. «Bilimdi iyelew ushi’n miynet yetiw, deneni jalqawli’qtan qutqari’w paydali’dur. Sebebi jalqawli’q, is jaqpasli’q bedennin’ buzi’li’wi’na, keselleniwine sebepshi boladi’. Eger miynet etip bedendi wo’zin’ boysi’ndi’rmasan’, saw ha’m ba’lent ma’rtebeli bola almaysan’».

Avtor haqi’qi’y adamlarda u’sh tu’rli belginin’ saqlani’wi’n qa’leydi.

1. Aqi’lli’li’q
2. Hadalli’q
3. Jomartli’q

Mine Usi’ u’sh tu’rli belgi haqi’yqi’y insanlarda saqlani’wi’ kerek.

Qayqawisti’n’ pikiri boyi’nsha «Jomartliq» - degen ko’zsiz saqi’yli’q yemes. Ba’lki bunin’da wo’z aldi’na qoyg’an maqsetleri bar. Soni’n’ ushinda wol jomartli’qti’n wo’zinde u’sh toparg’a bo’li’p qaraydi.

1. Ma’rtlik - yaki bolmasa aytqan so’zin wori’nlaw
2. Tuwri’li’q - sheshiliwi za’ru’r bolg’an ma’selege tuwri’ qatnas jasaw
3. Qayi’r - saqawatli’ boli’w

Soni’n’ menen birlikte «Qabusnama» avtori’ ha’r bir topardi’n’ mine-qulqi’n, wolardi’n’ jamiyette tutqan wori’nlari’nda belgilep wo’tedi. «Adamlardi’n’ ko’pshiligi jomartli’q penen hayyarli’q ta’n na’rse. Bul wo’nerlerde bati’rliq, ma’rtlik, sabi’r-qanaat, wa’de-opa g’a qi’lap yetpew, sap ju’reklilik, haqi’yqatli’q ba’ri aralasip ju’redi. Ja’ne de aytaman, qulg’a, gedeyge azap bermew kerek. A’zzilerge ma’det berip, wolardi’ qollap quwatla. Jaqsi’lardi’ jamanlardan azaplani’wi’nan qorg’aw kerek».

A’y balam, a’mel adamlari’ni’n’ ha’reketi hayyarli’qqa jaqi’n keledi. Sebebi a’meldin’ wo’zi de hayyarli’q penen jetilisip baradi’. Biraq ken’peyillik, miymandosli’q, saqi’yli’q, tuwri’li’q, haqi’yqat izlewshi’li’k, tazali’q, jaqsi’ qurallani’w a’mel adamlari’ ushi’n ta’ndur.

Soni’n’ ushi’nda Qayqawi’s aqi’lli’li’qqa u’lken itibar beredi. Wol aqi’ldi’n’ wo’zinde yekige bo’li’p qaraydi’.

1. Tuwma aqi’l. Bunday aqi’l a’zelden Allataala ta’repinen si’y si’pati’nda beriledi. Oni’ ha’r bir adam wo’zinshe jetildirip bari’wi’ kerek.

2. Muqtasip - yaki bolmasa qosi’msha aqi’l. Bul aqi’l ilimiy kitaplar ham turmi’s ta’jiriybeleri arqali’ ju’zege asadi’. Usi’ ekewin biriktire alg’an adam g’ana haqi’qi’y aqilli adam boli’p yesaplanadi’: «Eger quday sag’an a’zeliy (ta’biyiy) aqi’ldi’ bergen bolsa, sen qosi’msha aqi’ldi’ u’yrenip ali’w ushi’n miynet et. Sonda g’ana sen ba’rshe xali’q arasi’nda a’jayi’p ha’m a’ziyz adam bolasan’… Atan’ bolsa atan’nan u’yren. Bolmasa bul bag’darda anadan a’ziyz adam joqdur».

Qayqawi’s bul kitapta ko’birek ta’rbiya haqqi’nda aytadi’. Woni’n’ pikirinshe adamdi’ ko’birek ta’rbiyalaytug’i’n na’rse turmi’s. Turmi’sti’n’ ta’rbiyasi’ ha’r qanday dana mug’a’llimnen de ku’shli. Bul haqqi’nda avtor to’mendegishe aytadi’. «Eger adamdi’ turmi’s ustazi’ dana etpese, heshqanday dana wog’an aqilli so’z u’yretiw ushi’n a’were bolmasin. Wo’ytkeni miyneti zayag’a ketedi»- deydi.

Biraq adam parasatli’, hikmetli so’zlerdi ti’n’lawdan jali’qpawi’ kerek. Sebebi adam yeki tu’rli boladi’. Birewi-u’yretiwshi. Ekinshisi-u’yreniwshi. «Tin’lay-tin’lay dana bolarsan’»-degen so’zler sonnan qalg’an. Qulag’i’n’a qoni’msi’z biyxuwda so’zlerdi yesitiwden qash. Biraq hikmetli so’zlerdi u’yreniwden jali’qpa. «Anadan tuwi’lg’an na’resteni jer asti’nda saqlap, su’t berip, sol jayda wo’sirse, anasi’ wog’an hesh qanday so’ylemes, adam so’zin yesitpese, ol bala u’lkeygennen keyin saqaw boladi’. Soni’n’ ushi’nda so’z bala ushi’n jasli’g’i’nan joldas boli’wi’ kerek».

Avtordi’n’ ayti’wi’nsha jaqsi’ so’z ta’rbiyani’n’ tiykarg’i’qurali’. So’zdin’ ma’nisli qollani’wi’ adam xarakterinde tiykarg’i’ jolg’a Sali’p jiberedi. Bunnan ti’sqari ol: «Adam balasi’ wo’mirinshe ta’rbiyalanip bari’wi’ kerek. Jaman adam joq, jaman ta’rbiyalani’w bar» - degen sheshimge keledi.

Qullasi’, Qayqawi’sti’n’ bul shi’g’armasi’ Shi’g’i’s pedagogikasi’ni’n’ yen’ bir xarakterli kitaplari’nan yesaplanadi’. Soni’n’ ushi’nda bul kitap worta mekteplerde pa’n si’pati’nda oqi’ti’ladi’.

Adamlardi’n’ haywanlardan ayi’rmashi’li’g’i’ woni’n’ aqi’l-parasati’nda. Sebebi aqi’l ha’m baxi’t gaziynesinin’ saqawat yesiginin’ gilti boli’p yesaplanadi’. Du’n’yadag’i’ yen’ jaqsi na’rselerge iye boli’w aqi’l ha’m pa’mge tiyisli. Ha’r bir adam aqi’l woyg’a iye boli’p ilim, wo’ner u’yreniwge umtilsa, wol wo’z tilegine jetedi. Ha’r bir istin’ wo’z sebebi boladi’. Ha’r sebeptin’ wo’z sebepshisi ha’m ha’r bir sebepshinin’ ma’kani’ ha’m waqti’ bar, oni’ biliw wo’mirdi uzartadi’, da’wletti uslaydi’.

Qi’zbashi’li’q yamasa g’a’zepleniwshilik ruwxi’y jag’dayda en’ jaman ha’m ziyanli’ qa’siyet. G’a’zep adamni’n’ qani’n qi’zdi’radi’, deneni titirkendirip, yeriksiz ha’reketke a’keledi. Soni’n’ ushi’n bul ba’leden saqlani’p, bolar-bolmas na’rselerge ga’zeplene bermew kerek.

G’a’zepleniw geyde adamni’n’ yerkinen g’a’rezli emes, leykin wonnan wo’zin irkiw, wog’an yerik bermew wo’zimizdi uslap, parasatli’ boli’wg’a talpi’ni’w kerek. Wol adamni’n’ salamatli’g’i’na paydali’ boladi’. Temperamenti basi’m, ju’ykesi ha’lsiz ha’m ku’yip jani’wshi’ adamlar ha’mme waqi’t quwati’ az awqatlar jep, suwi’qqanli’qqa a’hmiyet berip, qandi’ qi’zdi’ratug’i’n wo’tkir na’rselerden bas tarti’wi’ kerek.

Adamni’n’ aqi’li’ won na’rseden ko’rinedi deydi danalar. Wolar birinshiden: adamlarg’a a’lpayim ha’m na’zik ma’mle yetiwde, yekinshiden wo’zinin’ kim yekenligin bilip sog’an baylani’sli’ ha’mel qi’li’wda, u’shinshisi, adam shahlarg’a xi’zmet yetip wolardi’n’’ tilek a’rmanlari’n wori’nlawda, to’rtinshiden, wo’z si’rlari’n dosqa bildiriw ha’m bildirmewdi biliwde. Besinshiden, wo’zinin’ ha’m basqalardi’n’ si’ri’n saqlawda, alti’nshi’dan, shahlar sarayi’nda saq boli’p, shiyrin til menen saray adamlari’n qolg’a ala biliwde, jetinshiden, tildi ti’yi’p arti’q so’ylemewde, segizinshisi ma’ji’lislerde ti’ni’sh, u’ndemey oti’ri’wda, a’dep yetip soralmag’an na’rselerdi aytpaw ha’m pushayman jegizetug’i’n so’zlerdi tilge ali’wdan saqlani’wda, tog’i’zi’nshi’dan,

qa’ten’di birden moyi’nlap keshirim sorawda, woni’nshi’, birewdin’ isine aralaspawda, basi’na paydasi’ joq so’zdi so’ylemewde.

Bilgil, aqi’l yeki tu’rlidur-biri tuwma aqi’ldur, buni’ aziziy (ag’la) derler, yekinshisi ka’sibiy aqi’l, buni’ muxtalib (hadal miynet penen tabi’lg’an) derler. Ka’sibiy aqi’ldi’ bilimli ha’m derler. Demek, eger yaziziy (alg’a) aqi’l bolmasa, men ha’m sen ha’m hesh ijal qi’la almaymi’z. Sen muqtasab aqi’ldi’ iyelewge qa’te jibermegil, ku’nin’ jetkenshe u’yrengil. Eger aqilli bolg’in’ kelse, hikmat u’yrengil, aqil hikmat penen yerjetip wo’sedi. Aristotel’ danishpannan: «Aqi’ldin’ ku’shi neden ibarat?» dep sorapti’. Dani’shpan «Ba’rshe adamni’n’ ku’shi awqattandur, aqi’ldi’n’ ku’shi bolsa hikmetdandur» - dep juwap beripti.

A’y ulim, tamaqtan ash qalsan’ da aqi’l-parasatqa toq bol. Adamlarg’a qopalli’q qilma. Alji’-bulji’ so’ylewden awlaq boli’p, wo’zin’di ti’yi’p ju’rgil. Sonda g’ana sen ha’r qi’yli’ ba’lelerden awlaq bolasan’. Adamlar senin’ wo’zin’de bolmag’an ha’m boli’p ko’rmegen qa’siyetlerdi bar dep maqtasa, bunday maqtawg’a isenip ga’rdiyip ketpe.

Ey uli’m, mudami’ ilimge i’nti’q bol. Wo’z aytqani’n’nan qaytpatug’i’n o’jet bolmay, wo’zgelerdin’ de ga’plerine itibar berip qulaq sal.

Ey ulim, bir ko’rgen kisin’e sinamay turi’p kewlin’di ashpa. Wo’z qadirin bilmegen kisilerden jaqsi’li’q u’mit qi’lma. Ku’n shi’qqansha uyi’qlay berme. Jo’nsiz ku’le berme. Hasli’ pa’s kisiler menen sa’wbetles bolma. Jasi’ u’lken ha’m kekselerdin’ aldi’na tu’sip ju’rme. So’ylesip oti’rg’anlardi’n’ so’zin kese belden bo’lme. Miymanni’n’ aldi’nda birewlerge ga’zebin’di shashpa. Basin’di’ iyip wotirma.

## II.3. Axmet Yugnakiy ha'm Yusup Xas Hajib shi'g'armalari'ndag'i' ruwxi'yli'q

XII-a'sirdegi tu'rk tilles xali'qlar a'debiyati'ni'n' ko'rkem so'z sheberlerinin' biri Axmed Yugnakiy Yusip Xas Xajibten keyingi ko'zge ko'ringen a'jayi'p shayi'rlardi'n' biri yedi.

Woni'n' bizge shekem kelip jetken yen' ko'lemli shig'armasi' «Hibbat ul haqoyiq» (Haqiyqatlar siylig'i) Axmed Yugnakiy mu'mkin basqada belgili shi'g'arma jazg'an shig'ar. Biraq wol shi'g'armalar bizin' zamani'mi'zg'a kelip jetpedi.

«Haqiyqatlar si'yli'g'i'» negizinen didaktikali'q shig'arma. Bunda basqa shi'g'armalar si'yaqli' avtor ta'repinen wo'z qa'lemi menen ni'shang'a ali'ng'an belgili syujet te joq. Da'stanni'n' bastan ayag'ina shekem na'siyat, na'siyat bolg'anda da tek ji'ltir so'z emes, ba'lki ha'r bapqa bo'linip berilgen didaktika. Bilim haqqi'nda, jaqsi'li'q ha'm jamanli'q, minez quli'q haqqi'ndag'i' baplarg'a bo'linedi dep qaraydi. Ma'selen, avtor bilim haqqi'nda so'z baslaydi'.

«Haqiyqatlar si'yli'g'i'» didaktik shig'arma dep atadi'q. Biraqta bull didaktika quri' na'siyatgo'ylikten g'ana ibarat yemes. Wol ha'r bir bap sayin teren'lesip bara beredi. Shayi'rdin' wo'z zamanina bolg'an ko'z qarasi ku'shli filosofiyaliq qatarlar menen almasadi. Mi'sali':

Bu agun ko'r o'rg'a ko'rkumlik tashi,

Va lekin ichinde hzar naxushi.

(Bul du'n'ya si'rttan qarag'an adamg'a ju'da' ko'rkem. Biraq ishki tamani' jag'imsiz na'rseler menen pi'sqi'n turi'pti').

Bul du'n'ya bir qoli menen bal tutsa, yekinshi qoli menen za'ha'r tutadi. Za'ha'r tutqan qollardan qalayinsha qutiliw mu'mkin? Bunin' tu'p-tiykari' ta'rbiya. Adamlardi' a'depli, sabi'rli' yetip qaytadan ta'rbiyalawi'mi'z kerek dep jar saladi'.

Qalayda adamdi' bir-biri menen uri'sti'ratug'i'n da, kelispewshilikke ali'p keletug'i'n du'n'ya mal ushi'n gu'res. Ko'p pul adamdi' baxi'tli da yaki

pu’tkilley xor etip jiberiwi de mu’mkin. Soni’n’ ushi’nda adam balasi’ni’n’ basli’ baxi’tsizli’g’i mol du’n’ya tabi’wg’a bolg’an o’shlikten kelip shi’g’adi’. Yag’ni’y shayi’rdi’n’ wo’zi jazg’ani’nday-aq:

Bul du’n’ya na’kitin yegu ko’zgulik,

Ol artuq vabod ytgulik.

(Bul du’n’yani’n’ bayli’g’i’nan tek iship dep, keyiniwge g’ana ji’yna, Basqasi’ awi’rli’q yetedi). Yaki:

Qamug’ qazg’anqli achun malini,

Ma’yuma’di bardi ko’rin’ halini.

(Mal du’n’yani’ ko’p toplag’an adam woni’ iship jemey ashtan wo’ledi. Buni’n’ qanday qi’zi’g’i’ bar). Yaki bolmasa:

Tavar asig’-na’mish barursan’ yaliq.

Qalur bunda qissan’ sabat sandug’in’.

(Ba’ribir wo’lgennen keyin qa’birge jalan’ash halda ketesen’. Qaltan’, dorban’ sebet sandi’g’i’n’ ba’ri qali’p ketedi).

Axmed Yugnakiy du’n’yaparaz ha’m ashko’z adamlardi’ qatti’ kritikalaydi’. Woni’n’ pikiri boyi’nsha du’n’yada sonday bir ash ko’z adamlar topari’ ko’beyip ketken. Wolar arsha-arsha, alti’nlar artti’ri’p, kiyimlerin jaman kiyip ju’redi. Bunday taypadag’i’ adamlar wo’zinde ha’m a’tirapi’ndag’i’ adamlardi’ da ashtan wo’ltiredi. Soni’n’ ushinda wol: bul du’n’yada jaqsi’ jasamaqshi’ bolsan’, wo’zgelerdi aldama. Wo’z miynetin’ menen g’ana jasa. Al mal-mu’lkti wo’zin’e jetkendey etip g’ana ji’yna. Yeger wo’z miyneti menen tapqan bolsa, birewdin’ mu’lkin ko’psinbe. Xali’qti’ aldap, birewlerdin’ esabi’nan du’n’ya toplamaqshi’ bolg’an adamnan qash. Wo’z miynetin’ menen tabi’lg’an hadal du’n’yani’ iship jewge u’yren-dep uqti’rmaqshi’ boladi’.

Bunnan ti’sqari’ shig’armada a’dep-ikramli’li’q, dosliq haqqi’nda so’zler baradi’. Yag’niy: «Kim sag’an jamanli’q qi’lsa sen og’an opa qi’l». Sebebi: «Qandi’ qan menen juwi’p tazalap bolmaydi’» dep ayti’lg’an bolsa, yekinshi jag’i’nan wo’mir filosofiyasi’ haqqi’nda pikir bildirip: «Bul du’n’ya bir ku’n g’ana qoni’p ketetug’in ka’rwan sarayg’a usaydi’. Biz de tap sondaymiz. Adam

balasi'na bul wo'midi bilip seziw ushi'n ju'z ji'ldin' wo'zi de, qi'sqali'q yetedi. Sonshama wo'mirdin' wo'zi bir ku'n quraqi'm ko'rinbeydi»-dep jazdi'.

Yusip Xas Xajib XI-a'sirde jasag'an shi'g'i's yellerinin' ko'pshiligine belgili bolg'an ko'rnekli shayi'r ha'm ali'mlardi'n' biri. Wol jasap turg'an zaman tu'rki xali'qlar birlespesinin' yen' rawajlang'an zamani' Qaraxaniyler ma'mleketinin' ilim ha'm pa'n jag'i'nan wo'sip joqarg'i' basqi'shqa ko'terilgen da'wiri yedi. Soni'n' ushi'nda bul a'jayip shayi'r tu'rki tilindegi jazba poeziyani'n' baslawi'shlari'ni'n' biri boldi'.

Da'standa avtor negizinen to'rt tu'rli ma'seleni wortag'a qoyadi'. 1. A'dalat. 2. Da'wlet. 3. Aqi'l. 4. Qanaat. Yeldi basqari'w ushi'n usi' to'rt talap wog'ada za'ru'r boli'p yesaplanadi'. Birinshiden, yeldi basqari'w ushi'n patsha a'dil bolmag'i' lazi'm. Bul bag'dar da'standa Quntuwdi' patsha obrazi' arqali' berilgen. Yekinshiden, yel xali'q abadan jasawi' ushi'n ma'mlekettin' g'a'ziynesi mol boli'wi' ha'm bul bayli'qti' wo'z worni'nda jumsawshi' bilimli adamlar kerek. Patshali'qti'n' g'a'ziynesi yesap sanaq arqali' ali'p bari'lsa g'ana yel baxi'tli', da'wletli boladi'.

Yeger bir adam saraydan wori'n alg'anday bolsa, tuwi'sqanlari'ni'n' ba'ri de sarayg'a qaray juwi'ri'wi' sol zamanlardan qalg'an. Biraq Yusip Xas Xajib agayinshilik ta'reptari' yemes. Wol tek: «Ha'r qanday adam wo'zinin' qurbi kelgendey iske g'ana asi'lsi'n» degen pikirde boladi'. Bunnan ti'sqari' «wo'z ideyalari' bir-birine jaqi'n adamlar g'ana birigip, ma'mleketti basqara aladi'. Sebebi, -bul ushi'n qayiq. Ha'r qi'yli' adamlar ji'ynalg'an jerde qayi'q apatqa ushi'raydi'»-degen pikirge keledi.

Solay etip, da'standa danali'q penen yel basqari'w haqqi'nda so'z baradi'. Mi'sali':

(Belgiler bilim menen yeldi basqaradi'.
Aq'il menen Xali'qtin' isin wori'nlaydi'.
Bektin' ati' bilimi menen baylani'sli'
Yeger bek bilim menen is ali'p barsa,
Woni'n' ati' ma'ngi jasaydi').

Yusip Xas Xajib yel basqari’wdi’n’ yen’ basli’ sha’rti, jaman a’detlerden saq boli’wi’, ishimlik ishpew dep tu’singen. Yag’niy:

(Maqtanshaqli’q penen ishkilik ishiw ha’r bir basshi’ni’n’ dushpani’. Bul yeki a’detke muptala bolg’an adamnan ha’mme waqit adam qashadi’).

(Eger ishimlik ishilse qanshama ulli’ isler qali’p ketedi. Woni’n’ worni’na wori’nsiz isler payda boladi’. Ishimlik ishken adamni’n’ ko’zine ha’r qanday ra’swa na’rselerde tuwri’day boli’p ko’rine beredi).

Soni’n’ ushi’nda Yusip Xas Xajib yel basqari’w ushi’n aqi’lli’ adamlardi’n’ za’ru’r yekenligin a’rman yetedi. Yag’ni’y, woni’n’ ayti’wi’ boyi’nsha «bir adam pu’tkil eyldi basi’na ko’teriwi qi’yi’n. Wog’an qol ushi’n beriwshi dani’shpanlar kerek». Wol ha’mme waqi’t ta’repinde turi’p soraydi’.

«Ey, el iyesi! Xali’qtin’ sennen u’sh o’tinishi bar. Woni’ wori’nlaw pari’z ha’m qari’z. Birinshi - puldin’ qa’dirin ko’ter. Yekinshi – xali’q ushi’n za’ru’r bolg’an a’dalatli’ zan’lardi’ shi’g’ar. U’shinshisi – jollardi’ qaraqshi’lardan qorg’a!

Ay, eldin’ sa’rdari’! Usi’ u’sh talapti wori’nlag’annan keyin, xalqi’n’nanda u’sh na’rseni talap qi’l!

Birinshisi – shi’g’arg’an buyri’gi’n’di’ xali’q toli’q wori’nlawi’ kerek. Yekinshisi - ma’mleketke tapsi’ri’li’wi’ kerek sali’qlar waqti’nda tapsi’ri’lsi’n. U’shinshisi - pu’tkil xali’q dosti’n’a dos, dushpani’n’a dushpan bolsi’n».

Yusip Xas Xajib bunnan tisqari wo’z shig’armalarinda dialektikaliq ma’selelerdi de so’z etken. Ma’selen: «Adam eki tu’rli boladi’. Birewi - u’yreniwshi. Yekinshisi - u’yretiwshi. Bul eki si’pattan bos qalg’an adam haywan qatari’nda boladi’. Soni’n’ ushi’n ya oni’si’n ya buni’si’n tan’lap al» - dep wa’siyat etedi.

Shayi’rdi’n’ pikiri boyi’nsha wa’zir ha’m la’shker basi’ ma’mlekettin’ u’lken tayani’shi’. Wa’zir wo’z bilimi arqali’ ha’reket jasasa, la’shker basi’ ku’sh qu’direti arqali’ xali’qti’ qorg’aydi’.

Mi’sali’:

Wa’zir la’shker basi’ - bul eki a’lem,

Birewinde – qi'li'sh, birinde - qa'lem.

Bular xali'qti'n' qorg'awshi'si',-sezgenim,

Ekewide ten' uslag'ay dizginin.

Usi'nin' menen birlikte avtor til haqqi'nda wo'gada bahali' pikirlerdi wortag'a taslaydi. Bul pikirler teren' filosofiyali'q ma'ni tiykari'nda berilgen. Yag'ni'y: «Til – aqi'l menen bilimnin' awdari'wshi'si'. Til adamdi' hu'rmetli ha'm izzetli etedi. Adam woni'n' menen u'lken baxi'tqa yerisedi. Soni'n' menen birlikte til adamdi' xor, zar yetedi. Tili sebepli adamni'n' basi' da kesiliwi mu'mkin. A'y u'y xojasi, yesin'de saqla. Yeger tilin'e ayriqsha yerkinlik bersen', woylamastan so'ylesen', bir ku'n yemes, bir ku'ni wol senin' basi'n'di' jeydi. Tili sebepli azap shekken adam, sonday dep aytqan: «So'zin'di oylap so'yle, Ko'p so'yley bergennen de payda ko'rmedim. Bir so'zdi qayta-qayta qaytalay bergennen de qa'siyet shi'qpaydi'. Ha'r bir so'zin' shaxmaqti'n' tasi'nday bolsi'n. Biraq wori'nsiz baqirip so'yley berme. Reti kelgen jerinde g'ana dawsi'n'di ko'ter. Mi'n' so'zdin' tu'yi'ni'n bir so'z benen shesh. Adam du'n'yada yeki na'rse menen qartaymaydi. Birinshisi - woni'n' jaqsi minezi. Yekinshisi - parasat penen aytqan so'zi. Adam balasi tuwi'ladi, wo'ledi. Biraq yeki na'rse g'ana woni'n' arti'nda qaladi'. Birinshisi danali'q so'zi. Yekinshisi woni'n' qaharmanli'g'i'. Qaharmanli'q adamni'n' tek ati'n saqlap qaladi'. Al danali'q so'zleri bolsa, woni'n' ati'n pu'tkil du'n'yag'a jayadi'. Soni'n' ushi'n da sen ma'ngi jasamaqshi bolsan', izin'de wo'lmeytug'in danaliq so'z qaldi'r». Bul ideyalar Yusip Xas Xajibtin' sheberlik penen jazi'p qaldi'rg'an qosi'q qatarlari'nda ko'rinedi. Mi'sali':

So'zin'e i'qtiyat bol, basi'n' ketpesin

Tilin'e i'qtiyat bol, tisin' si'nbasi'n.

Uzi'n arqan qi'la berme so'zin'di,

Bir ku'nleri ali'p keter wo'zin'di,

Dana so'zli adam kerek jasawi',

Aqi'l bolar yeken tildin' tusawi',

Dani'shpan boladi' bilip so'ylegen,

Sol ushi’nda woni’n’ so’zi wo’lmegen,

Yeki na’rse qartaytpaydi adamdi’,

Biri-qulqi’, biri-so’zi saldamli’.

Shig’armani’n’ basi’nan aqi’ri’na shekem avtor wo’z poeziyasi’nda ani’q turadi’. Wol bul kitapti’ tek na’siyat ushi’n g’ana jazbag’an. Yag’ni’y, bul du’n’yani’ tani’wdi’n’ wo’zi negizinen bilim iyelew. Bilimsiz adamni’n’ nadanli’g’i’ ko’p. Soni’n’ ushi’nda du’n’ya go’zzalli’g’i’ bilimnen baslanadi’. Bilim adamlardi’n’ ko’zin ashadi. Jaqsi ha’m jamanlardin’ parqin tu’siniwge ja’rdemlesedi. Jamanali’q joli’ menen tabi’lg’an bayli’q adamlardi’n’ abroyi’n tu’siredi-degen pikirdi aytadi’. Avtor bul haqqi’nda:

Gu’mis tez sawi’lar ha’m pa’nt beredi,

Danaliq so’z gu’mis alip keledi.

Wo’mirge miyrasdur danalar so’zi,

So’z benen ashi’lar aqi’ldi’n’ ko’zi.

Sonli’qtan so’zimdi tarqati’p yelge,

Miyras yetkim keldi keyingilerge.

Ko’p adamlar bilmesede wo’zimdi,

Qaldi’rmaqshi’ boldi’m, so’ytip so’zimdi,

Na’siyatlar jaqpas nadanlar ushi’n,

Men jazdi’m haqi’qi’y adamlar ushi’n,

Bul so’zlerdi bilimlige arnadi’m,

Bilimsizdin’ tilin bile almadi’m.

Bilimsizlik - jasqa qaray toli’g’ar.

To’r yesiktin’ parqi’n bilmes ilimsiz,

Payi’n’ tiyse, to’rdi bi’lg’ar bilimsiz.

Eger yesikten wori’n tiyse danag’a,

Ha’mme ji’ynaladi’ tap sol ka’rag’a.

Bulardin’ ba’rinin’ sebebi ilim.

Joqari’ wo’rleter ba’rhama bilim.

Aqi’l ko’rki-til, tildin’ ko’rki so’z.

Adam ko’rki-ju’z, ju’zdin’ ko’rki ko’z.

## III-bap. Islam ruwxi'yati' ha'm woni'n' a'hmiyeti

### 1. Qurani' Ka'rim ha'm insan ruwxi'yati'

Qurani' Ka'rim-insan wo'mirinin' ha'mme ta'replerin wo'z ishine alg'an ni'zam-qag'i'yda, ta'rtip ha'm intizam wo'lshemlerin ko'rsetetug'in kitap.

Qurani' Ka'rimde musi'lmanlardan talap qilatug'in yen' tiykarg'i' isler: Allag'a shu'kir qi'li'w, jalg'an so'ylemew, jalqaw bolmaw, menmenlikke ishqi'pazli'qqa, qumarparazli'qqa, giyabentlikke ha'm na'psi ha'wesine berilmew, g'i'ybat, wo'sek, ashko'zlikten awlaq boli'w. Soni'n' menen qatar Allag'a shu'kir qi'li'w, wo'zine ta'wekel qi'li'w, iygi niyet ha'm jaqsi isler qi'li'w, miynet arqali' ku'n ko'riw, hesh kimdi kemsitpew, qati'n-qalash, jas balalar, mayi'p ha'm biysharalardi' siylaw wolarg'a ja'rdem beriw.

Islam talap yetetug'in insanni'n' a'jayi'p ma'nawiy si'patlari'ni'n' biri tuwri'li'q. Woni'n' tiykarg'i' belgisi tuwri' so'ylew. Tuwri' so'z xali'q isenimin artti'radi', abi'roydi' ba'lentleydi. Bunday ma'nawiyatqa iye adam ruwxi'y jetik boli'p hesh qanday nerv ha'm ju'rek qan tami'r keselliklerine duwshar bolmaydi'.

Tuwri'li'qtin' ha'kisi - jalg'anshi'li'q. Wol barli'q narazishi'li'qlardin' basi'. Jalg'an ha'm lepirtpe ga'pler adamlar arasi'nda isenimsizlik uri'g'i'n sebedi iymandi' azdi'radi'.

Mu'na'fiktin' belgisi u'shew: jalg'an so'ylew, wa'desinin' u'stinen shi'qpasli'q, amanatqa qi'yanet qi'li'w» (Qurani' Ka'rim Nahl su'resi 116-117 ayatlar).

Wapa-kisiler qa'lbindegi quyash nuri'. Wapasi'zli'q jalg'anshi'li'qtin' bir tu'ri boli'p, wol a'detke giripdar bolg'an kisi irodasiz, wonnan jaqsi'li'q shi'qpaytug'i'n ha'm wog'an isenip bolmaytug'i'n shaxs.

Turwi'li'qti'n' yen' tiykarg'i' joldasi' miynet su'yerlik. Miynetkesh adam jalg'an so'lewdi bilmeydi, wa'desine wapadar boladi'.

Miynet fizikali'q ha'm aqi'li'y miynet. Ali'mlardi'n' izertlewlerinshe, aqi'li'y miynet qi'li'p ati'rg'an kisidegi yenergiya sari'p qi'li'w en' awi'r

fizikali’q miynet qi’li’p ati’rg’an adamlardan ko’re won ese tez keter yeken. Ha’diste «Bir saat ilim menen shug’illang’an kisi bir ay woraza tutqannan abzalli’raq» delingen.

Miynetti jaqsi’ ko’rmegen adam jalqaw boladi’. Barli’q pa’sliktin’ atasi’ ha’m anasi’da jalqawli’q. Woni’n’ yen’ jamani’ urli’qti’ keltiredi. Hasi’li’nda paydali’ miynet qi’lmastan ku’n ko’rgen adamg’a uri’ delinedi. Du’kanda islep turi’p ta’reziden ju’rip qali’w, birewdi isletip haqi’si’n bermew uri’ delinedi.

Islamda urli’q u’lken awi’r gu’na. Wonda «Uri’ yerkek ha’m uri’ hayaldan-qi’lmi’slari’na jarasa jaza ha’m Allani’n’ azabi’ sipati’nda qollari’n kesin’ler, Alla qu’diret ha’m hikmet iyesidur» dep tasti’yi’qlang’an.

Islamda haqi’qi’y bayliq-mal du’n’yani’n’ ko’pliginde emes, balki na’psinin’ toqli’g’i’nda. Du’n’yani’n’ jaqsi’li’g’i’ qanaatta, jamanli’g’i’ da’mede. Da’mesizlik barhayatli’q.

Ata-ananin’ perzentlerine baylani’sli’ ulli’ ha’m muqaddes yekenligi payg’ambari’mi’zdi’n’ bir qansha ha’dislerinde wo’zinin’ ko’rinisin tapqan. Wolarda Allani’n’ rizalig’i’ ata-ana rizali’g’i’nda, Allani’n’ g’a’zebi wolardi’n’ g’a’zebinde delingen. Atag’a itaat qi’li’w-Allag’a itaat qi’li’w. wog’an gu’nakar boli’w - Allag’a gu’nakar boli’w.

Ku’nlerdin’ birinde payg’ambari’mi’zdi’n’ aldi’na bir kisi kelip, «Atam menin’ mali’mdi’ birewge berip jiberdi ne qi’li’wi’m kerek» dedi. Quday payg’ambari’: «Wo’zin’ de, mali’n’ da atan’diki» dedi.

Ha’rkim ekkenin aladi’’, arpa eksen’ arpa, biday eksen’ biday, arpa egip biday ku’tpe. Sonli’qtan shayi’q Saadi’y Shiraziy

«Ha’r ne qi’lsan’ ata-anan’a jaqsi’li’q

Qaytar balan’nan jaqsi’li’qqa jaqsi’li’q» degen.

Islam dininde haram qi’li’ng’an na’rselerdin’ biri qari’zdin’ to’lenbey qali’wi’. Muhammed payg’ambari’mi’z bi’lay degen: «Kimde bir adamni’n’ haqi’ bolsa, almasi’nan buri’n a’wwel adamlar menen arasi’n ashi’p alsi’n. Sebebi qiyamet ku’ni kisinin’ bayli’g’i’ oni’ payda bermeydi. Oni’ o’temey wo’tken adam sol qari’zdi’ o’temegenshe qa’birinde ti’ni’sh jata almaydi’».

Qari'z mi'sali' Alla taalanin' ja'rdegi bayrag'i'. Qashan bir bendesine jamanli'qti' oylasa, woni'n' moyni'na sol qari'z bayrag'i'n ildirip qoyadi'.

Sonli'qtan xali'q hesh qashan qari'z berme. Sebebi qari'z alg'anda asi'raydi', bergendi joq qi'ladi' degenler.

Malika sorapti' «Qaysi' bes-na'rse-bes na'rseni jeydi? Dani'shpan aytti' «G'am-g'amdi', jalg'an so'z-ri'zi'qti', ta'wbe-gu'nani', sadaqa-ba'leni, sharap-sawapti' jeydi».

Islam dininde haramg'a shi'g'ari'lg'an islerdin' ja'ne biri g'i'ybatdur. Soradi'lar «Ya Rasulllah G'iybat ne? Aytti' «Bir kisinin' wo'zi jaqti'rmag'an na'rsesin, yag'niy ayi'bi'n aytiw» dedi. «Eger usi' ayi'bi' bar bolsa she? Dep soradi'. Rasullah «Yeger woni'n' ayi'bi'n aytsan', woni' g'iybat qi'lg'an bolasan'. Yeger wonda joq ayi'pti' aytsan' wonda boxtan qi'lg'an (bilshildag'an) bolasan'» dedi.

## 2. Imam Buxariydin' ha'disi shariflerge qosqan u'lesi - a'dep-ikramli'qti'n' entsioklopediyasi si'pati'nda

Imamlardi'n' imami ha'm muqaddesler ulli''si bolg'an Abu Abdullah Muhammed Ibn Ibrayim al-Mug'ira al-Buxariy al Jufiy hijjati 194-ji'l shawal ayi'ni'n' 13 ku'ni wo'tkende juma islerinen keyin Buxarada tuwi'lg'an (809-j. 13-may). Jaslayi'nan atadan jetim qalg'an Imam Buxariy 10 jaslari'nan-aq arab tili ha'm ha'dis kitaplari'n woqi'w, wolardi' yadlawg'a qunt penen kirisken.

Imam Buxariy ju'da' talantli, jetik ali'm bolg'an. Ayti'wlari'na qarag'anda, qaysi' bir kitapti' qolg'a ali'p bir ma'rtebe woqi'p shi'qsa, ha'mmesi yad qala bergen. Wo'zinin' so'zine qarag'anda, ju'z mi'n' sahih (yen' isenimli hadi's) ha'm yeki ju'z mi'n' ha'disti yadtan biler yeken. Woni'n' wol «Al-jomea as Sahih» ha'm «Al Adab al Mufrad» ha'm basqa da jigirmalag'an kitabi'' bolg'an.

Haydorattag'i' «Usmoni'ya» universitetinin' professori' as-Sayd Fazullox al-Ji'loni'y «Al adab al-Mufrad»tin' bir qansha qol jazbalari'n tawi'p, bir-birine uqsatqannan keyin tuwri'' bir nusqasi'n ani'qlap, woni'' ta'rtipke sali'wg'a muwapi'q boldi' ha'm bul qi'mbatli'' shi'g'armag'a wo'zi kommentariy jazi'p, «Fazlu-l-lohi-s-samadfi tavziqi-l-Adabi-l-Mufrad» («Al-Adabu-l-Mufradtti tu'sindiriwde Allani'n' fazli'») dep qoydi'. Worta Aziya ha'm Qazaqstan musi'lmanlari' diniy basqarmasi'ni'n' baslamasi' menen bul shi'g'armani'n' teksti 1390-1970 ha'm 1400-1980-ji'llari' yeki ma'rte arab tilinde basi'lip shi'qti. Bizin' bul jumi'si'mizda mine usi'' yekinshi baspadan paydalani'ldi'.

Imam Buxariydin' Al-adab-al-Mufrad shig'armasi' haqqi'nda kitapta a'dep-ikramli'qti'n' a'hmiyeti bi'lay ko'rsetiledi: «Sizlerdin' jaqsi'li'qlari'n'iz a'debi jag'i'mli' bolg'anli'g'i'n'izdur» (271-ha'dis) «Ja'nnetke tu'siwge sebep bolatug'i'n na'rse ne? degende «Wol bolsa Alla taaladan qorqi'w ha'm jaqsi' a'depli boli'wdur» (289-ha'dis). Ja'ne de «Musi'lman bende wwo'z a'debin jaqsi' yetiwge ha'reket yete berip, aqi'r jaqsi' a'debi woni'' ja'nnetke kirgizedi. Yeger wol, a'depti jaman yete berse, sol jaman a'debi woni'' dozaqqa kirgizedi» (290-ha'dis). Rasulullahtan insanlarg'a berilgen pazi'yletlerdin' yen' jaqsi'si ne?

dep soradi’. Rasulullah «Insanlarg’a berilgen pazi’yletlerdin’ yen’ jaqsi’si jaqsi’ a’dep» deydi. (291-ha’dis).

Basqalardi’ aldaw ushi’n ayti’lg’an ha’m tuwri’’ bolmag’an so’zlerge jalg’an deyiledi.

Dinimizde haram qi’li’ng’an u’lken gu’nalardan biri jalg’andur.

Qurani’ Ka’rimde Allah taala. «... jalg’an so’zden ji’raq bolin’lar», dep buyi’radi’. («Haj su’resi, 30-ayat»). Yekinshi bir ayatda mi’naday deyiledi. «Yey mo’minler, Allahdan qorqin’lar, tuwri’’ so’zdi so’ylen’ler» («Ahzob» su’resi, 70-ayat).

Ko’p kewilsizlikler jalg’annan payda boladi’’. Hiyle, aldaw, zuli’m, haqsi’zli’q, a’dalatsi’zli’q, isenimsizlik, dushpanli’q si’yaqli’ na’rselerdin’ ba’rshesi jalg’an ha’mde jalg’anshi’li’qtan payda bolg’an isler.

Jalg’anshi’ adamlardi’ aldasa da, Allani’ alday almaydi’’. Sebebi, Alla adamlardi’n’ qi’lg’an ha’r bir isin ko’rip turadi’’, biledi ha’m ayti’lg’an so’zlerin yesitedi.

Jalg’anshi’ni’n yen’ zi’yanli’ ha’m yen’ gu’nali’si’ qazi’xanada (sudta) gu’wali’q beriw waqti’nda ayti’lg’an wo’tirik. «Niso» su’resinin’ 135-ayati’nda Alla wwo’zimizdin’, ata-anamizdi’n’, jaqi’nlari’mi’zdi’n’ zi’yani’na bolsa da tuwri’’ gu’wali’q beriwge buyi’radi’. «Bul menin’ ag’aynim, jaqi’ni’m» - dep haqsi’zli’q penen kimdidur jaqlaw jaramaydi’.

Islam dininde bazi’ jag’daylarda wo’tirik so’ylewge de ruxsat yetiledi:

- bir-biri menen so’ylespey ati’rg’an yer menen hayaldi yaki yeki musi’lmandi’ kelistiriw ushi’n;

- uri’s waqti’nda dushpandi’ aldaw ushi’n;

- bir adamni’n’ jani’na, mali’na, dinine ha’m nami’si’na zuli’m ha’m haqsi’zli’q penen zi’yan jetkizilse, wolardi’ qutqari’w ushi’n;

- kesellerge u’mit ha’m quwat beriw ushi’n; payg’ambari’mi’z bir ha’dislerde sonday degen: «Adamlar arasi’nda kelistiriw ushi’n jaqsi’li’q niyeti menen wo’tirik so’ylegen adam jalg’anshi’ yemes»

Hiyle de aldaw demekdur. Jalg'an si'yaqli' hiyle de haram. Hiyleker adam yeki ju'zli boladi'', basqalardi' aldaw ushi'n yeki tu'rde ko'riwge umti'ladi'. Haqi'yqi'y musi'lmanni'n' ishki du'n'yasi' menen si'rtqi' ko'rinisi bir boladi''. Islam dininde insan hu'rmetli bir maqluqdur, hiyleker adamni'n' bolsa basqalar aldi'nda hu'rmeti bolmaydi''. W'olardi' basqalardi' to'men bilip, tek wo'zin woylaydi'.

Payg'ambari'mi'z bir ha'dislerinde: «Bir musi'lmang'a zi'yan jetkizgen ha'm woni' aldag'an adam bizden yemes», - degen yedi. Wo'tirikshi ha'm hiylekerdin' doslari', qa'dirdanlari' joq. Bir kimse wolarg'a isenbeydi.

Jalg'an so'ylew haqqi'nda. «Ras so'ylen'ler, sebebi rasgo'ylik jaqsi'li'qlarg'a baslaydi' ha'm bul jaqsi'li'qlar bolsa ja'nnetke jollaydi'. Insan ras so'yley berse, wol Allah taala aldi'nda ju'da' rasgo'y dep jazi'li'p qaladi''. Jalg'an so'ylewden wo'zlerin'izdi saqlan', Sebebi, jalg'an so'ylew ha'mme buzi'qlarg'a ali'p baradi'', buzi'qli'q bolsa dozaqqa jollaydi'. Insan jalg'an so'ylese, Alla aldi'nda jalg'anshi' boli'p jazi'li'p qaladi''». (179 ha'dis). «So'ylen' qatti' isenetug'i'n biradarin'a jalg'an so'zin ayti'w u'lken qi'yanet» (393-ha'dis). Abu Xurayra aytadi': Rasulullah: «Mo'min bende du'n'ya islerinde aldani'wshi' ha'm wo'z saqawatli'', biraq munafi'q bolsa, aldawshi' ma'kkar ha'm hasis boladi''». (196-ha'dis).

Payg'ambari'mi'z asa ketken baqi'lli'q haqqi'nda: «Asa ketken baqi'lli'q iyman menen ha'm bir bendenin' kewlinde ja'm bola almaydi''» (281-ha'dis).

I'si'rapgershilik haqqi'nda aytadi': «I'si'rapgershilik du'n'yani' gu'na islerge sarplaw yaki wo'zine de bala-shag'asi ushi'n da hesh na'rse qaldi'rmay jaqsi' ha'm jaman jolg'a bar-jog'in berip jiberiw dep ko'rsetip, wolardi' «Bayli'g'i'n nahaq jerge sarplaytugi'n insanlar» (444-ha'dis) tu'sindirip berdi.

Jala ha'm shag'i'mshi'li'q ne? Rasulullah «Bul adamlardi'n' arasi'n buzi'w ushi'n ga'pti bir-birlerine naqi'l yetip ju'riw». Rasulullah «Wo'mir sonday insanlardi' qashan ko'rse Alla taala yesletedi. Yen' jamanlari'n'izdi aytsam, wolar shag'i'mshi'li'q penen ju'rip doslar arasi'n buzi'wshi' gu'nasi'z adamlarg'a buzi'qli'q ha'm mashaqqatqa giriptar boli'wi'n izlewshi adamlar»

deydi. Ja’ne (322-ha’diste) «Jasi’ri’n ra’wishte insanlar ga’pine qulaq sali’p woni’ (jaman niyette) basqalarg’a naqi’l yetiwshi adam ja’nnetke kirmeydi» degen yedi. «Biraq bir insan yekinshi insandi’ g’i’ybat yetip zuli’m yetse, woni’ keshirmeydi» (201-ha’dis).

Dinimizge ko’re musi’lmanlar dosli’q, awi’zbirshilik, tati’wli’q ha’m muhabbat penen jasawi’ kerek. Adamlar arasi’nda dosli’q, ashi’q ju’zlilik ha’m ag’ayinlik tuyg’i’lari’n buzi’p, woni’n’ worni’na wo’kpe-giyne ha’m dushpanli’qti’ a’melge asi’ratug’i’n yen’ jaman na’rselerden biri g’i’ybat. G’i’ybattan, shag’i’mshi’li’qtan, adamlardi’ qapa yetiwden jaman so’zlerden saqlani’w kerek, sebebi bular islam dininde haramdur.

Bir ku’ni payg’ambari’mi’z sahabalardan soradi’: «G’i’ybat ne, bilesizler me?» Sahabalar: «Alla ha’m woni’n’ rasuli’ biler» - dedi. Sonda payg’ambari’mi’z: «din ag’aynine jaqpaytug’i’n so’zlerdi woni’n’ arqasi’n’an so’ylewdur», -dedi. Payg’ambari’mi’zdin’ sahabalari’ ja’ne soradi’: «Yeger ag’ayinlerimizdi jamanlag’ani’miz tuwri’’ bolsa, aytsaq bolama?» Payg’ambari’mi’z marhamat yetedi: «Yeger so’zlegen so’zlerin’iz tuwri’’ bolsa, g’i’ybat qi’lg’an bolasi’z. So’ylegen so’zlerin’iz tuwri’’ bolmasa, jala jawg’an bolami’z».

Payg’ambari’mi’z g’i’ybatti’ yesitiwge de ruxsat bermeytug’i’n yedi. Wol ulli’ zat bir ha’dislerde «G’i’ybat yetiwshi menen g’i’ybat ti’n’lawshi’ gu’nahda barabar», - degen.

G’i’ybatshi’lar jaman bir kesellikke ushrag’an insanlar. Bizin’ aldi’mi’zda basqalardi’ jamanlap turg’an insan basqalar aldi’nda bizdi ayi’plaw bizler haqqi’mi’zda da jaman so’zler so’zlewi mu’mkin.

Musi’lman adam basqalardi’n’ ayi’plari’n izlemeydi ha’m wolardi’ wol jerde - bul jerde so’ylep ju’rmeydi. Mo’min insan biradardin’ qa’te yaki ayi’plari’n si’r tuti’wg’a umti’ladi’. Payg’ambari’mi’z aytqani’nday, «Kim bir musi’lman tuwi’sqang’a ja’rdem qi’lsa, Allah da wol insang’a ja’rdem qi’ladi’, qaysi’ bir musi’lman wwo’z tuwi’sqani’ni’n’ da’rtlerine da’rman bolsa, Allah da

qi'yamet ku'ni woni'n' da'rtlerinen birine da'rman boladi''. Kim bir musi'lman tuwi'sqani'ni'n' ayi'bi'n jasi'rsa, Alla da aqi'rette woni'n' ayi'bi'n jasi'radi'».

Insan basqalardi'n' ayi'plari'n yemes, ba'lki wo'zinin' qa'telerin izlewi, insan qatari'nan wori'n ali'wg'a umti'li'wi' za'ru'r. Payg'ambari'mi'z aytqani'nday. «Jaqsi' musi'lman wo'z ayi'plari'n izleytug'i'n, basqalardi'n' ayi'plari'n izlewge waqi't tawmag'an insandur».

G'i'ybatti'n' bul du'n'yag'a tiyisli ko'p zi'yanlari' bolg'ani' si'yaqli', aqi'retge baylani'sli' ju'da' ko'p zi'yanlari' da bar. G'i'ybatshi' wo'zi qi'lg'an jaqsi'li'qlar ha'm ibadatlardi'n sawaplari'ni'n' da biykarg'a ketiwine sebep boladi''. «G'i'ybatshi' woraza tutpag'an insandur», degen yedi payg'ambari'mi'z. Demek g'i'ybat ku'n boyi' ash qali'p, sho'llep tutqan worazami'zdi'n' sawabi'n joqqa shi'g'aradi'.

Musi'lman adam shi'rayli' ha'm paydali' so'zler so'zleydi yaki ti'ni'shli'q saqlaydi'.

Payg'ambari'mi'z bul haqqi'nda mi'naday degen: «Allag'a ha'm aqi'ret ku'nine isengen insan qayi'rli' ha'm paydali' bir so'z so'ylesin yaki ji'm tursi'n».

Bir insan musi'lman tuwi'sqani'na, jaqsi'li'q tilep i'qlas penen shi'n kewilden woni'' aqi'llandi'rsa, bul g'i'ybat bolmaydi''. Sebebi din tuwi'sqaninin' qa'te ha'm nuqsanlardan quti'li'wg'a ja'rdemlesiw ha'm ha'r bir mo'minnin' wo'z diniy tuwi'sqani' aldi'ndag'i' wazi'ypasi'. Bunday is g'i'ybat bolmay, haq ha'm haqi'yqatqa baslaw yesaplanadi'.

Urli'q - basqalardi'n' du'n'yasi'n yaki pulin jasi'rin ali'p isletiw demek. Urlawshi' insandi'' qaraqshi' deyiledi. Qaraqshi'lar hesh is qi'lmastan jaman jollar menen pul tabi'wg'a umti'li'wshi' jaman adam.

Urli'q bizin' dinimizde de, basqa ba'rshe dinlerde de haram sanaladi''. Alla taala «Baqara» su'resinin' 188-ayati'nda ha'm «Nisa» su'resinin' 29-ayati'nda urli'qti' haram qi'lg'an.

Urli'q ken' ma'nide pul ha'm mal urlawdan ibarat yemes. Ma'selen, kem wo'lshew, tovardi' qi'mbat sati'p, tez waqi'tta ko'p pul islew, qural menen

insanlardan, wolardi’n’ u’ylerinen, banklerden pul yaki maldi’ zorli’q penen tarti’p ali’w, bizge tapsi’rilg’an hu’kimet pullari’ yaki adamlardi’n’ pullari’n isletip jiberiw si’yaqli’ na’rseler de urli’q yesaplanadi’.

Jigeri ha’m a’debi a’zzi bolg’an insan ushi’n yen’ za’ru’r na’rse puli ha’m du’n’ya mali’. Soni’’n’ ushi’n bunday adamlar urli’qti’ haram dep bilmeydi.

Allag’a isengen adam urli’q yetpekshi bolsa, Alladan qorqi’p bul isten bas tartadi’. Soni’’n’ ushi’n payg’ambari’mi’z bir ha’dislerinde: «Allag’a isengen adam qa’lbinde iymani’ bolg’an halda urli’q yetpeydi», - degen yedi. Demek, adamni’n’ iymani’ ha’m Alladan qorqi’wi’ ju’da’ ko’p kewilsiz islerden ti’yi’p turadi’’.

Alla jaratqan yen’ biyik maqluq insan. Adam Allani’n’ jaratqan ulli’ miyneti. Musi’lman bolsi’n, g’ayri musi’lman bolsi’n, Alla jaratqan ha’r bir insanni’n’ bul du’n’yada jasawg’a haqi’si’ bar.

Adam wo’ltiriw gu’nalardi’n’ yen’ u’lkeni yesaplanadi’. Haqsi’zli’q penen adam wo’ltiriw jaramaydi’, sebebi, adam wo’ltirgendi Alla keshirmeydi. Quranda Alla buyi’radi’: «Kim qastan bir mo’mindi wo’ltirse, woni’n’ jazasi’ ja’ha’nnem boli’p, Usi’ jerde ma’n’gi qaladi’’. Ha’m wol Allani’n’ g’a’zebi ha’m la’netine duwshar bolg’ay, Alla woni’n’ ushi’n ulli’’ azapti’ tayarlap qoyg’an» («Niso» su’resi, 93-ayat).

Payg’ambari’mi’z bir ha’diysinde bi’lay degen: «Qi’li’ng’an ha’r tu’rli qa’telrdi keshiriw mu’mkin. Lekin ka’pir boli’p wo’lgendi ha’m bir mo’mindi jaman maqset penen wo’ltirgen adamdi’ keshiriw mu’mkin yemes».

Quranda Alla bir adamni’n’ wo’ltiriliwin pu’tkil adamzatti’ wo’ltiriwge, bir adamdi’ wo’limnen qutqari’wdi’ barli’q adamzatti’ wo’limnen saqlap qali’wg’a uqsatqan («Moida» su’resi, 32-ayat).

Dinimizde qatan’ qadag’an yetilgen na’rselerden biri wo’zin-o’zi wo’ltiriw. Jan – adamg’a Alla amanati’. Jandi’ beriwshi – Alla, waqti’ jetken son’, jandi’ qayti’p aladi’’. Wo’zin-o’zi wo’ltirgen adam Alla amanati’n saqlay almag’ani’ ushi’n da amanatqa qi’yanet yetkeni sebepli gu’nakar boladi’.

Wo’zin-o’zi wo’ltirgen adamg’a jaqsi’ na’zer menen qaralmaydi’, ha’tte wonday adamg’a janaza woqi’lmasi’n deytug’i’nlar da bar. Lekin bizin’ mazhabi’mi’zda, hanafiy mazhabi’nda, yeger ruwxi’y kesellikke ushi’rag’an bolsa, bunday adamni’n’ da janazasi’ woqi’ladi’.

Islam dini ra’himli ha’m ma’rtebeli din. Wol adamlarg’a g’ana yemes, ha’tte haywanlarg’a da miyrim-sha’pa’a’tli boli’wg’a, wolardi’n’ wo’mirin saqlawdi’, zi’yansi’z haywanlardi’ wo’ltirmen’, dep u’yretedi.

Islam dini barli’q maqluqlardi’n’ wo’mirin hu’rmet yetiwge buyi’radi’. Bul – diniy ha’m a’dep-ikramli’li’q bir wazi’ypa.

Islam dininde haram yetilgen ha’m Alla taala ta’repinen qatti’ qadag’an yetilgen na’rselerden biri adamdi’ ma’s yetetug’i’n ishkiliklerdi ishiw. Xali’q arasi’nda ishkilik dep ju’ritiletug’i’n bunday na’rselerdin’ tu’rli atlari’ boli’wi’ mu’mkin.

Qi’n’g’i’r jollar menen pul tabi’w ushi’n qumar ha’m basqa jaman woyi’nlar woynaw islam dininde haram yetilgen. Sebebi bul woyi’nlardi’n’ ju’da’ ko’p zi’yanlari’ bar. Qumar woyi’ni’ adamlardi’ yerinsheklikke u’yretedi. Buni’n’ menen adamlar qi’n’i’r jollardan bari’p pul tawi’p bayi’maqshi’ boladi’. Islam dini miynet su’yiwshilik dini boli’p, miynetsiz tabi’lg’an pul hadal delinbeydi. Alla taala Qurani’ Ka’rimde: «Insan ushi’n tek wo’zi qi’lg’an ha’reketi g’ana boli’p (yag’ni’y, adam wo’zgelerge bag’i’ni’shli’ da’rdeser bolmasli’g’i’ kerek)», dep buyi’radi’ («Van-najm» su’resi, 39-ayat). Demek, ha’r qanday puldi’ islep, miynet yetip tabi’w kerek.

Ta’kapparli’q - wo’zin basqalardan Joqari’’ qoyi’w, wo’zin uli’g’law, maqtaw, basqalardi’ mensinbeslik, pa’ske uri’w demekdur.

Islamni’n’ maqseti adamlardi’ bir-birine jaqi’nlasti’ri’p, tati’wli’qti’ jasaw, bul du’n’yani’ ha’m aqi’rette baxi’tli’ yetiw. Lekin Allani’n’ maqluqlari’ minez-qulqi’ ha’m ta’biyati’ ta’repten ha’r tu’rli. Bazi’lar jumsaq kewil ha’m kemtar, basqalari’ tasbawi’r ha’m ta’kappardur.

Shaytan mag’rurlang’ani’ ha’m wo’zin basqalardan u’stin ko’rgeni ushi’n Alla raxmetinen ma’ngilikke quwi’lg’an.

Ta’kapparli’q islam dininde haram. Qurani’ Ka’rimde jazi’lg’ani’nday, Alla: «…Ta’kappar ha’m maqtanshaq bolg’an adamlardi’ su’ymeydi» («Niso» su’resi, 36-ayat).

Ta’kapparli’q qi’lg’an adam Allani’ g’a’zeplendiredi. Bir ha’diste Janabi’ Haq sonday ma’rhamat qi’ladi’. «Ulli’li’q ha’m ta’kapparli’q menin’ kiyimim, kibir, yag’ni’y ulli’li’q menin’ toni’m. Ta’kapparli’q ha’m ulli’li’qta mag’an ten’lesiwdi qa’legen adamni’n’ belin si’ndi’raman».

Ha’r bir na’rsede i’si’rap haram. Ma’selen, bir woqi’wshi’ wo’zine kerekli mektep zatlari’n, qa’lem, ruchka, wo’shirgish si’yaqli’lardi’ arti’g’i menen ali’p, bazi’lari’n isletpesten-aq yaki wo’zi g’ana isletip, taslap jiberse, bul i’si’rap sanaladi’’. Bir adamg’a bir neshe kostyum yaki ayaq kiyim jeterli, wol ju’da’ ko’p kiyim ali’p, wolardi’ kiymeytug’i’n bolsa, bul da i’si’rap boli’p yesaplanadi’. Asxanada yeki tu’rli awqat penen toyi’w mu’mkin bolg’an halda bes-alti’ tu’rli awqat ali’p, wolardan bir bo’legin jemesten qaldi’ri’w i’si’rap. Namaz ha’m g’usl ta’haretin alg’anda, suwdi’ arti’qmash paydalani’w da i’si’rap. A’ne usi’nday adamlar haqqi’nda Alla taala Qurani’ Ka’rimde: «…i’si’rap qi’li’wshi’lar shaytanni’n’ doslari’ bolg’an kimseler» deydi («Isro» su’resi, 27-ayat).

Ha’mme tarawda i’si’raptan saqlani’w lazi’m. Ha’tte ibadat qi’lg’anda da wortasha boli’w talap yetiledi. Payg’ambari’mi’zdi’n’ sahabalari’nan biri ku’ni-tu’ni namaz ha’m Quran woqi’r, ku’ndizleri woraza tutar yedi. Bir ku’ni usi’’ kisinin’ hayali’ pag’ambari’mi’zdi’n’ aldi’na bari’p: «Ya Rasulullah, menin’ ku’yewim ha’mme waqi’t ibadat penen shug’i’llanadi’. Mag’an ha’m balalari’na qarawg’a waqti’ joq. Bizdi awi’r awhalg’a tu’sirip qoydi’», - dedi.

Payg’ambari’mi’z bul so’zlerdi yesitken son’, sahabalari’n shaqi’ri’p, ibadatlar ha’m worazasi’n kemeyttirip, shan’arag’i’ ha’m balalari’ ushi’n waqi’t aji’rati’wdi’ buyi’rdi’lar.

Bazi’ adamlar pul ha’m du’n’yadan basqa waqi’tlari’n da i’si’rap yetedi. Waqi’t ta Allag’a tiyisli. Woni’ jaqsi’ ha’m paydali’ islerge sari’plaw kerek.

Payg’ambari’mi’z bir ha’dislerinde sonday ma’rhamat qi’ladi’: «Yeki bayli’q bar, adamlar wolardi’n’ qa’dirin bilmeydi. Wolar birinshisi den-sawli’q, yekinshisi bolsa bols waqi’t». Demek, bos waqi’tlari’n joqqa shi’g’arg’an adamlar waqi’tti’ i’si’rap yetip gu’na qi’lg’an boladi’’. Qi’yamet ku’ninde adamlardan wo’z wo’mirin qay jerde ha’m qanday isler menen wo’tkergeni de soraladi’. Jew, ishiw, kiyiniwde, u’yge kerekli na’rselerdi jumsawda i’si’raptan saqlani’w lazi’m. Wo’zimizge jeterli bolg’ani’nan arti’qsha almasli’q kerek.

Qi’zg’anshaqli’q – bir adamni’n’ qoli’ndag’i’ zati’n yaki bayli’g’i’ni’n’ joq boli’wi’n tilew demekdur.

Qi’zg’anshaqli’q islam dininde ayi’plang’an ha’m haram yetilgen bir ha’reket. Ha’r bir adamni’n’ ta’biyati’nda qi’zg’anshaqli’q bar. Bul qa’siyetti adam ishinde saqlasa, basqalarg’a buni’n’ zi’yani’ tiymeydi.

Payg’ambari’mi’z ha’zireti Muhammed (SAV): «Barli’q adamlar qi’zg’anshaqdur. Lekin qoli’ ha’m tili menen kewlindegini a’shkar yetpese, yaki basqalarg’a bildirmese, bul qi’zg’anshaqli’q basqa adamlarg’a zi’yan keltirmeydi», - degen yedi. Qi’zg’anshaqli’q ja’miyette giyne ha’m dushpanli’qti’ ku’sheytedi, adamlar arasi’nda hu’rmet ha’m muhabbatti’ joq yetedi. Soni’n’ ushi’n payg’ambari’mi’z: «Adamlar bir birlerine qi’zg’anshaqli’q, ku’nshillik qi’lmasa yedi, awi’zbirshilik ha’m jaqsi’li’q isinde jasag’an bolar yedi», - dep marhamat yetedi. Soni’n’ ushi’n ilaji’ bari’nsha qi’zg’anshaqli’qtan uzaq boli’w, bunday zi’yanli’ bir ji’lanni’n’ quyri’g’i’n baspasli’q lazi’m. Sebebi, qi’zg’anshaqti’n’ wo’zine de, basqalarg’a da zi’yani’ jetedi.

Payg’ambari’mi’z bir ha’disi shariplerinde aytqan yeken: «Wot woti’nlardi’ jalmap tawi’sqani’ si’yaqli’ qi’zg’anshaqli’q ta sawaplardi’ tap usi’’ ta’rizde jep pitiredi».

Payg’ambari’mi’z qi’zg’anshaqli’q yeki na’rsede bilimde ha’m bayli’q tilewde degen. Negizinde bular qi’zg’anshaqli’q yemes ha’wes. Bul haqqi’nda payg’ambari’mi’z bi’lay marhamat qi’ladi’: «Qi’zg’anshaqli’q yeki na’rsede duri’s Alla bir adamg’a bilim beredi, wol adam a’ne usi’’ bilimi menen hadal

menen haramdi aji’rati’p, Alla bergeninshe jasaydi’. Alla bir adamg’a mal-du’n’ya, bayli’q beredi, wol adamda bayli’g’i’ menen jaqsi’ a’meller isleydi, sadaqa, za’ka’tlar beredi. Mine usi’’nday adamlarg’a ha’wes yetip wolarday boli’wdi’ tilew qi’zg’anshaqli’q yemes». Bul ha’disten belgili, basqalardi’n’ bilimi ha’m bayli’g’i’na ha’wes yetiw ku’nshillik bolmay, usi’’nday bayli’qlardi’n’ wo’zimizde de boli’wi’n tilew.

Qi’zg’anshaqli’qti’n’ ku’nshillerge de zi’yani’ bar. Shaytan ta’kapparli’q qi’lg’ani’ ha’m ha’zireti Adamg’a ku’nshillik yetip sa’jde yetpegeni ushi’n ma’n’gi Alla raxmetinen quwi’ldi’. Du’n’yada yen’ birinshi qi’li’ng’an gu’na ku’shillik sebepli boldi’: Ha’zireti Adamni’n’ ullari’ Qabi’l tuwi’sqani’ Abi’lg’a ishitarli’q qi’li’p, woni’’ wo’ltirdi ha’m adam tariyxi’nda gu’nani’n’ birin qi’lg’an boldi’.

Bazi’ islam ulamalari’ «Qi’zg’anshaqli’q shi’pasi’ tabi’lmag’an qa’stelik», - degen. Bul ku’nshillikten quti’li’w ushi’n Allani’n’ bergenine razi’ boli’p, adamlarg’a ku’nshillik qi’lmasli’q kerek.

Payg’ambari’mi’z marhamat qi’ladi’: «Bir-birlerin’izge ku’nshillik qi’lman’iz, bir-birlerin’izden bezben’, arag’a suwi’qli’q salman’i’z, bir-birlerin’izden ayi’ri’lman’i’z, sizdi bir-birin’izge baylag’an muhabbatti’ u’zben’iz, hey Allani’n’ bendeleri, dos boli’n’i’z!»

## 3. Islamda tarixat ha’m ruwxi’yli’q

Musi’lman huqi’qtani’wi’na din ju’da’ ta’sirli sanag’a sin’genligi sonshelli musi’lmanlar tek g’ana diniy tu’sinikleri menen g’ana emes, sol siyaqli’ turmi’s iskerliklerinde de, tirishiliginde de, ha’reketlerinde de wo’z-ara ma’milelerinde de Qurandi basshi’li’qqa aladi’’. Sebebi musi’lmanlardi’n’ huqi’q ilimi wo’zinin’ baslawi’n Qurannan ali’p pu’tkil qag’iydalarin, wolarg’a degen qosi’mshalari’n Qurannan aladi’’.

Shariatta jol, woni’n’ qag’iydalardi’ sheshiwshi, jol joba, zan’, buyri’q dep ataydi’. Soni’n’ ushi’n «Shariata shari’m joq» dep yesaplaydi’. Shariat iliminin’ tiykarg’i’ nizamli’qlari’na su’yenip woni’ a’lpeshleytug’i’n zan’lar ji’yi’nti’g’i’. Shariat ilimi Ka’lam ha’m fikh boli’p yekige bo’linedi.

Ka’lam isenim haqqi’ndag’i’ dogmali’q ha’m u’lgi bolarli’q ilim retinde dinnin’ tiykarlari’n ani’qlap da’lillep ko’rsetetug’i’n qag’i’ydalar ha’m erejelerden turadi’’.

Ka’lam ilimi Allani’n’ bolmi’si’n tani’p biliwdi 4 bo’lekke bo’ledi.

1. Tawxid-Allani’n’ birligi
2. A’dalat-Allani’n’ a’dilligi
3. Nabuuat-payg’ambarli’q
4. Miaz-O’lip tiriliw ha’m shi’n wo’mir.

Sheyitler besinshi etip-imamat, yag’ni’y imamlar miyrasi’n qosadi’.

Fikh-tu’sinigi, bilim, ilim, huqiqtaniw musi’lmanlardin’ puqaraliq turmi’s tirishiligine baylani’sli’ qag’iyda-erejeler degen tu’sinikti bildiredi.

Musi’lman huqi’qi’nda Shariatqa kelip tirelmeytug’i’n hesh ma’sele joq.

Shariatqa sanaspay jasalg’an is ha’reketlerdin’ ba’ride bati’l yag’niy zan’siz dep sanaladi’.

Sotlawda da’lildin’ u’sh tu’ri bar. 1. Wo’zi moyi’nlaw; 2. Guwali’q beriliwi arqali’; 3. Ant ishiw.

Ayi’pkerden wo’z gu’mani’n moyni’na ali’wi’ da’lildin’ yen’ sheshiwshi tu’ri. Wo’ytkeni «Uyatli’ adamni’n’ minneti wo’z gu’nasi’n moyi’nlaw» degen naqi’l musi’lmanshi’li’qtin’ biyik muradi’, so’zge turi’wi’ boli’p yesaplanadi’.

Talapker jag’i’ guwa taba almasa juwapker jag’i’na ant ishiwge mu’mkinshilik beredi.

Juwapker ant ishpese, talapker jag’i’ ant iship wo’z talaplari’ni’n’ a’dil yekenligin ku’sheytedi. Qurani’ Karimde «A’dil ha’m haq so’ylewshi-Allani’n’ yen’ su’yikli quli’». (152 ayat).

Jazalaw- du’rre menen uri’w, basi’n shabi’w, darg’a asi’w h.t.b. ko’pshiliktin’ ko’zinshe jazalaydi’.

Zinaker ushi’n jazalaw du’rre uri’ladi’. Wo’lim jazasi’na da baradi’’. Tek qushaqlasi’p su’yiskeni ushi’n ju’z qamshi’ uri’ladi’. Al wonnan da teren’irek ketse wol teren’lenip wog’an radi’m jazasi’ qollani’lada.

Erkek penen erkek, hayal menen hayaldi’n’ jaqi’nlasi’wi’ wo’lim jazasi’ qollani’ladi’. Wo’tirik wo’sek aytqanlarg’a seksen qamshi’. Mas bolg’an adamg’ada 80 qamshi uri’ladi’. Urli’q jasag’anda. Uri’ moyi’nlasa, yeki guwa bolsa, mal iyesine qaytari’ladi’. Uri’ wo’mirlik tu’rmege tu’sedi yamasa qoli’ni’n’ to’rt barmag’i’ yamasa bir ayag’i’ni’n’ basi’ kesiledi. Ata-anasi’ balasi’nan urlasa jazalanbaydi’. Ashliqtan wo’leyin dep turg’an adam urli’q islese jazalanbaydi’.

Qang’a qan ali’w qollani’ladi’. Woni’ jaqi’n tuwi’sqanlari’ jasaydi’. Wog’an ruxsatti’ sot beredi. Oni’ qun menende almasti’ri’w mu’mkin.

Tariyxqa ko’z jibersek VIII-XI a’sirler arasi’nda Shariat ni’zamlardi’ ha’r tu’rli ag’i’mlar na’tiyjesinde turdi. Ha’zirgi islam du’n’yasi’nda diniy jollari’ni’n’ ha’r tu’rliligi menen, wolar bir birinen azda bolsa ayi’rmashi’li’g’i’ bar wonlag’an ag’i’mlar ishinde tuwri’ jol ag’i’m bizin’ babalari’mi’z uslag’an Imam Azam joli’ oni’ du’n’yadag’i’ musi’lmanlardin’ 80% tutadi’.

# IV-bap. Tu’rkistandag’i joqari’ ma’nawiyatli’qqa umti’li’w basqi’shlari’

## 1. Xoja Axmed Yassawiy hikmetleri

Babamiz a’sirler dawami’nda yelimizdin’ ha’tteki du’n’yani’n’ ziyali’lari’na bag’darlama berip insap ha’m a’dalatti’, insandi’ su’yiwshilikti na’siyatlawshi’ ideyalari’n do’retip xalqi’miz ma’nawiyati’n biyikke ko’terdi. Wol ideyalar, ha’zirgi qi’yi’n ha’m wo’tiw da’wirimizdin’ ko’plegen a’dep-ikramli’q, ruwxi’y ma’selelerin sheshiwde u’lken a’hmiyetke iye.

Mine sol ulli’lardin’ biri Xoja Axmed Yassawiy boli’p Orayliq Aziyada tasafuf atli’ diniy filosofiyali’q ag’i’m Yassawiyani’n’ tiykari’n saldi’. Wol tek Xorasanyaki Mavrennaxrda g’ana yemes, ba’lki Turkziban xali’qlari’ni’n’ ma’nawiyat tariyxi’nda ma’lim bolg’an ha’m uli’g’lang’an ulli’ danishpan insanparwar shayi’r boldi’.

Xoja Axmed Yassawiy 1041-ji’li Sayram qalasi’nda tuwi’lg’an 1167-ji’li’ qayti’s bolg’an. Wol da’slep Tu’rkistanda ta’lim alip, keyin Buxara qalasi’nda ulli’ imam Yusuf Xamadaniy medresesinde woqi’g’an arab, parsi ha’m tu’rkiy tillerdi jetik bilgen. Ra’wayatlar wol 63 jasqa kirgende jer asti’nan wo’jire qi’li’p wonda 125 yaki 133 jasqa deyin jasag’an. Basli’ miynetlerinin’ biri «Diwani hikmet» 1887-ji’l Qazanda 1901-ji’l Stambulda, 1902-ji’l Tashkentte basi’li’p shi’qqan. Wonda 149 hikmetli na’siyatlarlar jazi’lg’an. Woni’n’ «Danaliq kitabi’» aqi’lg’a, bilimge, isenimge tiykarlang’an ju’da bahali’ poetikali’q shig’arma retinde Qurani’ Ka’rimnin’ «Baxara» su’resinin’ 269 ayati’ndag’i’ «Bir insang’a hikmet ayti’w qa’bileti berilgen bolsa, wog’an ju’da’ ulli’ qayir-saqawat berilipti demek» degen bahasi’na tikkeley tuwra kelgen.

«Madinada Muhammed,

Tu’rkistanda Xoja Axmed»

-dep bahalang’an bul babami’zdi’ woni’n’ ulli’ sha’kirti bolg’an Ha’kimata Sulayman Baqirg’aniy ( ha’zirgi Kon’rat rayoni’nda maxbarasi bar) wo’z shig’armalari’nda bi’lay su’wretleydi.

«Yassi suwdi’n’ arasi’,

Etur ga'whar parasi',

Mashayxlar seresi,

Shayxim Axmed Yassawiy,

Xizir menen sa'wbetli,

Ilyas penen ulpetli,

Haq qasi'nda hu'rmetli,

Shayxim Axmed Yassawiy»

Ha'ziret Xoja Axmed Yassawiydin' suwpi'li'q ta'g'limati mu'mkin sol Ha'kimati'ni'n' ta'sirinenbe qaraqalpaqlar arasi'nda suwpi'li'qti'n' basqa hikmetleri menen bir qatarda woni'n' qaraqalpaqlarg'a genetikali'q jaqi'nli'g'i' haqqi'nda da a'psanalardi' ken'nen belgili.

Woni' qaraqalpaqlar wo'zinin' babasi' retinde tilge aladi', elege deyin qaraqalpaqti'n' manjiuli ruwi'n sol ulamani'n' shi'g'i'si' menen baylani'sti'radi. Professor Q.Kamalovtin' xali'q arasi'nan esitken a'psanasi'nda ( bul kitabi'y da'reklerde ushi'rasadi) payg'anbari'mi'z ( geypara da'reklerde Xizir Il'yas pir) belgili sheyx Arislanbapg'a bir qurmani' amanat retinde berip, aradan u'sh ju'z ji'l wo'tkennen keyin bir bala sorasa og'an birewdi tapsi'radi. Qurmani' tilinin' asti'na Sali'p ju'rgen Arislanbapti'n' aradan sonsha ji'l wo'tkende jeti jasar bir bala aldi'nan shig'ip «Ata amanatti' ber» deydi. Ari'slanbap tilinin' asti'nan qurmani' ali'p bergeni ma'ttal, oni' bala birden juti'p jiberipti. Ari'slanbap balani' si'nap «Haw balam sarqiət bermedin' g'oy» - dese bala « mazani'n' ba'rin sori'p mag'an pissiytip berdin'iz g'oy» depti. Baba qu'diret penen balani'n' a'kesin joqli'g'i'n bilip, «U'yin'de bir neke hayal bar g'oy» degende. Bala: «Wonda siz mag'an ata bolasi'z» dep Ari'slanbapti'n' qoli'nan ali'pti'. Baba Xoja Amed Yassawiydin' anasi'na u'ylenipti. Wonnan Jarkey ha'm Jarmanbet degen eki ul tuwi'li'p, Jarkey islam dininin' isleri boyi'nsha A'miwda'r'yani'n' to'menine jiberilipti. Manju'wliyler usi' Jarkeydin' balalari' wolar «Ya babam Jarkey, wo'zin' jari'lqaygo'r» degen si'yi'ni'wdi elege deyin qollanadi'. Wolardi'n'' alg'i'si' da g'arg'i'si' da keledi dep bayanladi'.

Bul ga'pler qaraqalpaqlardi'n' Xoja Axmed Yassawiyge buri'nnan hu'rmetinin' belgisin ko'rsetedi.

Xoja Axmed Yassawiydin' hikmetlerinde bul du'n'ya o'tkinshi, bul du'n'yani'n' isi a'dalatli'q qayi'r- saqawatli'q. Yen' da'slep g'a'riplerdin' kewlin al, jetim – jesirlerge miyirman bol , buzi'q adamlardan qash dep na'siyatlap:

Dana bolsan' g'a'riplerdin' kewlin awla,

Yeldi gezip jetimlerge mehir a'yle,

Na'psi jaman buzi'qlardan moyi'n tawla,

Yekinshiden wol eki ju'zlilerdi , ko'z boyashi'lardi' nahaq dawa qi'lg'an qazi' imamlardi', haram tamaq ha'kimlerden ju'z buri'wdi' na'siyatlaydi'.

Qazi'-imam bolg'anlar,

Nahaq dawa qi'lg'anlar,

Aqi'r zaman bolg'anda ,

Ju'k asti'nda qaar-a'

Haram tamaq ha'kimler

Ja'ha'n' mali'n alg'anlar ,

Wo'z barmag'i'n tisleyip

Qorqi'p, sasi'p qi'lar-a'

Yassawiydin' pikiri boyi'nsha adam balasi'ni'n' yen' u'lken du'shpani' na'psi. Wol «na'psige berilgen patsha-qul, na'psini ti'ymaqli'g'i' kerek.

Wol mal-mu'lkti quda beredi. Woni' urlag'an yamasa qastiyanli'q qi'lg'an yen' jaman gu'na dep u'yretedi.

«Dozaqqa tutar basi'n'di'

Ko'rersen' ko'p zorli'qti'

O dun'yada Xesh waqi't

Qeshirmeydi urli'qti'.

Sonday-aq Xoja Axmed Yassawiy wo'z hikmetlerinde tuwrli'qti' ko'termelep wo'tirikti qaralaydi'. Wol ha'tteki «Wo'tirikshilerdi u'mmetim demes Muhammed» dep tu'sindiredi.

## 2. Amir Temur ko'rsetken ruwxi'yli'q

Amir Temur 1336-ji'li' 9-aprelde Mawerannaxrdi'n' Shaxrisabz qalasi'nda Barlas taypasi'nan shi'qqan Amir Tarag'aydi'n' shan'arag'i'nda du'n'yag'a keldi. Wol musi'lman tariyxshi'lari' Ibn Xoldundi' ha'm basqalardi' teren' bilimi menen tan'landi'rdi'. Tariyxi'w kitaplarda Tarag'aydi'n' tu'si haqqi'nda an'i'z jiyi-jiyi ushi'rasadi'. Tarag'ay: «Menin' tu'sime bet pishini arabqa uqsas si'payi' jas jigittin' sultani' enip mag'an qi'li'sh usi'ndi. Men qi'li'shti' qoli'ma ali'p hawada on'li'-son'li' sermegende polat semserdin' jalti'ldawi' pu'tkil a'lemdi nurg'a tolti'ri'p jiberdi.

Men Qulal Amirden bul tu'simdi jori'wdi' wo'tindim. Bul jaqsi'li'qtin' nishani' yekenligin, quday mag'an jer betin qaran'g'i'li'qtan ayi'qti'ri'p pu'tkil a'lemdi biyleytug'i'n perzent beretug'i'ni'n aytti'.

Shi'ni'nda tu's on'i'ma aylandi'. Xijrani'n' 733-ji'li' quday mag'an balam, seni berdi. Shi'r etip jerge tu'siwin' menen men seni Shayqi Shamas-a'd-dinge apardi'm.

Men kelgende Shayqi' Quran woqi'p ati'r yeken, bul to'mendegi su'rege toqtaldi'. «Ko'ktegi qu'diret senlerdi jer tartti'radi' dep qori'qpaysizlar ma? Zil-zila jaqi'n».

Quranni'n' bul ayati'nda «Temur» so'zi bolg'anli'qtan senin' ismin'di Temur dep qoyg'an edik» dep bayanlaydi'.

Tag'i' bir an'i'zda jas o'spirim Temur tuwrali' bi'lay keltiredi: Temur bir ku'nleri buzaw bag'i'p ju'rip jarti'lay qi'yrag'an qorg'ang'a tap boladi'. Wol qorg'an diywali'na su'yenip wo'zi' aqsaq ha'm soqi'r qumi'rsqani'n' wog'an wo'rmelegenin bayqap turi'pti'. Qumi'rsqa biraz wo'rmelep bari'p qaytadan qulaydi', qaytadan wo'rmelep to'besine jete bergende tag'i' qulaydi'. Qumirsqani'n' ha'reketin ko'rip Temur hayran qali'pti'. Ja'nli'q qiyamet penen aqi'ri' qorg'anni'n' to'besine jetipti. Jas o'spirim bala bunnan teren' oyg'a bati'p «wo'zi aqsaq, wo'zi soqi'r qumi'rsqa sonday qaysarli'q penen tabanli'q ko'rsetip ba'ribir wo'z maqsetine jetti. Eger Allayar bolsa mende xan boli'wg'a

ti’ri’si’p, awi’llardi’, qalalardi’ wolardi’ biyleymen». Usi’nday oylar menen iygilikli niyetler menen wo’zin ulli’ islerge tayarlaydi’.

Bul zamanda Turan oypatli’g’i Deshti Qi’pshaq ellerinde biyiklikke talasi’w ju’da’ ko’p yedi. Bul waqi’tta Mawerennaxr Qon’irat ruwi’nan shi’qqan Amir Xusayng’a, birese paytaxti’ Almali’qta bolg’an Mogulstanni’n’ xani’ Tog’i’li’q Temirge, keyin woni’n’ balasi’ Il’yas Xojag’a, wonnan keyin Barlas xojag’a, keyninen qaytadan Xusayng’a bag’i’ni’p woti’rdi’. Temur saraydag’i’ taj ushi’n jantalasti’, satqi’nli’q penen si’rg’i’yali’qti’, wopasi’zliq penen aldawshi’li’qti’, ta’kabbirlik penen mehribanli’qti’n’ neshshe tu’rlerin ko’rip pisip jetilisti.

1370-ji’li’ 10-martta (hamalda) ol pu’tkil Mawerannaxr a’sker basshi’lari’nan ant ali’p Amirlik lawazi’mi’n iyelep woni’n’ juldi’zi’ni’n’ yen’ bir ko’terilgen waqti’ keldi. Siyasi’y biyliktin’ ha’r qi’yli’ hiylelerin jetik bilgen Temur endi ja’miyetke bir neshe ha’kimshilik usi’llarin engizip, ma’mleketti bekkemlew g’ami’na kiristi. Wol «Temirdin’ ni’zam ji’ynag’i’» degen kitabi’nda wo’zinin’ qanday ja’miyetlik g’ayratker yekenligin ko’rsetip, siyasiy wa’siyatnamasin qaldi’rdi’. Wol kitapta adamlardi’ won eki toparg’a bo’li’p qaysi’si’na qalay qaraw kerek yekenligin ayti’p si’patlama berdi. Sonday-aq sol miynette, woni’n’ u’lken sa’rkarda ha’m sho’lkemlestiriwshi ma’mleketlik isker, ha’m ilimnin’ ha’m ma’deniyatti’n’ qa’wenderi bolg’anli’g’i’n ko’rsetedi. Tariyxta tu’rk ma’deniyati’ni’n’ gu’lleniwinin’ usi’ da’wirde bolg’anli’g’i’ da ma’lim.

Belgili tariyxshi’ Ibn Arabshax wo’zinin’ «Temir ha’reketlerinin’ ka’ramati’» atli’ kitabi’nda bi’lay deydi: «Temir iri, yen’seli, boyli’, jumi’r tulg’ali’ edi, woni’n’ ju’zinen qan woynap shig’atug’in aqsur, sa’l jiyren shashli’, ken’ i’yi’qli’, ken’ tanawli’, mu’sini quyi’p qoyg’anday kelisken, aqsaqaldli’, ko’zi o’tkir shamshi’raqtay, ku’shli dawi’sli’, won’ ayag’i’n siltip basatug’i’n adam yedi. A’jelden qori’qpaytug’i’n, woyi ushqir, denesi shi’yraq, da’rpenbeytug’in, hesh na’rseden qaymi’qpaytug’in da’w ju’rek yedi. Woni’n’

u’stine ku’yinsede qabag’i’nan qar jawmaytug’i’n, su’yinsede masayrap ketpeytug’in adam edi» dep ko’rsetedi.

«U’stime patsha shapani’n kiyip, men xa’reketsizliktin’ saldari’nan tuwatug’i’n ti’ni’shli’qtan ayri’ldim» dep jazdi’ wol joqarg’i’ na’sixatnamalari’nda. Won yeki jasi’mnan baslap tu’rli wa’layatlardi’ aralap, baxi’tsi’zli’q penen gu’restim. Joybarlar jasap qarsi’laslari’mni’n’ no’kerin qi’yratti’m, bahadi’rlar menen basshi’lardi’n’ keyisnamasi’nda, qatti’ so’zinde esittim. Lekin shi’damli’li’q penen, jani’m su’ymeytug’i’n jalg’an biyg’amli’qtan ayri’li’w arqali’ wolardi ta’wbege keltirip woti’rdim».

Wol wo’zinin’ «Temur tu’zikleri» degen kitabi’nda ja’ne de mi’nanday si’rdi’ bayanlaydi’: «Men Xali’qtin’ turmi’s tirishligin jaqsi’ bildim. Ziyali’larg’a bawri’mday, al qarapayi’mlarg’a balamday qaradi’m. Ha’r wa’layat penen ha’r qala turg’i’nlari’ni’n’ huqi’qi’y ha’reketi menen say da’stu’rlerine beyimledim. Menin’ baxi’ti’mni’n’ jani’p jarqi’rawi’ mag’an hesh kimdi de umi’tti’rg’an joq. Ha’r kim wo’zine tiyislisin aldi’. Sonday-aq miyrimlilik te ju’regimnen wori’n aldi’».

Bulardan biz Temirdin’ u’lken siyasatshi, ko’rgen ko’semlik qa’siyetlerin ko’remiz.

Amir Temur tuzikleri yelimizdin’ ma’nawiy qa’liplesiwinin’ tiykarg’i’ da’regi boldi’. Wol menin’ ma’mleketimnin’ ulli’li’g’i’ ha’m negizi usi’ won yeki rejege su’yenedi, men wolardi’ Zodiakti’n’ won yeki belgisi ha’m menin’ basqari’wi’mni’n’ won eki ayi’ retinde yesapladi’m.

1. Payg’ambar a’wladlari’, ali’mlar, qa’wim basli’qlari’ ha’m ni’zam shig’ari’wshi’lar menen ja’ma’a’time jiberiwshiler boldi’. Menin’ esigim wolar ushi’n ha’mme waqi’tta ashi’q boldi’. Wolar menin’ sarayi’mni’n’ jarasi’g’i’ ha’m dan’qi’n quradi’. Men wolar menen jiyi-jiyi din ta’rtibine baylani’sli’ ma’seleler boyi’nsha ken’esip turdi’m; wolardan men ni’zam boyi’nsha ne na’rsege ruxsat ha’m ne na’rsege qadag’an etiletug’i’ni’n bilip woti’rdi’m.

2. Ken’es beriwge uqi’pli’ ha’m ziyrek adamlar, bir so’zlilik aqi’lli’li’q qa’siyetine iye adamlar ha’m sonday-aq ko’p jasap ko’regen bolg’an hu’rmetli

adamlar menin’ toliq isenimine iye boldi. Men wolardi wo’zime ten’ ko’rip qatnas jasadim, sebebi menin’ menen wo’z ta’jiriybesin wortaqlasqan wolar mag’an u’lken arti’qmashi’li’qlar berer yedi.

3. Men dinshil adamlardi’ hu’rmet yettim, jasi’ri’n tu’rde men wolardi’n’’ duwasi’ni’n’ ja’rdemine su’yendim: wolar menin’ g’amxorli’g’i’ma, miyrim sha’pa’a’time mu’ta’j bolg’an waqi’tta men wolardi’n’ haq pa’tiyasi’ni’n’ ja’rdemine kewil awdardi’m: menin’ aytqan ken’eslerimde, paraxat turmi’si’mda ha’m uri’sta wolardi’n’ pa’tiya-tilekleri ha’mme waqi’tta paydali’ boldi’, sawash ku’ninde wolar mag’an jen’is ali’p keldi. A’skerinin’ sani’ menkinen ko’birek bolg’an Toxtami’s xanni’n’ aldi’nda menin’ armiyam albi’rap turg’an waqti’nda, ma’selen, sonday boldi. Sabduarda tuwi’lg’an, adamlar menen qatnastan waz keshken, si’rtqi’ du’n’yadan waz keshken duwasi’ qabi’l Mir Sieddin basi’n jalan’ baslap, namazg’a qol jayg’ani’ sol yedi, woni’ tamamlap u’lgermey-aq biz woni’n’ tan’ qalarli’q na’tiyjesin ko’rdik.

Menin’ hayallari’mni’n’ birewi awi’rg’n waqti’nda da, namaz oqi’w tiykarg’i’ talabi bolg’an payg’ambar a’wladi’nan won eki ulama ha’r biri keselge wo’zlerinin’ wo’mirinen bir-bir ji’ldan ina’m yetip yedi-kesel hayal sawalip ketti ha’m wol ja’ne 12 ji’l wo’mir su’rdi.

4. Menin’ Ken’esimnin’ qurami’nda Amirler, shayxi’lar, a’sker basi’lar bar edi. Men wolardi’ joqari’ basqi’shlarg’a ko’terdim ha’m dos si’pati’nda yerkin sa’wbetlesetug’in edim.

Sawashlari’ bir neshe ma’rtebe qi’li’shlari’n jalan’ashlawg’a tuwri’ kelgen ma’rtleri menin’ doslarim boldi: men wolarg’a urisqa baylani’sli’ sorawlar berdim: men wolardan sawash waqitnda hu’jim jasaw ha’m qa’wipli jag’daylarda keyingi sheginiw jo’ninde sorar edim: men wolardan dushpan qatari’n ku’tpegen jerden jari’p wo’tip, wolardi’n’ arasi’nda albi’rawshi’li’q tuwdiriw, uri’sti’ baslawg’a qozg’aw sali’w ushi’n qanday a’meller qollani’w kerekligi jo’ninde sorar edim. Wolardi’n’ tu’simpazlig’i’n yesapqa ali’p, men ha’mme waqi’t wolardi’n’ bergen ken’esine qulaq tu’rdim.

5. A’sirler ha’m xali’q mag’an birdey qi’mbatli’ boldi. Ma’rt jawingerlerge men sawitlar berdim. Patshaliqtin’ ha’m wa’liyatlardin’ puqaraliq ha’m a’skeriy basshilarina u’lken ja’rdem berdim. Menin’ wolarg’a bergen siyliqlarim biykar ketpedi. Armiya ha’mme waqtinda tayar turdi. Za’ru’rli na’rselerdi ha’tteki aldin ala alip turdi. Rum menen uris paytinda men a’skerlerge jeti ji’lg’a jeterli za’ru’rli na’rseler berdim. Men a’skerlerdi ha’m xaliqti jaqsi ta’rtipte uslap turdim, sonliqtan wolar bir-birine za’lel keltire almadi, bir-birin qisa almadi.

Men barli’q a’skerlerdi wo’z wori’nlarii’nda uslap turiwg’a ha’reket ettim ha’m wolardi’n’’ hesh biri ko’rsetilgen shegaradan shig’a almadi: men kimdidur ha’dden tis ko’termelewden ha’m to’menletiwden saqlandim. Mag’an ulli’ xi’zmetler islegen adamlar tiyisli siyliqlarin alip turdi. Eger qatardag’i jay a’sker aqi’li’liq ha’m ma’rtlik ko’rsetse, men barli’q waqitta oni’ talantli ha’m islegen xi’zmetine ilayiq xoshemetlep ha’m Joqari’ wori’nlarg’a ko’terip otirdim saqlandim. Mag’an ulli’ xi’zmetler islegen adamlar.

6. Wo’zlerinin’ aqi’li’lig’i ha’m sipayilig’i menen ma’mleket basqariwg’a ha’m ma’mleketlik islerdi oylasiwg’a qatnasqan adamlardan men belgili sanda ken’esshiler saylap aldim ha’m wolarg’a wo’zimnin’ en’ kupiya sirli islerimdi ha’m kewlimdegi oylarimdi xabarlap turdim.

7. Wa’zir xa’m xatshilar ken’estin’ (diywan) maqtanishi boldi. Wolar menin’ imperiyamnin’ aynasi boldi: wolar mag’an wa’liyat ishindegi, a’sker ha’m xali’q arasi’ndag’i bolg’an barli’q waqiyalardi jetkerip turdi.

Wolar menen bayli’qlari’mdi, a’skerlerdin’ ha’m menin’ puqara turg’inlarimnin’ qa’wipsizligin saqlawg’a g’amxorliq ete otirip, bul ushi’nbarli’q za’ru’rli na’rselerdi qollandi: wolar wo’zlerinin’ aqillilig’i menen menin’ ma’mleketime do’nip kiyati’rg’an baxi’tsizliqlardi aldin ala ko’re aldi ha’m wolardi qaytara aldi. Ma’mleketlik qaznani u’nemlep jumsap, wolar xaliqti ha’m diyqanshiliq tarawin mudami qollap-quwatlap otirdi.

8. Men wo’zime ta’bibilerdi, astrologlardi ha’m geometrlerdi shaqirdim, sebebi wolar ma’mlekettin’ dan’qin ha’m baylig’in arttiriwg’a ja’rdemlesedi. Wo’z isin jaqsi biletug’in ta’wiplerdin’ ja’rdeminde men kesellerge den

sawlig'in qaytarip alip berdim, astrologlar meni baxi'tli ha'm baxi'tsiz juldizlardin' dizbegin ha'm wolardi'n'' aspandag'i ha'reketin biliwge u'yretti. Geometrler (yamasa arxitektorlar) menin' ushi'na'jayip jaylardin' jobalarin du'zip berdi, menin' ushi'nmen otirg'izg'an bag'lardin' sizilmalarin sizip berdi.

9. Men wo'zime tariyxshilardi ha'm ji'lnama avtorlarin shaqirdim. Wolardan men ulli' adamlardin' wo'mirin u'yrendim, wolar mag'an jer ju'zi hu'kimdarlarinin' tariyxin aytip berip otirdi ha'm wolardi'n'' baxtinin' artiw ha'm qaytiw sebeplerin tu'sindirip berdi. Bul hu'kimdarlardin' minez-qulqi, so'zleri ha'm isleri menin' ushi'ntawsilmas ta'jriybenin' bulag'i boldi. Wolardan men wo'tken a'sirlerdin' tariyxin ha'm jer ju'zindegi bolg'an wo'zgerislerdi bilip otirdim.

10. Men hu'rmetli qa'riyalari'n, da'rwishlerdi ha'm Qudaytala haqqi'nda ilimdi iyelegen adamlardi' ji'ynadi'm. Men wolar menen woylastim: wolar mag'an keleshek wo'mirdin' bag'i'n ashti' ha'm mag'an qudali'q so'zlerdi ayti'p woti'rdi'. Bul adamlar menin' aldi'mda tan' qalarli'q islerdi, ha'tteki a'jayi'p na'rselerdi isledi: wolar menen baylani's menin' ushi'n paydali' ha'm unamli' boldi'.

11. Paraxatshi'li'q ha'm uri's da'wirindegi a'sker ushi'n quraldi' ta'rtipli uslap turi'w ushi'n, men sarayi'ma ha'r qiyli islerdin' ustalari'n tartti'm.

12. Si'rt el patshalari'nan xabarlar bilip turi'w ushi'n men barli'q wa'layatlardi'n' ha'm barli'q ma'mleketlerdin' sayaxatlari'na ja'rdem qoli'mdi' sozi'p turdi'm, jer ju'zindegi barli'q yellerge sawdagerlerdi ha'm ka'rwanbasli'lardi jo'netip turdim: men wolarg'a Qotanda, Qitayda, Hindistanda, Egipet sha'ha'rlerinde, Arab, Siriyada, Rumda, ha'tteki Franklardi'n' atawlari'nda bolatug'i'n ju'da' siyrek ushi'rasatug'i'n zatlardi' mag'an ali'p keliwge buyi'rdi'm. Wolar mag'an bul yellerdegi ha'kimlerdin' ha'm jergilikli xali'qi'ni'n' da'stu'rleri, u'rp-a'detleri ha'm jasaw jag'daylari' haqqi'nda a'sirese sirt yel ma'mleket basshi'lari'ni'n' wo'z qol asti'ndag'i' adamlari'na qatnasi' tuwrali' xabarlap turi'wi'n tilek ettim.

### 3. Alisher Nawayi’da ba’rkamal a’wlad ideyasi’n ta’riplew

Ulli’ babami’z Mir Alisher Ha’ziretlerinin’ mu’ba’rek esteligin ha’r sapar yad yetiw woni’n’ a’wladlari’ ushi’n ju’da’ sharapatli’ bir da’stu’rge aylani’p qaldi’.

Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi Nawayi’ do’retiwshiligi bizin’ ruwxi’y jetikligimizdin’ bulag’i’, ma’nawiy jaqsi’lani’wi’ni’n’ g’a’ziynesi.

Bu’gingi ku’nde ma’mleketlerimizde insanni’n’ ka’milligi ma’selesi milliy ideyani’n’ tiykarg’i’ printsiplerinin’ biri boli’p, Prezidentimiz ruwxi’yli’g’i’mi’zdi’n’ ko’teriliwine u’lken itibar berip ati’rg’an jag’dayda, ulli’ babamiz Alisher Nawayi’ tvorchestvosi’ ruwxi’y-qa’driyatlari’mi’zdi’n’ karwan basi’ boldi’. Wonnan jaqsi’li’q, diyanat, a’dalat, miyrim-shapaat shaydalari’ is ma’det ha’m quwat ali’p jaynap jasnamaqta. Sebebi Nawayi’ni’n’ shig’armalari’ni’n’ ishinde wo’mirdin’, tariyxti’n’ ma’selelerine mu’na’sibet ko’rsetpegeni ushi’raspaydi’. Wolardi’n’ insanni’n’ peyil-pig’illarini’n’ ha’r bir qi’rralari’na mu’na’sib baha bermegen birde bir woy-pikir tabi’lmaydi’.

Woni’n’ do’retiwshiligi tek xalqi’mi’zdi’n’ ulli’ maqtani’shi’ g’ana emes, ba’lki wol dani’shpanni’n’ is-ha’reketi, shig’armalari’ a’wladlari’mi’z ushi’n ha’mme waqi’t yesigi ashi’q mektep, bahasi’ joq bayli’q desek boladi’. Nawayi’ wo’z do’retiwshiligi menen xalqi’mi’zdi’n’ sapali’q da’rejesin, marifiy-ma’nawiy salmag’i’n belgiledi. Soni’n’ ushi’n ha’zir wol babamiz bizin’ maqtani’shi’mi’zdi’n’ wo’zligimizdin’ tamsali’na aylandi’. Du’n’ya elatlari‘ Nawayi’ degende o’zbek xalqi’n, o’zbek xalqi’ degende Nawayi’ni’ ko’z aldi’na keltiretug’i’n boldi’. Nawayi’g’a hu’rmet ko’rsetiw o’zbek xalqi’na hu’rmet ko’rsetkeni yekenligi shubhasi’z yedi. Soni’n’ ushi’n O’zbekistan qaharmani’ A. Oripov «Uning nomi bilan birga bitilgan, Dunyo daftariga o’zbek degan nom» dep duri’s ko’rsetedi.

Nawayi’ do’retiwshiliginde barkamal insan ideyalari’na di’qqat awdarsa da wonda kamil insan ideyasi’ ha’m milliy ha’m uli’wmainsani’y a’hmiyetine iye bolg’an adamzatqa ta’n yen’ joqari’ ma’nawiy ha’m jismoni’y barkamalli’qti’

wo'z ishine alg'an ha'miyshe qayi'rli'li'qqa u'ndeytug'i'n hu'rmetli ideya boli'p yesaplanadi'.

Barkamalli'q bul-mexir-miriwbet a'dillik, tuwri'li'q, hu'jdan, ar-namis, iman, erk, isbilermenlik, jiger, watanparwarli'q siyaqli' ko'plegen hasi'l insani'y qa'siyetlerdin' jemisi.

Barkamal insan ideyasi' a'zel-a'zelden xalqi'mi'zdi'n' iygilikli arzi'wi', millet ruwxi'yli'g'i'ni'n' u'zliksiz bir bo'legi yekenligin teren' tu'singen. Nawayi' wo'z shig'armalari'nda kamil insan ideyalari'n wog'ada kewil awdardi'. Woni'n' jaratqan jetik insan obrazi aqi'li'y ha'm filosofiyali'q jetiskenliklerin bir-birine ushlasti'rg'an, xali'q g'ami menen jasaytug'i'n insanni'n' belgisi.

Bunda barkamal a'wlad ideyasi' wo'z ishine insanni'n' a'dep-ikramli'g'i', wolarda qa'liplesken barli'q unamli' qa'siyetlerdi, wolardi'n' insanlarg'a ja'miyetke ha'm Watang'a bolg'an mu'na'siybetlerinen baslap, shan'araqqa ata-anag'a ha'm basqalarg'a mu'na'siybetlerinin' barli'q qi'rlari'n wo'z ishine aladi'. Wol wo'zinin' miynetlerinde yen' da'slep ata-anag'a hu'rmet' birisin ku'nge, birisin ayg'a ten'ewdi ha'm «Anam Kaaban'» dep yesaplang'an adamdi' joqari' bahalaydi'.

Hu'rmetli Prezidentimiz I. A. Karimov wo'zinin' «Joqari' ma'nawiyat - jen'ilmes ku'sh» dep atalg'an miynetinde «Alisher Nawayi' xalqi'mi'zdi'n' an'i' ha'm woylawi'na ko'rkem ma'deniyati'ni'n' tariyxi'nda pu'tin bir da'wirdi du'zgen biyik shaxs, milliy a'debiyati'mi'zdi'n' ten'siz wa'kili milletimizdin' maqtani'shi', welimizdin' turmi's-ta'rizinin' abrayi'n ma'rtebesin du'n'yag'a jan'g'i'rtqan wo'lmes so'z sanaatka'ri' boli'p yesaplanadi'. Ilemde Nawayi'ni' bilmegen, Nawayi'ni' su'ymegen, Nawayi'g'a sadaqat ha'm etiqat qi'lmag'an» tu'rkiy yaki parsiy tilde so'ylewshi insan joq dese boladi'.

Bu'gin bizler Alisher Nawayi'dan nur alamiz, ma'nawiy quwat iyeleymiz. Wol dani'shpanni'n' wo'lshem - tu'siniklerinen kelip shi'g'i'p a'ti'rapqa, wortal'qqa mu'na'sibet bildiremiz. Ko'binese biz Nawayi' babami'z bi'lay degen ibaralari'nda qollani'p ma'seleni toli'q ha'm ani'q

sheshemiz ha’m oni’ basqasha tallap wotiriwg’a mu’mkinshilik qaldi’rmaymi’z.

Ha’zirgi ku’nde Nawayi’ni’ an’law wo’zligimizdi an’law yekenin, bir birlep teren’ tu’sinip ati’rmi’z. Woni’n’ wo’zlikti an’lawi’ woni’n’ filosofiyali’q pikirlerinde en’ da’slep wo’zin’di an’law, wo’zinin’ hasi’l na’silinin’ kim yekenligin biliw, wo’zin’nin’ nege tayi’n yekenligin’di seziw yekenligi ajayi’p ha’m da’lilli keledi. Woni’n’ Mi’sali’n

«El netip tapsin meni,

Men wo’zimdi tappasam» degen qatarlari’nda ko’rinip wol du’n’yag’a belgili Sokratti’n’ «Wo’zin’di bil» (Poznay sebya) degen ma’n’gilikke qalg’an filosofiyali’q ko’z qarasi’ menen u’nlesedi ha’m ha’zirgi ku’nlerdede adamdi’ a’sirese jaslardi’ ta’rbiyalawda yen’ za’ru’rli ha’m a’hmiyetli na’siyat yekenligi so’zsiz. Ha’zreti Nawayi’ wo’z xalqi’nan tariyxi’n, milliy qa’driyatlari’n bilmegen, qa’dirlemegen, ata-tegin umi’tqan, wo’z milletinin’ keleshegi ushi’n qayg’i’rmag’an adamlardi’ milliy ar-nami’s bolmag’an jetispegen adamlar dep yesaplaydi’. Mi’sali’ woni’n’:

**Odami ersang, demagil adamni,**

**Oni’kum yo’k xalq g’amidan g’ami»** degen bayti ha’mme ushi’n, barli’q zaman ushi’n birdey uran boli’p ba’rshege jag’i’mli’, teren’ mazmunli’, barli’q xali’qlardi’n’ qa’lewi retinde jarqi’rap turadi’. Sonday-aq wol ulli’ shayi’rdi’n’

**«Kim jamanli’q qi’lmasa,**

**Qi’lg’ani’ woni’n’ jaqsi’li’q»,** degen qatarlari’ pu’tkil insani’yatqa jag’atug’i’n danali’q pikir. Bul ma’mleketler ara qatnasi’na da ha’m adam mu’na’sibetlerine de tiyisli tapti’rmaytug’i’n na’siyat. Bunda Nawayi’ni’n’ basqag’a jamanli’q qi’lmag’ani’ni’n’ wo’zi jaqsi’li’q. Jaqsi’li’q qi’la almas yekensen’, jamanli’q qi’lmag’ani’ni’n’ wo’zi jaqsi’li’q degen danali’q tuyg’i’si’ bu’gingi ku’ndede ha’mmege jol ko’rsetip turadi’.

Bul rubayda jetik insanni'n' bir sha'rti insanparvarlik yekenligin ko'rsetip muxabbat, ishq bolmasa wonda insanparwarliqta adamgershilikte toliq qa'liplespeydi dep keltiredi.

Nauayi Ha'ziretleri a'tiraptag'ilardin' ruwxi'yatsizlig'in ko'rip qayg'i shekti, nadanliqti ko'rip qapa boldi.

Ol nadanliqtan qutiliw jetiklikke alip baradi' dep yesaplap mi'naday deydi «Hesh na'rseni bilmeytug'in ha'm bilgisi kelmeytug'in adam ju'da' jaman adam woni'n' boyinda Usi' eki kesel uyalag'an dep ko'rsetedi.

Alisher Nawayi' nadanliqtan qutiliwdin' joli' bilimdi iyelew dep ko'rsetip bilim ta'jiriybelerinin' shipali da'ri-da'rmanlari adamlardi awir nadanliq keselliginen qutqaradi. Bilim darag'inin' miywesi aqil parasat, adamlarg'a g'amqorliq dep oylaydi

Aqil-parasat insan ushi'nen' Joqari' za'ru'rlilik yekenligin ko'rsetip ol aqil ju'rek ishindegi nur, bul nur menen haq nahaq bilinip alinadi dep tu'sindiredi.

Ol adamlardin' minasibetinde bahalawdi so'zsiz danishpan insan edi. Woni'n' «Aytar gapti ayt. Aytpas gapten qayt» dep na'siyatlap is ju'rgiziude jetiklikke shaqirar edi. !sirese ol so'yleu, sa'wbetlesiu ma'deniyati jetikliktin' tiykari' dep og'an u'lken keuil bo'ldi. So'z arqali kisinin' qa'dir qimbatinin' belgilenetug'inlig'in ko'rsetip'

**«Auzina kelgenin demek nadannin' isi,**

**Aldina qoyg'anin jemek xayuannin' isi»** dep, auzina qarap so'yleudi ha'm so'yleude ma'deniyatli' boli'wg'a u'ndedi. «So'z o'ltiredi so'z tiriltedi» degen ideyani alg'a su'rdi.

Ol wo'z shig'armalarinda tuwri'liqtin', rasgo'yliktin', opadarliqtin' adam ushi'na'hmiyetin Joqari' bahaladi'. Ol wo'zinin' «Maxbub-ul-kulub» degen shig'armasinda «Opasizda uyat joq, uyatsizda opa joq. Eger kimde bul ekkisi joq bolsa, wonda iyman joq, ha'm ha'r kimde iyman bolmasa, wonda adamiyliq bolmaq imkaniyati joq» dep u'yretedi.

Woni'n' Usi'nday jetik insan haqqindag'i oylarin ha'zirgi waqittag'i ruxiyatimizdin' g'a'ziynesi, jetiklikti sinau mektebi dep bahalasa boladi'.

Ha'zirgi da'wirde Ha'zireti Nauayi sabaqlari'nan toliq ra'ha'tlenetug'in zaman endi keldi. Tariyxtin' bunday inayatina bizler albette shu'kirana aytami'z. Wol ushi'n g'a'rezsizlikti a'ziyzleymiz yeldegi barli'q say ha'm danali'q ha'reketlerge basshi'li'q qi'li'p ati'rg'an jurt basshi'mi'zg'a ra'hmetnama aytami'z.

Ha'zireti Nawayi'ni' qaraqalpaq xalqi'da tap wo'zinin' hadal perzenti ha'm dani'shpani', ruwxi'yli'g'i'ni'n' tiykarg'i' tami'ri' retinde hu'rmetleydi. Wog'an yelimizdin' belgili shayi'ri' O'zbekistan Qaharmani' Ibrayim Yusupovti'n' mi'na qosi'q qatarlari' guwali'q beredi Wol wo'zinin' «Nawayi'g'a» degen qosi'g'i'nda:

«Sen ermansan' sho'lge pitken baq boli'p
Sayali' miywali' bir daraq boli'p,
Zamanlar dawi'li' shayqag'an sayi'n,
Jan'ali'p qulpi'rg'an zerbaraq boli'p,
Turdin' jaqti'rati'p go'zzalli'q a'lemin,
Qaran'g'i'da jang'an shamshi'raq boli'p,
Sahra gu'llerin shashayin u'stin'e,
Nawayi'ni' su'ygen qaraqalpaq boli'p» dep woni'n' do'retiwshiligin joqari' bahalap, wog'an qaraqalpaqlar ati'nan ta'zim yetedi.

Usi' ji'li fevral' ayi'nda Nawayi' babami'zdi'n' tuwi'lg'ani'na 569 ji'l toldi'. Bizler ushi'n bul u'lken mu'ddet boli'p sanali'wi' mu'mkin. Biraq ulli' hu'rmetke iye bolg'an dani'shpanlar ushi'n bul sanaq sheksizlik joli'ndag'i bir basqi'sh boli'p g'ana yesaplanadi'. Biz a'lbette, usi'nday ulli' woyshi'l shayi'ri'mi'zdi'n' barli'g'i'na shi'nlap quwanamiz, wori'nli maqtanamiz. Alisher Nawayi'ni'n' do'retiwshilik miyrasi'na, wo'miri ha'm shaxsiy u'lgisine teren' hu'rmet qilip woni'n' shig'armalari'nan ruwxi'yati'mi'zg'a teren' ta'sirinen woni'n' ma'nawiyat g'a'ziynesinen na'r almaqta.

Zamanlar wo'tsede xalqi'mi'z benen birge ayaq qosi'p kiyati'rg'an Alisher Nawayi ha'ziretlerine qulli'q yetip ha'm ta'zim bildiriw ulg'ayi'p,

ko’beyip bara beretug’i’nli’g’i’ taqiq. Wol dani’shpang’a miyrasxor boli’w biz ushi’n yen’ ulli’ sharapatli’ baxi’t boli’p yesaplanadi’.

## 4. Oyaniw ha’m jadidshilik da’wirindegi ma’nawiyat

Tu’rkstan u’lkesi xali’qlari’ni’n’ milliy g’a’rezsizlik ushi’n gu’resi eki bag’darda boldi’. Birinshisi – quralli’ gu’res, qozg’alan’lar joli’ boli’p, 1892-ji’lda Tashkentte ju’z bergen «vabo qozg’alan’i’» (yamasa «tasatar waqiyasi’»), 1998-ji’lda Andijan walayati’ndag’i’ Dukchi iyshan (Muhammedali xalfa) jihadi, 1916-ji’l mardikar waqiyalari’, keyinirek, u’lkede bol’shevikler hu’kimranli’g’i’ wornati’li’wi’na qarsi’ «baspashi’li’q» ha’reketi de pa’t alg’an milliy-azatli’q gu’resi usi’ bag’dardag’i’ belgili waqiyalardan. Ekinshisi, ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q bag’dar boli’p bul joldi’n’ tiykarg’i’ maqseti xali’q ma’deniy-ag’artiwshi’li’q da’rejesin asi’ri’w, milliy ekonomikani’ jan’a izlerden joqari’latiw joli’ menen, waqi’ti’ kelgende ju’da’ qu’diretli a’skeriy-siyasi’y da’rejege iye bolg’an Rossiya hu’kimeti menen bazi’ kelisiw usi’llari’ menen Evropani’n’ ilgeri usi’llari’n wo’zlestirip, millettin’ haqi’qi’y azatli’g’in ta’miynlew yedi. Bul yeki jol bazi’da bir-biri menen birge bazi’da qarama-qarsi’li’qqa kiriser, biraq a’melde bir-birin tolti’ri’p, quwatlap bari’wshi’ bag’darlar yedi. Ag’arti’wshi’li’q joli’ Ahmed Doni’sh, Furqat, Feruz siyaqli’ XIX-a’sir basi’nda ja’didler ha’reketinde ko’rindi. Ha’r yeki bag’dar da XIX-a’sir aqi’ri’nda kishi ko’lemlerde baslang’an bolsa XX-a’sirdin’ ekinshi on ji’linin’ pu’tkil territoriyada jalpi’ rawajlani’p ali’p, Milliy Oyani’w ha’reketi da’rejesine ko’terildi.

Bir ta’repten Tu’rkiya, Misr, Qitay siyaqli’ Shi’g’i’s ma’mleketlerindegi jan’alani’w tolqi’ni’, ekinshi ta’repten, Rossiya ha’m Kavkaz arti’ u’lke musi’lmanlari’ni’n’ ta’sirinde Tu’rkstanda Jan’a da’wir na’pesi tez qa’liplese basladi’. Jergilikli isbilermenler Evropa menen sawda-sati’qti’ ken’ jolg’a qoydi’, jan’asha usi’ldag’i’ islep shig’ari’w ka’rxanalari’-paxta tazalaw, may zavodlari’ quri’la baslandi’. Bank sistemasi’ du’zildi. 1884-ji’lda Baqshasarayda baspadan shi’qqan «Tarjumon» gazetasi’ Tu’rkstanda 200 adam jazi’ldi’, usi’ ji’llarda Tashkentte Saidg’ani Saidazimboy, Sharif xoja qazi’, Muhiddin xoja

qazi’ siyaqli’ ken’ pikirli kisiler balalar ushi’n jan’a (rus-tuzem atali’wshi) mektepler ashi’li’wi’na ja’rdem berdi.

1901-ji’ldan Qoqan ha’m Tashkentte, 1903-ji’ldan Samarqand Gasparali Ismailbek islep shi’qqan «usi’li jadid» tiykari’nda jan’asha mektepler is basladi’. Mahmudxoja Behbudiy, Abduqa’dir Shakuriy, Siddiqiy Ajziy, Ashurali Zohidiy, Lutfulla Olimiy. Abdurashidxonov siyaqli’ marifat pidayi’lari’ maydang’a kirip keldi. Jan’asha sistemadag’i’ mektepler ushi’n Ismailbek «Xo’jayi sabyon» (Balalar mug’allimi) shig’armasi’nan ibrat ali’p, Saydrasul Saydaziziy «Ustodi avval», Munavvarqori «Adibi avval», Abdulla Avloiy «Birinshi mug’allim», «Ekinshi mug’allim» siyaqli’ woqi’w qollanbalardi’ jaratti. Behbudiy, Fitrat, Ashurali, Zohidiyler yesap, geografiya, a’debiyat, tariyx pa’nlerinen sabaqli’qlar jaza basladi’.

1906-ji’ldan «Taraqqiy», «Xurshid», 1914-ji’ldan «Sadoyi Turkstan», «Sadoyi Fergana» ham basqa qatar gazetalar, 1913-ji’ldan Behbudiy redaktorli’g’i’nda «Oyina» jurnali’ baspadan shi’g’a basladi’. Jan’a marifatshilar ta’repinen Buxarada 1908-ji’lda «Ta’rbiya ul-atfol», Tashkentte-1911 ji’lda «Turan» ja’miyeti du’zildi. Sol ji’l jan’asha pikirli islam ulamasi’, mufti Behbudiy jan’a da’wir o’zbek a’debiyati’ tariyxi’nda birinshi boli’p «Padarkush yamasa woqi’mag’an balani’n’ hali’» jaratti’ ha’m 1914-ji’lda Samarqand ha’m Tashkentte bul ibratli’ tamasha saxnag’a shi’qti’. Teatr tamashasi’ jan’a da’wir marifatshi’lari’ ta’repinen xali’q ag’arti’wshi’lig’i’n joqari’lati’wdi’n’ yen’ na’tiyjeli usi’li – ibrat mektebi si’pati’nda turmi’sta ken’ qollani’la basladi’. 1914-1916 ji’llar arasi’nda wonnan ziyat dramaturgiyali’q shi’g’armalar Samarqand, Tashkent, Qoqan qalalarindag’i teatr truppalari’ ta’repinen saxnag’a qoyi’ldi’ ha’m xali’q arasi’nda abi’rayg’a iye boldi’. Xoja Mumin, Abdulla Badriy, Hamza, Fitrat, Chwlpan, Abdulla Qodiriy, Abdulla Avloni’y siyaqli’ jan’a-jan’a dramaturglar bul iske bas qosti’.

Tu’rkstanda Milliy Woyani’w ha’reketinin’ ulli’ jetekshisi bolg’an Mahmudxoja Behbudiy tek birinshi dramaturg boli’p g’ana qalmay, milliy teatr ko’rkem wo’ner teoriyasi’ni’n’ da baslawshi’lari’nan yesaplanadi’. Wol wo’z

waqti'nda Saydahmed Vasliy, Fazlulvahhob qari siyaqli' teatr wo'nerinin' haram dep si'patlamaqshi' bolg'an yeski ulamalardi'n' shig'i'wi'na juwap retinde islamiy derekler ha'm logikali'q da'lillerge tayani'p, teatr wo'nerinin' «darsxonai ibrat» ha'm sawap yekenligin si'patlap berdi.

Rossiya imperatori' Nikolay II koloni'ya u'lkeler ma'ha'lliy xali'qti' ma'rdikarli'qqa jiberiw haqqi'nda 1916-ji'l 25-iyunda shig'arg'an pa'rmani' pu'tkil u'lkede uli'wmaxali'qli'q qozg'alan' baslani'p ketiwine sebep boldi'. Tas, tayaq, ketpen siyaqli' qolg'a tu'sken na'rse menen jurt qani'n sori'p jatqanlarg'a qarsi' ko'terilis ko'tergen xali'q ju'da' ko'p qurbanlar boldi'. Patsha a'miri menen 3 mi'n'nan arti'q adam sudqa berilip, 347 adam asi'p wo'ltiriwge hu'kim qi'li'ndi'.

Ja'didler bul stixiyali' ha'reketke baslani'wdan qarsi' boldi', wolar ko'terilislerge jol qoymasli'q, quralsi'z xali'qti'n' qoli'nda zamanago'y qural-jaraq penen joqari' a'skeriy tayarli'qqa iye bolg'an koloni'yaliq jaza armiyasi'na dus bolmasli'q ushi'n barli'q imkaniyatlari'n iske Sali'p uri'ndi'. Sebebi wolardi'n' aqi'ydasi'na ko're jahalat, ko'terilis joli' menen millet wo'z maqsetlerine yerisiwi mu'mkin emes, tek ti'ni'sh reformalar ha'm marifat penen jaqsi' na'tiyjelerdi qolg'a kiritiw mu'mkin yedi. Jadidler dushpanni'n' makkar woyi'nlari'n teren' tu'siner yedi. Fitrat jazadi': «Qural ku'shi menen bir milletti joq yetiw qolay, bar yetiw mu'mkin yemes. Qural ku'shi menen hesh bir ja'ma'a'tti ma'deniyatqa jiberip bolmaydi'».

1916-ji'lg'a deyin tiykari'nan ag'artiwshi'li'q xi'zmet ko'rsetken jadidler, 1916-1922 ji'llarda zaman talaplari'nan kelip shi'g'i'p, siyasi'y turmi'sta da jetekshi da'rejege ko'terildi. Proletar diktaturasi'n zorli'q penen iyelewge uri'ng'an «qi'zi'l» shovenistlerdin' pitnelerine qaramay, wolardi'n' barli'q basi'mlari'na shi'dadi', 30-ji'llarg'a deyin xali'q marifatin joqari'lati'w, woni'n' ruwxi'y du'n'yasi'n jetilistiriw ushi'n barli'q ku'sh-g'ayratlari'n sarp yetti. Abdulla Qadriy, Fitrat, Cholpan, Suwpizada, Hamza ha'm basqalar jaratqan shig'armalar xalqi'mi'zdi'n' ma'n'gi mu'lkine aylang'an bolsa, Munnavarqori, G'ozi Yunus, Salimxon Tillaxanov, Ubaydulla Asadullaxwjaev, Zaki Validiy

Tug'on, Nosirxan Tura, Sadriddin maqsi, Turaqul Janizaqovlardin' siyasiy-ag'artiwshi'li'q xi'zmetleri Watan g'a'rezsizligi ha'm xali'q marifati joli'ndag'i' pidakerlik ti'msali' boli'p qaldi'.

Yeger Patsha Rossiyasi bizin' ruwxi'yli'g'i'mi'zdi turg'i'nli'qta, qalaqli'qta tuti'wg'a uri'ng'an bolsa, bol'shevik-shovenistler jergilikli xali'qlardi' wo'z milliy ruwxi'yli'g'i'mizdan pu'tkilley jat yetiw siyasati'n tutti'. «Formasi' milliy, mazmuni' sotsialistlik» «sovet ma'deniyati'» toli'q yeki ju'zlilikke quri'ldi'. Dindi, Xali'qtin' mi'n' ji'lli'q isenimin biykar yetti, worni'na «shaxsqa si'yi'ni'w», «Paxta g'rezsizligi ushi'n» gu'res Tu'rkstan xali'qlari'n ekonomikali'q qaramli'q ha'm a'zzilik, u'lke ta'biyati'ni'n' wayran boli'wi', suw, hawa, ta'biyatti'n za'harleniwine ali'p keldi. «Xali'qlar dosli'g'i'», «internatsionalizm» baraqlari' asti'nda pu'tin milletler ana jurti'nan quwi'ldi, milliy u'lkeler xali'qlari' qurami'n ruslasti'ri'w siyasati' qatti' qolli'q penen a'melge asti'. Bu'gin de usi' tuwi'sqan xali'qlar arasi'nda suwi'qli'q sali'w maqsetinde ju'zege keltirilgen jag'day Worayli'q Aziya xali'qlari'ni'n' jaqi'nlasi'wi' joli'nda qi'yi'nshi'li'qlar tuwdi'rmaqta. Qazaqstan ha'm Qi'rg'izstan qatari' worayli'q qalalar jergilikli xali'q mug'dari' kemshilikti quraw na'tiyjesinde jurt iyeleri wo'z watanlari'nda hayran. Awqam da'wirinde respublikada barli'q sheshiwshi ma'nsablarda jergilikli bolmag'an millet wa'killeri hu'kim su'rer ha'm siyasatti' Moskva ko'rsetpesine baylani'sli' ali'p barar yedi. Jergilikli xali'q wa'killerinen «xuja kursin» ge tayi'nlap qoyi'lg'an basshi' shaxslar barli'g'i' ha'r qa'demden, ha'r so'zde wo'zlerinin' Moskva siyasati'na opadar ha'm sadi'q yekenligin si'patlap turi'wi' jazi'lmag'an ni'zam yedi. Ma'deniyat, ideologiya tarawi'nda tek uzaqtag'i' «woray»g'a ta'zim, tegi push kommunizm ideyasi'na da'lil-si'patsi'z, gu'mansi'z sa'jde qi'li'w, wo'tirik «sotsializm» tiykarg'i' hu'kimiran bag'dar yetip belgilengen yedi.

A'jayi'p ha'diyse, g'a'rezsizlik jaman adamdi' da jaqsi'li'qqa u'ndeydi yeken. Sebebi, insan balasi' ta'biyiy sharayatti' ta'biyiylikke qaray umti'ladi', ta'biyiylik bolsa ha'mme waqi't jaqsi'li'q. Sonnan kelip shig'ip, biz bu'gin hesh kimdi keshegi ayi'plari' ushi'n gu'nakar yetpegenimiz maqul, tek niyetler parq

qi’ladi, tu’rli insanlardi’n’ imkaniyatlari’ bir-birinen wo’zgeshe yekenligi ta’biyiy hal.

Biz jaqi’n wo’tmishimiz, ani’g’i’ «sovet da’wiri»nde ju’zege kelgen ruwxi’y miyrastan hasla waz keshpeymiz, wog’an mensinbey qarawi’mi’z mu’mkin yemes. Xamza ha’m Sadriddin Ayniy, Hamid Olimjon ha’m G’afur G’ulam, Aybek, Abdulla Qohhar a’debiy miyrasi’ o’zbek xalqi’ni’n’ ruwxi’yli’q g’a’ziynesinen mu’na’sip wori’n alg’an. A’lbette, wolar do’retiwshiliginde zamanasazli’q ha’m, ko’rkem shegarag’a jetpegen bazi’ shig’armalar da boli’wi’ mu’mkin. Biraq wolardi’n’ ko’rkem potentsiali, o’zbek xalqi’ ha’m Watang’a mehir, xali’q ruwxi’y kamalati’ ushi’n qosqan u’lesi yekenin maqtani’sh penen ta’n alsaq arzi’ydi’. «Sovet da’wir» dep atag’an 70 ji’lli’q qi’yi’n tariyxi’y protsess dawami’nda milliy ziyali’lari’mi’z ha’r biri si’rtqi’ imkan ha’m ishki potentsial da’rejesinde xali’q kewlin wo’sirip, ruwxi’y a’lemin bayi’ti’p keldi. Uli’wma, bol’shevikler a’detin ta’kirarlap, bul – mutaraqqiy, arg’i’ – dinshil yaki reaktsion dep tamg’a basi’w insaptan da yemes, ilimge de muwapiq yemes. Biz pa’ziyletti ko’re bileyik.

G’a’rezsizlik ruwxi’yli’g’i’ xalqi’mi’zdi’n’ neshe mi’n’ ji’lli’q g’a’rezsiz ruwxi’y kamalat joli’na tayanadi’, milliy ruwxi’yli’g’i’mi’z basqi’shlari’n yen’ uli’wma bir soqi’r ko’zden keshirip shi’g’i’wdi’ lazim tapqanli’g’i’mi’zdi’n’ sebebi de sonda.

## Juwmaq

Ruwxi'yli'q ja'miyetimizdin' yen' a'hmiyetli tarawlari'ni'n' biri retinde, wol milliy g'a'rezsizligimizdi mazmun jag'i'nan bayi'ti'p bari'wshi bag'dar boli'p tabi'ladi'. Sonliqtan da Prezidentimiz Islam Karimov g'a'rezsizligimizdin' da'slepki ku'nlerinen baslap-aq xalqi'mi'zdi'n' milliy, ruwxi'y tikleniwine, ruwxi'yli'qtin' rawajlani'wi'na ayri'qsha itibar berip kelmekte. Ruwxi'yli'q ja'miyetimizdin' turaqli' rawajlani'wi'ni'n' a'hmiyetli sha'rti ha'm kepilligi yekenligin uqti'ri'p, Islam Karimov wo'zinin' «O'zbekstan XXI-a'sir bosag'asi'nda …» degen miynetinde bi'lay jazadi': «Birde bir ja'miyet ruwxi'y imkaniyatlari'n, adamlar sanasi'nda ruwxi'y ha'm a'dep-ikramli'q qa'diriyatlari'n rawajlandi'rmay ha'm de bekkemlemey turi'p wo'z keleshegin ko're almaydi'».

G'a'rezsizlik da'wiri Islam Karimov so'zi menen aytqanda, wo'z wo'tmishimizdi, wo'z ma'deniyatimizdi qali's bilip ali'w, du'n'ya ja'miyeti, tariyxi aldindag'i wazi'ypamizdi an'lap ali'w da'wiridur. «G'a'rezsizlik ji'llari jas demokratiyaliq ma'mleketti quriwdi tezletiw, woni'n' siyasatin islep shig'iw da'wiri. Bul da'wir ru oyaniwi ha'm milliy wo'zlikti an'lawdin' o'siwi da'wiri. Bul azatli'q ruwxi menen, wo'z ku'shlerine, ma'mlekettin', Xali'qtin' jarqin keleshegine isenim menen tolip tasqan da'wir.

Prezidentimiz I.Karimov bi'lay jazadi': «G'a'rezsiz O'zbekstanni'n' ku'sh qu'diretinin' deregi, xalqi'mi'zdi'n' uliwma insani'y qa'diriyatlarg'a sadi'qli'g'i'. Xalqi'miz a'dalat, ti'ni'shli'q, insan su'yiwshiliktin' na'zik bu'rtiklerin a'sirlerden-a'sirlerge abaylap asi'rap kelmekte. O'zbekistandi' jan'alawdi'n' joqari' maqseti a'ne sol da'stu'rlerdi qayta tiklew, wolarg'a jan'a mazmun bag'i'shlaw tiykari'nda ti'ni'shli'q ha'm demokratiya, abadanshi'li'q, ma'deniyat, hu'jdan yerkinligi ha'm ha'r bir adamdi' kamal tapti'ri'w ushi'n za'ru'r jag'daylardi' jarati'p beriwden ibarat».

Prezidentimiz xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y tiykarlari’ni’n’ teren’ yekenligin atap wo’tip wolardi’ qayta tiklew ha’m jan’a mazmun menen bayi’ti’w za’ru’rligin strategiyali’q wazi’ypa si’pati’nda belgileydi.

Woni’n’ en’ basli’ printsiplerdin’ biri, uli’wma insani’y qa’diriyatlarg’a sadi’qli’q, a’dalat ha’m ten’likte wo’z ko’rinisine iye boli’p, insanni’n’ qa’dir-qimbati’n bahalawda a’hmiyetli roldi atqaradi’. Insan a’dalat ha’m ten’likke shan’araqta, ma’ha’llede, ja’miyetshilik arasi’nda, jumi’s jayi’nda, sawda-satli’q tarawi’nda ha’m t.b. qa’legen tarawda ruwxi’yli’qqa a’mel qi’li’p keledi. Bul na’rse a’sirese basshi’ lawazi’mdag’i’lardi’n’ miynetkeshlerge, administrativlik huqi’qi’y organlardi’n’ puxaralarg’a qatnasi’nda, baylani’slari’nda ko’rinedi. A’dalat ha’m ten’lik siyaqli’ uli’wma insani’y qa’diriyatlardi’ ja’miyette wornatiw, barqulla wog’an a’mel qi’li’p jasaw, g’a’rezsizligimizdi bekkemlewde wog’ada a’hmiyetli boli’p, woni’n’ buzi’li’wi’, woni’ mensinbew ja’miyet turmi’sinda u’lken ziyan keltiredi.

Prezidentimiz wo’zinin’ «Joqari’ ma’nawiyat-jen’ilmes ku’sh» miynetinde: «Ruwxi’yli’q insanni’n’ qan-qani’na su’yek-su’yegine ji’llar dawami’nda ana su’ti, shan’araq ta’rbiyasi’, ata-babalardi’n’ na’siyati’, watan tuyg’i’si’, bul turmi’stin’ bazi’da ashshi, bazi’da quwani’shli’ sabaqlari’ menen qatlam-qatlam boli’p sin’ip baradi’. A’sirese ta’biyati’nda adamlarg’a jaqi’nli’q, ba’rqulla jaqsi’li’qti woylap jasaw, hadal miynet yetiw, du’n’yani’n’ ten’siz inam ha’m go’zzalli’qlari’nan zawi’q ali’w ruwxi’yli’qqa azi’q beredi woni’ ja’ne de ku’sheyttiredi» dep atap wo’tedi.

Milliy - ruwxi’yli’q qu’diretimizdin’ ja’ha’n tsivilizatsiyasi’ndag’i’ worni’n tiklew ha’m bu’gingi ku’nde ruwxi’yli’q, ma’ripat, ilim, texnika, texnologiya tabi’slari’n teren’ wo’zlestiriw tiykari’nda ha’zirgi zaman uli’wma du’n’yali’q ruwxi’yli’q sistemasi’n rawajlandi’ri’wg’a u’les qosi’w;

- jaslar ruwxi’yli’g’i’n milliy g’a’rezsizlik ideyasi menen bayi’ti’p bari’w, wolardi’n’ sanasi’nda ideologiyali’q immunitetti ku’sheytiw;

-insani’yatti’n’ a’sirler dawami’nda jaratqan uli’wma du’n’yali’q mu’lkine aylang’an ba’rshe bayli’qlari’n O’zbekistanni’n’ milliy ruwxi’y qu’diretinin’

aji'ralmas bo'legine aylandi'ri'w ha'm g'a'rezsizligimizdi ha'r ta'repleme bekkemlewge bag'darlaw.

Ata-babalari'mi'zdan qalg'an miyraslar milletimizdin' tek g'ana wo'tmishi yemes soni'n' menen birge keleshegi ushi'nda, pidayi'li'q tiykari' ha'm ilhamlandi'ri'wshi' ku'sh deregi boli'p yesaplanadi'.

Prezidentimiz: «Bizin' a'yyemgi ha'm go'zzal diyari'mi'z tek g'ana Shi'g'i'sta emes ba'lki du'n'ya tsivilizatsiyasi' besiklerinen biri bolg'anli'g'i'n xali'q–ara ja'miyetshilik ta'n almaqta. Bul teberik za'miynde ne bir ulli' zatlar, ali'mlar, ulamalar, siyasatshi' ha'm sarkardalar jetisip shi'qqan, ja'ha'n tsivilizatsiyasi' ma'deniyati'ni'n' u'zliksiz bo'legine aylani'p ketken, du'n'yali'q ha'm diniy ilimlerdin', a'sirese islam dini menen baylani'sli' bilimlerdin' tariyxti'n' joqari' basqi'shi'na ko'teriliwinde ana jurti'mi'zda tuwi'li'p ka'malg'a jetken ulli' allamalardi'n' xi'zmetleri u'lken yekenligi menen biz maqtani'sh yetemiz».

O'zbekistan xalqi' 130 ji'lg'a shekem koloni'al siyasat ta'siri asti'nda jasadi'. Bul da'wir dawami'nda milliy-ruwxi'y miyraslari'mi'zdi' joq yetiwge, tariyxi'n umi'ttiri'wg'a qarati'lg'an siyasat xalqi'mi'z tariyxi'nda wo'zinin' unamsi'z qayg'i'li' izlerin qaldi'rdi'. Koloni'al siyasat ta'sirinde ku'n keshirgen xalqi'mi'z wo'z tariyxi'y miyraslari'n u'yreniw imkaniyatlari'nan ayi'ri'ldi' ha'm qatan' qadag'alaw asti'na ali'ndi'.

Ma'selen Imam al-Buxariy, Xoja Ahmed Yassawiy, Imam a'l-Beruniy, Najmiddin Qubro, Abu Mansur Matrudiy, a'l-Marg'uloni'y, G'azaliy, Naqshband siyaqli' ali'mlari'mi'zdi'n' qaldi'rg'an bay ruwxi'y miyrasi'n u'yreniw qi'lmi's sanalar yedi.

Tek g'ana g'a'rezsizligimizdi alg'annan keyin g'ana miyraslari'mi'zdi' qayta tiklewge imkan jarati'ldi'. Bunday imkaniyatlardi' qolg'a kirgiziwimizde xalqi'mi'zdi'n' ulli' perzenti, ma'mleket ha'm siyasat arbabi', jetik ali'm watanpa'rwar ha'm milletpa'rwar insan Islam Karimovti'n' jetekshilik ha'm basshi'li'q roli tiykarg'i' wori'ndi iyleydi.

G’a’rezsizligimizden keyingi ji’llarda ekonomikali’q, ja’miyetlik-siyasiy ha’m ruwxi’y tarawlarda u’lken tabi’slar qolg’a kirgizildi. Ma’mleketimizde siyasiy turaqli’q payda boldi’, bazar qatnasi’qlari’na basqi’shpa-basqi’sh wo’tip barmaqtami’z.

Prezidentimizdin’ milliy-ruwxi’y tikleniw bari’si’nda islegen xi’zmetleri haqqi’nda atap wo’tetug’i’n bolsaq, 1994-ji’ldan Respublikami’zda «Ruwxi’yli’q ha’m ag’arti’wshi’li’q» ja’miyetshilik worayin du’ziw haqqi’nda pa’rman shig’arg’anli’g’i’n, wolardi’n’ xi’zmetin jetilistiriw haqqi’nda g’amxorli’q ko’rsetkenligin ayti’p wo’tiwimiz kerek. G’a’rezsizlik ji’llari’nda ruwxi’y miyrasi’mizdi’n’ bay g’a’ziynelerine u’les qosqan ulli’ ali’mlardi’n’ atlari’ qayta tiklendi, wolardi’n’ tuwi’lg’an ku’nleri nishanlanbaqta, miynetleri jari’q ko’rmekte.

Bahawiddin Naqshbandiydin’ 675 ji’lli’g’i’, Najmiddin Qubrani’n’ 850 ji’lli’g’i’ ken’ ni’shanlandi’. 1998-ji’lda imam a’l Buxariy ha’ziretlerinin’ 1225 ji’llig’i, Axmed a’l Ferg’aniydin’ 1200 ji’lli’g’i’ni’n’ belgileniwi Prezidentimizdin’ tikkeley basshi’li’g’i’nda a’melge asi’ri’ldi’.

G’a’rezsizlik ji’llari’ Qurani’ Karim o’zbek tiline awdarma qi’li’ndi’. Imam al Buxariydin’ 4 tomliq ha’dislerin baspadan shig’ari’w tamamlandi’. Xoja Axmed Yassawiydin’ «Hikmetler» toplami’ baspadan shi’g’ari’ldi’.

Ko’plep Qurani’ Ka’rimdi tu’sindiriwge bag’i’shlang’an kitaplardi’n’ baspadan shig’ari’lg’anli’g’i’, Ramazan ha’m Qurban hayiti ku’nlerinin’ ha’m Nawri’zdin’ uli’wma xali’qli’q bayram si’pati’nda ni’shanlani’wi’ milliy qa’diriyatlari’mizg’a u’lken itibar bergenliginin’ gu’wasi bolamiz.

Prezidentimiz Islam Karimov wo’zinin’ «Tu’rkstan» gazetasi’ xabarshi’si’ni’n’ sorawlari’na bergen juwaplari’nda: «…biz adamlardi’n’ pikirlerin bayi’ti’w, woni’ jan’a ma’ni ha’m mazmun menen bayi’ti’wdi’n’ ta’repdari’mi’z» – dep ko’rsetkenindey bu’gingi ku’ni Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’deniyati’ ha’m ruwxi’y turmi’si’nda keleshek a’wladlari’mi’zg’a ruwxi’y jaqtan xi’zmet etetug’i’n iygilikli isler islendi.

1998-ji'l O'zbekstan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' 22-maydag'i' qarari' menen qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' tiykari'n sali'wshi'lardi'n' biri Berdaq (Berdimurat) G'arg'abay uli'ni'n' 170 ji'lliq merekesi pu'tkil O'zbekistan ko'leminde belgilendi ha'm paytaxtimiz No'kis qalasi'nda Berdaq ati'ndag'i Qaraqalpaq universiteti qasi'nan Berdaq muzeyi sali'ndi'.

1999-ji'ldi'n' 19-avgusti'nda O'zbekstan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' «A'jiniyaz Qosi'bay uli'ni'n' tuwi'lg'an ku'ninin' 175 ji'lli'g'i'n belgilew haqqi'nda» №389-sanli' qarari ja'riyalandi'. Usi'g'an sa'ykes 1999-ji'ldin' 18-dekabr'inde A'jiniyaz Qosibay uli'ni'n' 175 ji'lli'g'i' saltanatli' belgilendi.

«Alpamis» da'staninin' 1000 ji'llig'in wo'tkeriw boyi'nsha Qarqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi ta'repinen O'zbekistan Ministrler Kabinetinin' qarari'na tiykarlani'p, 1998-ji'li' 17-fevralda 43/2 sanli' qarari' qabi'l etildi.

Qaraqalpaq a'debiyati'nda Shi'g'i's xali'qlari'ni'n' epikali'q do'retiwshilik u'lgileri arasi'nda a'hmiyetli wori'n tutatug'i'n «Alpamis» da'stani'ni'n' 1000 ji'lli'g'i' o'tkeriliwi, «Tu'rkstan uli'wma u'yimiz» urani'ni'n' nishani' boli'p tabi'ladi'.

G'a'rezsizligimiz sharapati' menen babami'z A'mir Temur, Mirza Ulig'bek, Babur mi'rzalardi'n' atlari' qayta tiklendi. Wolardi'n' atlari'na parkler, ko'sheler, qiyabanlar qoyi'li'p tuwi'lg'an sa'neleri uli'wma xali'qli'q bayram si'pati'nda ni'shanlandi'. Abdulla Qadiriy, Sholpan, Fitrat, Usman Nasir, Bexbudiy ha'm basqalardi'n' atlari' tiklendi. Qatag'anli'q ji'llari'nda milletimiz g'a'rezsizligin ta'miyinlew joli'nda qurban bolg'an xalqi'mi'zdi'n' su'yikli ullari'nin' mu'ba'rek atlari'n ma'n'gilestiriw maqsetinde Watani'mi'z paytaxti' Tashkent qalasi'nda shahidler qiyabani' bunyad etildi. Prezidentimiz I.A.Karimovti'n' pa'rmani' menen 9-may ku'ni yeske tu'siriw ha'm qa'dirlew ku'ni dep belgilenip, Watan ushi'n, o'zbek xalqi'ni'n' azatli'g'i' ushi'n jan bergen sheyitlerdi yeslew ha'm qa'sterlewge bag'i'shlang'an esteliklerdin' No'kis qalasi'nda da ha'm respublikani'n' barli'q rayonlari'nda wornati'li'wi'

xali’qta u’lken ruwxlani’wshi’li’q tuwdi’rdi’ ha’m keleshegine u’lken isenim payda yetti.

Sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ aymag’i’nda buri’n awi’zg’a ali’wg’a qorqatug’i’n yerkinlik ha’m g’a’rezsizlik ushi’n gu’resken Erejep biy, A’bdija’liy maqsi’m, O’tesh bati’r h.t.b. yel perzentlerinin’ ati’ tiklenip xali’qti’n’ kewlin tolti’rdi’.

Uzaq tariyxi’mi’z, bay ma’deniyati’mi’zdan guwali’q beriwshi Xiywa ha’m Buxara qalalari’ni’n’ 2500 ji’lli’q toylari’ 1997-ji’li’ saltanatli’ bayramlandi’.

Xalqi’mi’zdi’n’ ulli’ qaharmanlarinin’ biri yesaplang’an Jalalatdin Manguberdinin’ 800 ji’lli’g’i’, 2001-ji’li’ u’lken miyrasi’mi’z yesaplang’an Avestoni’n’ 2700 ji’lli’g’i’, 2002-ji’lda Termiz qalasi’ni’n’ 2500 ji’lli’g’i’ ni’shanlandi’.

G’a’rezsizlik ji’llari’ ruwxi’yli’g’i’mi’zdi’n’ a’hmiyetli buwi’ni’ yesaplang’an ta’lim ha’m ta’rbiya dizimine milliy ruwx bag’i’shlawda bir qatar isler a’melge asi’ri’ldi’. A’sirese Prezidentimizdin’ «Bilimlendiriw haqqi’nda Ni’zam», «Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’» ha’m «Sag’lom avlod dastu’rinin’» qabi’llani’wi’ milliy ruwxi’yli’g’i’mi’zdi’n’ rawajlani’wi’nda, ma’mleketimizdin’ keleshekte rawajlang’an ma’mleketler qatari’nan mu’na’sip wori’n iyelewinde, milletimiz abiroyi’ni’n’ asi’p bari’wi’nda wog’ada a’hmiyetli qa’dem boldi’. Islengen jumi’slar ruwxi’y miyrasi’mi’zdi’ wo’zlestiriw, milliy wo’zligimizdi an’law ha’m basqa da ko’plep ruwxi’y turmi’si’mi’zda a’melge asi’ri’lg’an wo’zgerisler g’a’rezsizligimizdin’ jemisi yesaplanadi’.

Milliy ruwxi’y tikleniw bari’si’nda Prezidentimiz ta’repinen a’melge asi’ri’lg’an a’hmiyetli teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyetke iye bolg’an isler to’mendegi ilimiy ta’repten, jan’a teoriyali’q kontseptsiya jarati’lg’anli’g’i’n ko’rsetedi. Wolardan: a) Milliy ruwxi’y tikleniwimizdin’ ilimiy teoriyali’q kontseptsiyasinin’ islenip shig’ilg’anlig’i ha’m keleshekte ruwxi’y rawajlani’wi’mi’zdi’n’ XXI a’sirdegi wazi’ypalari’n belgilep bergenliginde;

b) Milliy ruwxi’y tikleniwdin’ ma’mleketimizdin’ totalitarizmnen demokratiyali’q ja’miyetke wo’tiw jag’dayi’ndag’i’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerinin’ ilimiy tiykarlap berilgenligi ha’m woni’n’ milliy sotsialli’q, ruwxi’y sanada yemes soni’n’ menen birge uli’wma sotsialli’q, filosofiyali’q woy-pikirdin’ rawajlani’wi’nda jan’a bag’dardi’ baslap bergenligi menen de xarakterlenedi.

## Paydalang'an a'debiyatlar


1. Karimov I.A. Yuksak ma'naviyat-engilmas kuch. T., Ma'naviyat, 2008

2. Bozorboev J., Davlatova Q. Odobnoma. Nukus., «Bilim» 1994

3. Bazarbaev J. Ruwxi'yati'mi'z marjanlari'. No'kis «Bilim» 2008

4. Bazarbaev J. Milliy ideya jol ko'rsetiwshi juldi'z. N. Qaraqalpaqstan., 2011

5. Boynazarov F. Jahon adabiyoti. T., Musiqa , 2006

6. Mambetov K. Shi'g'i's a'debiyati' tariyxi'. No'kis «Bilim»., 1993

7. Qabusnoma. Qalila ha'm Dimna. No'kis, Qaraqalpakstan, 1991

8. Odob bo'stoni' va axloq gulistoni. T., Fan, 1994

9. G'oyaviy himoya. T., 2008

10. Ruwxi'yli'q tiykarlari'. No'kis, Qaraqalpakstan, 2009

11. Jamiyatni isloh qilish yo'lida. T. Sharq., 1998

12. Yuksak ma'naviyat - barkamol avlod asosi. (I.A.Karimovning «Yuksak ma'naviyat - engilmas kuch» nomli asari bo'yicha respublika ilmiy-amaliy konferentsiya materiallari) Nukus., Qoraqalpog'iston., 2010

13. Ma'naviy yuksalish yo'lida. T. Ma'naviyat, 2008

14. Al-Farabiy. A'leumettik-etikaliq traktattar. Almati, G'ilim, 1975

15. Makkamov U. Axloq-odob saboqlari. T.Fan., 1994

16. Vatan tuyg'i'si'. T.O'zbekiston. 1996

17. Sharifxojaev, Z.Davranov. Ma'naviyat asoslari. 2005